# МАХ ДУГ



# ЦÆУДЗЫНÆН ТА МÆ ДАРД БАЛЦÆЙ НÆХИМÆ...

**8**

**2025**




*Æз дæм цæрæнбонты цæуын, Зæхх.*
*ЧЕДЖЕМТЫ Геор*

# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Шеф-редактор – Диана АЛБОРОВА
Редактор отдела прозы – Юрий ГАБАРАЕВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Борис ХОЗИЕВ, Станислав КАДЗАЕВ,
Клавдия ДЖУСОЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА,
Руслан БЗАРОВ, Зелим ВАТАЕВ

Владикавказ,
2025

# МАХ ДУГ

**8**
2025

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ



**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Шеф-редактор – ÆЛБОРТЫ Дианæ
Прозæйы хайады редактор – ГÆБÆРАТЫ Юри
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
ХОЗИТЫ Барис, КЪАДЗАТЫ Станислав,
ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ,
БЗАРТЫ Руслан, УАТАТЫ Зелим



Дзæуджыхъæу,
2025

# НОМЫРЫ ИС:

**ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ** ........................................ 5

**ЧЕДЖЕМТЫ Геор: 85 АЗЫ**

ЧЕДЖЕМТЫ Геор. Амондджын уалдзæг æмæ æнкъард фæззæг. *Æмдзæвгæтæ* ........................................ 8

ЧЕДЖЕМТЫ Геор. Ард. *Уац* ........................................ 11

ДЗУЦЦАТЫ Зæлинæ. «Тæхуды, нæ Иры дзыллæйæн исты хорзы бацу…» *Уац* ........................................ 38

**«МАХ ДУГ»-ы РАВДЫСТ**

**ПОЭЗИ**

ХУЫБИАТЫ Зауыр. Бафтау ма мыл, о мæ мад, дзуæрттæ. *Æмдзæвгæтæ* ........................................ 40

БАСИТЫ Зæлинæ. Сæрыстыр дæн нæ номдзыд лæгты фарнæй ...... 53

**ПРОЗÆ**

АБАЙТЫ Эдуард. Адæймаг æмæ æрдз. *Радзырдтæ* ........................................ 60

ГÆБÆРАТЫ Юри. Фыдбоны фос. *Радзырд* ........................................ 76

**АИВ ДЗЫРДЫ ХÆЗНАДОН**

ГУСАЛТЫ Барис. Дзырд-Хуыцау дугæй дугмæ ........................................ 86

**АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН**

МАМИАТЫ Изетæ. Героикон сгуыхт æмæ намыс. *Уац* ........................................ 117

**БАКÆСÆМ НÆ ХУРТЫ ХУРТÆН**

ЧЕДЖЕМТЫ Геор. *Аргъæуттæ* ........................................ 126

**ФЫДÆЛТЫ ХАБÆРТТÆ** ........................................ 132

**АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД**

Хæйрæджыты хабæрттæ ........................................ 140

**МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ** ........................................ 143

# ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ



## МАДÆЛОН ÆВЗАГ – УДВАРНЫ ХÆЗНАТЫ БЫНДУР

Царды æнгом баст сты, ирон адæм ирон цæмæй сты, бирæ уыцы æмбарынæдтæ. Иууылдæр иумæ та аразынц нæ удварны хæзнаты бындур.

Мæхæдæг этнолог дæн æмæ, зонады ацы къабазыл дзургæйæ, зæгъдзынæн, абоны онг дæр нын бирæ цымыдисаг хабæрттæ кæй æргом кæны нæ ивгъуыд, нæ абон æмæ фидæны тыххæй. Хъыгагæн, информаторты нымæц зæрдæйы фæндиаг нал у, хъæутæ федзæрæг сты, æмæ хистæр фæлтæры минæвæрттимæ фембæл, сæ таурæгътæ, цардыуаг æмæ алы æгъдæуттимæ баст хабæрттæ фæфысс, уый гæнæн Ирыстоны Хуссар æмæ Цæгаты дæр арæх нал вæййы. Фæлæ уæддæр уыцы хæзнатыл уд æмæ зæрдæйæ хæст адæмы хъæуы агурын, æмæ арфæйаг у, кæй нæм ис ууыл архайæг ахуыргæндтæ.

Мæ ныхас ууыл у, æмæ фехъусæн вæййы, Калоты Барисы, Уарзиаты Вилены, Цыбырты Людвиджы фæстæ ма этнографийы ногæй зæгъæн цы ис, зæгъгæ. Ис зæгъæн, цымыдисаг хабæрттæ раргом кæнынмæ куы тырнай, уæд!

Уыцы хæзнатæ нæ цæмæй цымыдис кæной, ног æмæ сæ ног фæлтæртæм дæттынхъом уæм, уый тыххæй та нæ цæрын хъæуы Мадæлон æвзаджы планетæйыл. Ома ирон æвзаг нæ цардæй æддæдæр ма кæна,

ӕнкъарӕм ӕй ӕмӕ йын аргъ кӕнын зонӕм. Йӕ ахуыр кӕнынӕн абон уавӕртӕ ис. Бинонтӕй ӕмӕ хӕдзӕртты кӕртытӕй куы хъуыса, уӕд кӕддӕриддӕр рӕзты фӕндагыл лӕудзӕн, ӕмӕ уыцы хъуыддагмӕ бавӕрӕн хӕссын нӕ алкӕй бон дӕр у. Уыимӕ рох кӕнӕ, арӕх кӕмӕй нал пайда кӕнӕм, уыцы дзырдтӕ дӕр фӕстӕмӕ цардмӕ здахгӕйӕ. Ма ‘фсӕрмы кӕнут иронау дзурын, хорз куынӕ арӕхсат, уӕд дӕр. Фӕлтау фӕрӕди, ӕмӕ дӕ исчи бараст кӕнӕд, ӕмӕ уый фӕстӕ сарӕхсдзынӕ!

Мӕхӕдӕг Казахстаны райгуырдтӕн, ӕмӕ мӕ ныййарджытӕ Ирыстонмӕ сыздӕхтысты, фондз азы мыл куы цыд, уыд. Афӕдзмӕ сахуыр дӕн иронау дзурын, уымӕн ӕмӕ цы ме ‘мгӕрттӕ, цы нӕ сыхӕгтӕ иууылдӕр дзырдтой иронау.

Абон Антальяйы сӕргълӕууӕджы хӕдивӕг у туркаг ирон, ӕмӕ, йемӕ чи ныхас кодта, уый зӕгъы, ирыстойнӕгтӕй хуыздӕр кӕй дзуры иронау. Уымӕн махӕй хуыздӕр гӕнӕнтӕ ӕмӕ уавӕртӕ ис ӕвзаг ахуыр кӕнынӕн, бинонты ‘хсӕнӕй йӕ куынӕ исид, уӕд?! Уӕдӕ ӕвзаг нӕ истори ӕмӕ культурӕимӕ дӕр баст у, ӕмӕ дӕ, искуы уӕвгӕйӕ, уыдӕттӕй куы бафӕрсой, уӕд хъуамӕ радзурынмӕ цӕттӕ ма уай?

Советон дуджы мӕ мадыфсымӕр Украинӕйы цард ӕмӕ ахуыр кодта. Краматорскмӕ сӕ практикӕмӕ куы арвыстой, уӕд ӕй уым сӕ разамонӕг бафарста, кӕцӕй дӕ, зӕгъгӕ. Ирон у, уый фехъусгӕйӕ, йӕ цинӕн кӕрон нал уыд: «Къоста? Ӕз ын йе ‘мдзӕвгӕтӕ уырыссагау кастӕн, фӕлӕ, цымӕ, иронау та куыд зӕлынц? Бакӕс-ма дзы иуцалдӕр!» Ӕмӕ зӕрдӕскъӕфт фӕци: «Диссаджы рӕсугъд, алӕмӕттаг зӕлтимӕ ӕвзаг!»

Хӕрз ӕрӕджы мӕм уазӕгуаты уыдысты, Норвегийы рагӕй чи цӕры, ахӕм ирон бинонтӕ. Сӕ сывӕллон уым райгуырд, Ирыстонмӕ фыццаг хатт сӕмбӕлд, ӕмӕ йын диссагӕн баззад. Гъемӕ мӕ цуры йӕ ныййарджыты фӕрсы: «Цӕуылнӕ мын амонут ирон ӕвзаг та? Тынг мӕ фӕнды йӕ базонын!»

Мӕнӕн ма мӕ хъысмӕт афтӕ дӕр рауад, ӕмӕ ахуыргонды куыстимӕ архайын журналистикӕйы дӕрц. Уый мын дӕтты фадат зонад ӕхсӕнады парахат кӕнынӕн, ӕмӕ уымӕй мӕхи амондджын хонын. Уӕдӕ ма фӕсивӕдимӕ дӕр кусын, сӕ тырнӕнтӕ ӕмӕ цардӕмбарынад сын ӕнкъарын ӕмӕ зӕгъын: зынаргъ сын у сӕ мадӕлон ӕвзаг, фӕнды сӕ сӕ райгуырӕн Ирыстонӕн исты хӕрзты бацӕуын. Фадӕттӕ та сын хъуамӕ мах, хистӕртӕ, аразӕм.

*ХЪУЫЛЫМБЕГТЫ Роберт,*
*Хуссар Ирыстоны Уанеты Захары номыл зонадон-иртасӕн институты этнологийы хайады сӕргълӕууӕг*

# ЧЕДЖЕМТЫ ГЕОР: 85 АЗЫ



**(1940 – 2017)**

*Чи зоны, сымахæй исчитæ амонд æндæрхуызон æмбарынц, фæлæ мæнæн иунæг фæлмæн ныхас дæр æгъгъæд у тынг амонддæжын уæвынæн.*

*ЧЕДЖЕМТЫ Геор*

# АМОНДДЖЫН УАЛДЗÆГ ÆМÆ ÆНКЪАРД ФÆЗЗÆГ

*Мыхуыргонд цæуыныц фыццаг хатт*

* * *

Цæй, сау чызг, дæ фæндыр та рахæсс,
Æнæ сразы уæвгæ дын нæй.
Мæ сау цæстыхаутыл та рахъуызыд сагъæс,
Æрцæгъд мын ирон фæндырæй!
Йæ цæссыг куыд кала дæ фæндыр,
Куыд риза мæ дадзинты туг.
Цæй, сау чызг, æви дæ нæ фæнды
Мæ сагъæстæй бауон хуыдуг.
Мæ сагъæс, мæ катай цы давы?!
Дæ фæндыр, дæ фæндыр æрис.
Мæн ахсæв мæ бæллиц нæ тавы,
Æмæ мын фæрæдийæн ис...
...Цæй, сау чызг, лæгъстæ мæ ды домыс?
Æнæ сразы уæвгæ дын нæй.
Æнкъард цагъд... Æнкъарддæр цы зоныс,
Уый ма басусæг кæн мæнæй...

* * *

Ды мæн нæ мысыдтæ,
Загътай?
Мæ фендмæ нæ бæллыдтæ,
Загътай?
Æз дын æцæгæлон дæн,
Загътай?
Æз дæ удхæссæг дæн,
Загътай?
Уæд дæ цæстытæ доны цы зилынц,
Уый мын куынæ
Загътай...

* * *

Арвыл ысфæлмæцыд иунæгæй мæй,
Мигъы тæнæг фæлмы тайы.
Хæхты уæндондæр æй худæнбынæй
Сайы йæ хъæбысмæ, сайы...
Ризы æнкъард æхсæв... Радымы хохæй...
Хуыссæг мæ ахсы,
Стæй н‘ ахсы...
Уазал хуыссæны та, оххай,
Чи хуысдзæн иунæгæй ахсæв!..

* * *

Миты гæлæбутæ
Зырзыргæнгæ
Абадынц
Дæ зынгхуыз былтыл.
Абадынц.
Атайынц.
Амæлынц.

Тæхудиаг зырзыраг урс гæлæбутæ!
Уыдон амæлынц
Зынгхуыз былтыл.

## АМОНДДЖЫН УАЛДЗÆГ ÆМÆ ÆНКЪАРД ФÆЗЗÆГ

Уый уыди амондджын уалдзæг:
Кастæн-иу дæ сау дзыккутæм
Æмæ уыдтон сæрдыгон тар æхсæв.
Кастæн-иу дæ урс хъуыртæм
Æмæ уыдтон ивылгæ мæйрухс.
Кастæн-иу дæ хæмпус былтæм,
Æз та уыдтон ризгæ сæуæхсид...
Ныр кæсын сæрдыгон тар æхсæвмæ
Æмæ мысын дæ сау дзыккутæ.
Скасти мæй, æмæ мын ивылгæ мæйрухс

Æрхаста йемæ дæ урс хъуырты мысинаг.
Тагъд арвгæрон ссудздзæн сырх сæуæхсид –
Дæ сæууон урс цæсгомыл сырх мидбылхудт.

* * *

Нæ зонын, уарзын дæ... нæ уарзын,
Æви мæ зонд фæцыд дæ батæй...
Гъе уый мæ сусæг мæт, мæ азым,
Гъе уый мæ дæлдзæхæмбæхст катай.
Нæ хъæу фæсæхсæвæр куы ‘рхуыссы,
Уæд æз нæ къахвæндаг ыссарын,
Мæ цæссыг уадултыл æрхъуызы,
Æмæ ныллæг хъæлæсæй зарын,
Нæ зонын,
Уарзын дæ
Æви нæ уарзын…

*ЧЕДЖЕМТЫ Геор*

# АРД

*Уац*

*«Истина – лучшее благо».*
*Авеста*

Рагон бердзенæгтæ, чынтæ, сомих, гуырдзы æмæ æндæр адæмтæ сæ фæстæ ныууагътой фысгæ хæзнатæ – чингуытæ. Махæн ахæмæй ницы ныууагътой нæ хорз фыдæлтæ. Нæ сæ равдæлди: сæ бæхрæгъæуттæн сатæг хизæнтæ агуырдтой, сæ саусæр фысты æлвынгæ кодтой, сæ сагсур фæсивæд хæтæнты зылдысты...

Фæлæ нын цы ныууагътой, уый – нæртон таурæгътæ, нæртон æвзаг. Йæ алы дзырд дæр, æвæдза, йæхæдæг чиныг у. Æрмæст æй фæрсын зонын фæхъæуы. Бафæрс æй, бакæс æй, æмæ дын рагон хабæрттæ радзурдзæн фыдæлты хъæлæсыуагæй.

Уыцы дзырдтæй иу – арвы къæрцъцъау цыбыр дзырд *ард*. *Ард* – ирон дзырдты фæтæг, ирон дзырдты нæрæмондæр. Кæд искæцы дзырд адæмы ‘хсæн кад æмæ радимæ фæцарди мингай азты дæргъы, уæд уый у рагон нæртон дзырд *ард*. Фæцарди, зæгъгæ та уымæн зæгъын, æмæ, ацы дзырд абон ирон æвзаджы цы цардæй цæры, уый ма, цымæ, цард рахонæн ис? Йæ нæргæ заманты аргъуыц кæмæй кодтой, йæ цæстыты ферттывдæй арвы талынгты кæмæн лыгъдысты æмæ ныр йæ зæронды къуырма бонтæ мæгуырæй чи ‘рвиты, ахæм лæджы цардæй рацарди фыдæлтыккон дзырд *ард*.

Æвæдза, царды æнæивгæ ницы ис. Йæ зæлгæ хуыз аивта *ард* дæр. Зæлгæ хуыз ма диссагæн ма фæуæд, фæлæ йæ мидис, йæ кад дæр сæ бынаты нал сты. «Ирон-уырыссаг дзырдуат»-ы кæсæм: «ард – клятва, присяга». Кæд æмæ, иугæр, *ард* уырыссагау клятва у, уæд, цымæ, *ардхæрд* та цы хъуамæ уа? Уæдæмæ *ард хæрын* уырыссагау хъуысы «клясться», «клянусь», *ардхæрд* та у «клятва». Фæлæ цæмæйдæриддæр газеттæ æмæ чингуытæ сæ «куыст» бакодтой: *ардхæрды* бынат æрцахста *ард* æмæ йæ равзæрды фæдтæ Нарты сау рувасау бынтондæр бамбæхста дзырдамонгæ ахуыргæндтæй.

Уæвгæ *арды* равзæрды фæдтæ раджыйæ-раздæр фесæфтысты. Мин азы размæ дæр адæм бæрæг-бæлвырдæй нал зыдтой, *ард* цы у, стæй йæ

«хæргæ» *(ард хæрын)* цæмæн кæнынц, уый. Æниу «мин азы размæ», зæгъгæ, æгæр гыццыл загътон, æвæццæгæн, V æнусы бердзенаг фыстытæй куыд рабæрæг, афтæмæй хъырымаг сахар Феодосия бынæттон алантæ хуыдтой Ардабда, бердзенаг æвзагмæ тæлмацæй – Эптадеос, ома Авд хуыцауы кувæндон кæм ис, уыцы сахар.

Махæн ныр, XX æнусы цъуппæй ракæсгæйæ, æнцондæр бамбарæн у рагон хъырымаг сахары алайнаг ном: *Ард + авда*, абоны дзырдарæзтæй та – *Авд арды* кувæндоны сахар. Уæдæ нæ бон у фидарæй зæгъын: V æнусы цæрæг хъырымаг алантæ *Ард (Арда)* хуыдтой Хуыцау, дзуар. Æз ам ногæй мисхалы бæрц дæр ницы загътон – ацы хъуыдымæ раджы æрцыдысты Æлборты Барысби æмæ Абайты Васо сæ иртасæн куыстыты, Агънаты Æхсар дæр ыл тынг арæх (æмæ æгайтдæрма!) дзуры иронау йæ бирæ уацтæ æмæ чингуыты. Æмæ дзы, æвæдза, мæ ныхас æппындæр нал хъæуид, фæлæ, XV æнусы сæрты цы ныв бафиппайдтон, уый зæгъинаг дæн: V æнусы цæрæг алантæ дæр æххæстæй, бæрæг-бæлвырдæй нал зыдтой, ард йæ равзæрды заман, тæккæ райдианы цы амыдта, уый. Ацы ныхас мын «æрра барæг – донысгарæджы» мийау ма рауайæд: фынддæс æнусы сæрты акæсын уанцон хъуыддаг нæу. Фæлæ ацы ран нæ ныхас фæуыгард кæнæм, цæмæй йыл фæстæдæр йæхи бынаты бæлвырддæр æмæ бинонытдæрæй æрдзурæм. Ныр та уал хæстæгдæр замантыл афæлгæсæм, нæ иртасинаг дзырды алыварс къахвæндæгтæ басгарæм æмæ сæ зæрæстоны хæмпæлæй асыгъдæг кæнæм...

Ивгъуыд æнусы цæрæг зындгонд этнограф Николай Берзенов сахуыр кодта ирæтты цардыуагон æгъдæуттæ æмæ дины бæрæгбæттæ. Ирæттæ ард куыд хæрынц, уымæ дæр йæ хъус æрдардта æмæ 1850 азы газет «Кавказ»-ы фыста: «Нужно сказать читателю, что осетины кроме луку иногда «едят огонь», т.е., говоря эту фразу, они желают выразить, что слова их правдивы, что они не лгут, что они, если кто пожелает того, могут «есть огонь», и огонь не обожжет их рты...»

Цæвиттон, Берзеновмæ гæсгæ, ирæттæ хъæдындз куыд хæрынц, афтæ æнцонæй хæрынц зынгтæ æмæ æхсидæвтæ дæр. Берзенов æууæнкджын этнограф уыдис æмæ йын ирæттæ ардхæрды хабар куыд бамбарын кодтой, афтæ йæ ныффыста.

Нæ фыдæлтæ «зынгхор» кæй уыдысты, уый тыххæй ма иу цæвиттон. Историон зонæдты доктор Кокиты Георги йæ уац «Нормы осетинской морали», зæгъгæ, уым фыста: «Принесение клятвы осетины называли «арт бахуарун», что значит в буквальном смысле «съесть огонь».

Ард хæргæйæ фыдæлтæ цы хордтой, уый тыххæй æндæр хъуыдытæ ис Агънаты Æхсармæ: «Нырыккон ирон мивдисæг *ард хæрын* та баст у бæлвырд архайдимæ: дыууæ адæймаджы-иу кæрæдзийæ æфсымæртæ куы загътой, уæд-иу бахордтой сыджыт кæнæ æндæр исты».

Æхсар йæ хъуыды бафидар кæныны тыххæй цæвиттон æрхаста Нарты кадджытæй: «Батрадз сыджытæй ард хæры æмæ йæ дзыхы сыджыты къæртт баппары». Ома адæймаг ард цæмæй хæры, уымæй ацаходы. Ацы хъуыды Æхсармæ бафтыди Васойы Дзырдамонгæ чиныгæй: «...поедается предмет, которым клянутся». Уыцы хуызы йæ амоны филологон наукæты доктор Гæбæраты Никъала дæр: «Нæ фыдæлтæ ард цæмæй хордтой, уый-иу сæ дзыхы бакодтой, «хордтой» йæ. Ард арæх (?) хордтой сыджытæй, æмæ-иу уæд сæ дзыхы бакалдтой сыджыт».

Ардхæрды ацы фæтк æцæг куы разынид, уæд ирон лæгыл мæгуыры бон акæнид: зынгтæ æмæ сыджыты «къæрттытæй» дарддæр ма йæ хæрын бахъуыдаид, Æхсары загъдау, «æндæр исты». Дзырдæн зæгъæм, йæ Хуыцауы хай («Хуыцауыстæн»), йæ фыды рихи («Мæ фыды рихийыстæн»). Уæдæ ирон пысылмæтты та Хъуыраны чиныгæй акомдзаг кæнын бахъæуид («Мæзджыты хъуыранардыстæн»). Æмæ ма чиныджы сыф ахæрын уадиссаг нæу, фæлæ ард къуымбилæй чи бахæра, «мæнæ ацы къуымбилардыстæн», зæгъгæ, уый та, мæгуыр йæ бон, цы хуртæ уындзæни?

Фæстаг заманты ирон адæм сæ рагфыдæлты фæрныг митæ байрох кодтой, кувын дæр нал зонынц: арвмæ расыг хъæртæ байдайынц – уый дæр нын ратт, уый дæр нын балæвар кæн, уыцы хорздзинад дæр нын сараз, мах та дын дзаг фынгты уæлхъус дæ ном ардзыстæм цъæх арахъхъы нуазæнæй.

Уæдæ сомытæ кæнын, ард хæрын дæр рагæй нал зонæм. Æмæ уый адæмы аххос нæу: мадæлон æвзаг æмæ фыдæлты æгъдæуттæ цас хъыгдард баййафынц царды ног уавæрты, уыйас мæгуырæй-мæ-

гуырдæр кæны адæмы зæрдæ. Рох кæнынц кувыны, арфæты, ардхæрыны æмæ æндæр фыдæлтыккон дзургæ хæзнатæ.

Раздæр-иу арæх фехъуыстон ардхæрды зæрдиаг ныхас: «Мæ фыды цæсгомыстæн!» Мæхинымæр-иу дис кодтон – фыды цæсгомæй ард хæрæн куыд ис? Фæлæ йæ фæстæдæр бамбæрстон: фыдæлтæ ард хордтой сæ ныййарджыты ингæнтæй дæр: «Мæ мад, мæ фыдыстæн», «Мæ судзгæ мæрдтыстæн». Ард хордтой уæлмæрдты цырты цæсгомæй дæр: «Мæ фыды цырты цæсгомыстæн», фæлæ ардхæрды джиппæй иу дзырд ахауд, æмæ йæ дзурын райдыдтой цыбыргондæй: «Мæ фыды цæсгомыстæн».

Кæнæ æндæр диссаг: æрæджы дæр ма ирæттæ ард хордтой сæ чындзытæй. Бирæ сæ кæй уарзтой, буц сæ кæй дардтой, уый тыххæй æмбисондæн баззад ныхас: «Иу чындзæн, дам, æдзух «дæуыстæн» («дестæн») кодтой, æмæ, дам, уый дæр йæхицæй сомы кæнын райдыдта».

Лæгæн зынаргъ цы адæймаг уыдаид, уымæй ард хордта. Дзырдæн зæгъæм, Елбыздыхъо 1910 азы фыста йæ фидæны бинойнагмæ: «Дæуыстæн (зоныс, цас сомы у уый), нæ дзы тæрсын!», ома низæй. Ноджы ма, лæг кæимæ ныхас кодтаид, уый йын зынаргъ адæймаг куы уыдаид, уæд-иу, уæвæн ис, æмæ уый номæй дæр ард бахордтаид: «Дæ номардыстæн!»

Ардбахæрды ацы ныхæстæ дæр рагфыдæлтæ дзырдтой иугыццыл æндæрхуызон: «Хуыцау, дæуыстæн!» æмæ «Хуыцау, дæ номардыстæн!» Фæлæ рагон мæсгуытæй дуртæ куыд рафтынц, афтæ фыдæлтыккон рагон ныхæстæй кæцыдæр дзырдтæ ахауынц, æмæ уæд аивынц сæ хуыз æмæ суанг сæ мидис дæр. Æмæ сæ ног фæлтæртæ ног хуызы æмбарын райдайынц: «Дæуыстæн!» «Дæ номардыстæн!»

Ацы ран мæ зæрдыл æрлæууыдисты зарæджы ныхæстæ:

*Æдзух дæ номæй ард хæрын,*
*Уæддæр, уæддæр мæ ды не 'мбарыс.*

Кæнæ иу поэт фыссы: «Мæ туг æмæ мæ цонгæй ард хæрын...» Иугæр нæм ныхас рауади, фысджытæ ард куыд «хæрынц», уый тыххæй, уæд ма мæнæ иуцалдæр цæвиттоны: «Ард бахордтой урс æхцайæ». «Дæуæй ард хордтой хистæртæ» (ома уæхстæй. – Ч.Г.), «Ард дын хæрын урс зачъейæ», «Мæ фæндыры хъисæй хæрын дын æз ард»,

«Хæрын стъалытæй ард» (ацы цæвиттонтæ рафыстон Гæбæраты Никъалайы газетон уацæй. Никъала хъæздыг æрмæг бацæттæ кодта *арды* тыххæй, æмæ дзы Хуыцау сразы уæд).

Куыд уынæм, афтæмæй бирæ цæмæйдæрты райдыдтам ард хæрын: номæй, цæсгомæй, туг æмæ цонгæй, урс æхца æмæ урс зачъейæ, уæхст æмæ фæндыры хъисæй, стъалытæй... Æвæдза, диссаг уаид: стъалытæй ард бахæр æмæ иу гыццыл стъалы дæ дзыхы баппар («...поедается предмет, которым клянутся»).

Иу цыбыр ныхасæй, нæ рагон фыдæлтæ ард куыд хордтой æмæ абоны ирон адæмы фæлтæртæ куыд сомытæ кæнынц, уыдоны 'хсæн ис бирæ быдыртæ, арв æмæ зæххау сты дард. Æмæ бонæй-бонмæ кæнынц дарддæр. Уый та уымæн афтæ у, æмæ фыдæлтыккон дзырдты мусуат у сыгъдæггæнинаг, дымгæмæ даринаг: цæмæй хоры нæмгуытæ асыгъдæг уой хæмпæлæй, рæстæджы зыгуым æмæ мæгъæлдайæ...

Фыдæлтыккон дзырдтæ махæн сты цæстдаринаг, иртасинаг æмæ цæмæйдæриддæр рæвдауинаг. Уыцы дзырдты нæрæмондæр (ногæй та йæ зæгъон) ирон дзырдты фæтæг *ард* (дыгуронау *арт*) рохуаты, хъæлæкк, нæ баззади, бæргæ йæ фæцис амонд æвзагиртасджыты цæстæнгасæй дæр, фæлæ... Абон дæр бæрæг нæма у, ард цы уыди, фыдæлты зæрдæйы цы цардæй царди, уый. Диссаг та куыннæ у: иуæй дзы тæрсгæ кодтой адæм («Ард дæ фæдыл æфтыд уæд!», «Ард – дæ къонайы!»), иннæмæй та йæ хæргæ кодтой («Ард бахордта»). Æмæ уымæ гæсгæ æнцон бамбарæн у ирон ахуыргæндты дис: «Цы у *ард* æмæ куыд хæргæ у? Исты дзул у кæнæ æндæр хæринаг?» (Гæбæраты Никъала). «Ирон æвзаджы дзырд *ард* мивдисæг *хæрын*-имæ баст цæмæн у, уый зын зæгъæн у» (Агънаты Æхсар).

Ирон дзырды равзæрды тыххæй ныхас куы рауайы (арæх быцæу ныхас дæр), уæд быцæугæнджытæн фæстагмæ баиу вæййы сæ цымыдис: цымæ, Васо та куыд хъуыды кæны, Васо та цы зæгъы?

Æмæ, æцæгæйдæр: цавæрфæнды ирон дзырды равзæрдыл дзургæйæ дæр, нæ номдзыд ахуыргонд цы зæгъы, уый рæгъмæ хæссинаг у. Уæдæ цы зæгъы Васо нæ рагфыдæлты стыр дзырд *ард*-ы тыххæй? «Восходит к иран. *рта*, *арта*», – æнæ дызæрдыгæй зæгъы ахуыргонд.

Фæлæ «цы зæд-цы дуаг» уыди рагон ирайнаг *рта*, *арта*? Ацы

фарстæн дзуаплæвæрдау ахуыргонд йæ уацтæй иуы («Дохристианская религия алан») фыссы: «Семантическим ядром арийского *рта* является, по Людерсу, понятие правды, истины. Но *рта* было чем-то большим, чем наше понятие правды». *Рта*, *арта* – рæстдзинад, æцæгдзинад. Стæй хуымæтæджы зæххон рæстдзинад дæр нæ, фæлæ стырдæр, уæларвондæр. Васо йæ хоны, динон (магион?) нысаниуæг кæмæн ис, ахæм дзырд: «Это религиозное (магическое?) значение выступает в таких осетинских выражениях, как *Хуыцауы ард «ард бога», зæххы ард «ард земли», адæмы ард «ард народа», ард дæ баййафæд «Да постигнет тебя ард»* и др.

Ирон ардхæрды сæйрагдæр нысантæй иу æцæгдзинад базонын, рæстдзинад раргом кæнын кæй у, уый зæрдыл даргæйæ, чиныгкæсæг æнæ дызæрдыгæй æууæнды Васойы ныхæстыл. Æрмæст ацы ран иунæг фиппаинаг зæгъон: нæ фыдæлтæ, *адæмы ард*, зæгъгæ, нæ дзырдтой. Мах абон дæр расомы кæнæм: «Хуыцауардыстæн», «Зæххардыстæн», фæлæ нæй зæгъæн нæдæр «адæмардыстæн», нæдæр «дзыллæйардыстæн», нæдæр «хъæубæстæардыстæн»...

Чи зоны, ацы фиппаинаджы сæрты мадзурайæ ахизæн дæр уыдис, фæлæ иртасинаг дзырдæн цæмæйдæриддæр сахуыр кæнын фæхъæуы йæ цардыуаг: йæ цæуæнтæ æмæ йæ хæтæнтæ, йæ ивылæнтæ æмæ йæ азæлæнтæ. Æцæгæлон миниуджытæ йыл куы бафтауæм, уæд, æвæдза, æнцон арæдийæн у мæнг иртасæны фæсвæндагмæ. Æнæуи дæр *арды* райгуырæн дунемæ фæндагыл бирæ ис лабиринттæ – фæдфæливæнтæ.

Ныр та уал æнæ гуырысхойæ цæуæм Васойы равзæрст фæндагыл *арды* райгуырæн дунемæ... Рагон ариаг адæмтæ, уыдонимæ рагон персайнæгтæ дæр, зыдтой сæ фыдæлты дзуары ном *Арта*, аргъуыц дзы кодтой, куывтой йæм табутæгæнгæ. Ацы дзуары номæн рагон персайнæгты уазчиныг Авестæйы ис æндæр фонетикон фæлгонц – Аша, Аша Вахишта. Ахуыргæндтæ йын йæ комкоммæ мидис афтæ амонынц: «æппæты хуыздæр фæтк» («лучший распорядок»). Рагон ирайнаг мифтæ нын дзурынц, зæгъгæ, дунерафæлдисæг хуыцау Ахура-Мазда райдианы сфæлдыста æхсæз æнæмæлгæ дзуары, æмæ уыдонæй фыццаг уыди Воху-Мана, ома хорз хъуыды; уый фæстæ сфæлдыста Аша Вахиштайы – «Лучшая праведность, божество, олицетворявшее собой закон истины».

Цыбыр дзырдæй, Аша Вахишта кæнæ Арта Вахишта – уæлдай сæ нæй – уыдис Дун-дунейы фæткæвæрæг. Цæвиттон, хур афоныл скæсы, хур афоныл аныгуылы Арта Вахиштайы фарнæй. Уалдзæг, сæрд, фæззæг, зымæг кæрæдзи афоныл ивынц – уый дæр Арта Вахиштайы фарнæй. Адæм зæххыл цард аразынц, фосмæ зилынц, хуыцæуттæн нывæндтæ кæнынц, кувынц – æппæт дæр Арта Вахиштайы цæстдардæй. Ариаг лæгæн йæ сæры хорз хъуыдытæ æвзæры, зæрдиаг хорз ныхас кæны, арфæйаг хорз хъуыддаг аразы – алцыппæт дæр Арта Вахиштайы фæрцы... Фæлæ Дун-дунейы фыдбылыз Ахриман (Авестæйы – Анхра Манью) рафæлдыста диуты (дэвты) æфсад, æмæ хуыцаууарзон адæмтæн (артавантæн) хæссынц хинтæ, хъарынц низтæ, удхар... Уыцы диутæй иуæн йæ ном – Друг (Друдж), ома мæнг, мæнгдзинад. Цæмæйдæриддæр архайæг у адæмы сæ фарны хуыцау Ахура-Маздайæ фæхицæн кæныныл, алцыппæтæй архайы адæмы сайд æмæ мæнг фæндагыл бафтауыныл, сæ зæрдæты сын хæрам æмæ фыдæхы мыггæгтæ байтауыныл... Æмæ Дружы ныхмæ æвæллайгæ тох кæны Арта Вахишта. Адæмæн та хæссы æцæгдзинады, рæстдзинады рухс.

Æмæ æз Васойы хъуыды афтæ æмбарын: индоирайнаг Арта (æцæгдзинад æмæ рæстдзинады дзуар) уарзон уыди нæ рагон фыдæлтæн дæр, æууæнчы ныхас кæм хъуыди, уым арæх дзырдтой Артайы ном: «...значение «клятва» явилось, надо думать, результатом постоянного употребления этого слова в формулах клятвы».

Чиныгкæсæг зæрдæууæнкæй цæуы Васойы дзырдамонгæ фæндагыл, уырнинаг æм кæсы цæмæйдæриддæр ахуыргонды логикон хатдзæг. Кæд æмæ иугæр рагирайнаг Артайы мидис æцæгдзинад, рæстдзинад у, – хъуыды кæны чиныгкæсæг, – уæд ма цас бауырнинаг у, *Хуыцауы арта* (*Хуыцауы ард*) цы амоны, уый: Хуыцауы æцæгдзинад, Хуыцауы рæстдзинад. Фæлæ ацы ран сæвзæры ног фарст: ардхæрды фыдæлтыккон дзырд *Хуыцауардыстæн*-ы кæройнаг хай *стæн* та цы фарн хæссы фыдæлты дунейæ, цы дæтты хорзæй Хуыцауы æцæгдзинадæн? Ай тыххæй дæр Васо загъта йæ ныхас: «Возможна связь со словами *исть*, *истина*». Ахæм хъуыдыйыл хæст у ахуыргонд дзырд *уастæн* иртасгæйæ дæр: «Вероятно, следует делить *уастæн* «столь истинно».

Уæдæ цы базыдтам нæ иртасинаг дзырдбаст *Хуыцауарды-*

*стæн*-ы равзæрды хабæрттæй? Абайты Васо нæ бауырнын кодта, нæ иртасинаг фыдæлтыккон дзырдбасты хицæн хæйттæ *ард æмæ стæн* – сæ мидæг хæссынц уыцы иу хъуыды – *æцæгдзинад, рæстдзинад.* Фыццаг дзырд (*ард*) рацыди индоирайнаг дунейæ, дыккаг дзырд (стæн) та – славянты дунейæ æмæ... сæмбæлдысты, æрцардысты рагон ирон дзырдбаст *Хуыцауардыстæн*-ы фæрсæй-фæрстæм æмæ ма абон дæр адæмы ‘хсæн фидар кæнынц æууæнк æмæ Хуыцауы æцæгдзинад.

Васойы логикон хатдзæгты дзырднывæст афтæ лæгъз æмæ дæсны арæзт у, æмæ чиныгкæсæджы цæмæйдæриддæр бауырны номдзыд ахуыргонды ахадгæ ныхас. Фæлæ замана уый мидæг ис, æмæ рагон дзырдбаст *Хуыцауардыстæн* ахæм нæртон «æфсургъы» мыггаг у, æмæ армы цæххæй сайын нæ комы, «логикон хатдзæгты» сахсæнтæ атоны æмæ хæты сæрибарæй дугтæ æмæ заманты астæу.

Æмæ, æцæгæйдæр: цавæр «логикон хатдзæг» нын бацамондзæни, нæ рагон фыдæлтæ ард... хæргæ цæмæн кодтой, уый? Стæй кæд *ард* æмæ *стæн* сæ мидæг æцæгдзинады мидис хæссынц, уæд нæ рагон фыдæлтæ цæуылнæ дзырдтаиккой Хуыцауы æцæгдзинад, Хуыцауы рæстдзинад? Чердыгæй ма сæ хъуыди славяйнæгты дунейæ рацæугæ дзырд *истина – стæн*?

Философон зонæдты доктор Анатолий Сухотины иу ныхас мæм тынг раст фæкасти æмæ ацы ран йæ зæгъын ахъаз уыдзæни нæ дарддæры фæндагæн. Философ загъта: «Пусть имеется тьма фактов, которые подтверждают вывод, но достаточно одного, что голосует против, как теория будет объявлена ошибочной».

Абайты Васо ирон *ардхæрды* равзæрды тыххæй цы ныхæстæ загъта, цы логикон хатдзæгтæ скодта, уыдон сты зæрдылдаринаг, уыдон хицæн галуан-мæсыгæй лæууынц ирон æвзаг иртасæнты уæлвæзы. Уыцы галуанæй нæдæр дур рафтауинаг дæн, нæдæр ыл дур фехсинаг дæн, фæлæ, зæгъын, æз дæр куы бафæлварин нæртон дзырд *арды* равзæрды рох æмæ æрдæгрох фæндæгтæ басгарыныл, йæ райгуырæн дунейыл æнусты сæрты афæлгæсыныл.

...Ард хордтой канд ирон адæмы фыдæлтæ нæ, фæлæ, æвæццæгæн, дунейы мидæг дæсгай-сæдæгай адæмты фыдæлтæ дæр. Уыдонимæ: рагон мысирæгтæ, персайнæгтæ, хеттæ, ассириæгтæ, бердзенæгтæ, италиæгтæ... Ацы ран йæхи ‘гъдауæй сæвзæры ахæм хъуыды:

кæд æмæ уыйбæрц адæмтæ, стæй уыцы адæмты бирæ фæлтæртæ сæдæгай-мингай азты дæргъы ард хордтой, уæд уый уыди, рагон адæмты сæ царды æнæмæнг цы хъуыди, ахæм хъуыддаг. Æнæмæнг та цæмæн хъуыди ард хæрын?

Цæвиттон, рагзаманты дæр арæх уыди давды хабæрттæ, сайды ныхæстæ, скъæфт, тыхми æмæ лæгмарды фыдмитæ. Фæлæ-иу фыдгæнæг æдзух кæм рабæрæг и, æмæ-иу уæд, дызæрдыг кæуыл кодтой, уымæн Хуыцауы кувæндоны уаз къуыппыл ард бахæрын кодтой. Скуывта-иу дзуары лæг: «Хуыцауы кувæндон! (ард цы кувæндоны хордта, уый ном-иу загъта. Кæд æз ацы хъуыддаджы (давды, скъæфты, лæгмарды) исты аххосджын дæн, уæд мæ дæ фыдæх уæд, иу боны цард дæр мын мауал ратт, æгас хæдзар куыннæуал ссарон».

Ард хæрыны ныхæстæ алы хатт дæр, кæй зæгъын æй хъæуы, уыдаиккой алыхуызон, фæлæ сæ мидис, сæ нысанмæздæхт уыди æнгæс кæнæ иухуызон. Дызæрдыджы къæм-иу кæуыл абадти, уый-иу ард куы бахордта Хуыцауы кувæндоны Хуыцауы раз, уæд ууыл дарддæр гуырысхогæнæн нал уыди. Уымæн æмæ æууæндæг адæмы фидарæй уырныдта: Хуыцауы кувæндоны Хуыцауы раз сайд ныхас зæгъын ничи бауæнддзæни, мæнг ард ничи бахæрдзæни. Уый та уымæн афтæ уыди, æмæ Дунерафæлдисæг Хуыцауæн ис мин цæсты, мин хъусы, æмæ уый алцы дæр зоны. Æмæ иугæр сомыгæнæг (ардхæрæг) йæхицæн æвдисæн кæны Дунерафæлдисæджы («Хуыцау – ме 'вдисæн!»), уæд ахæм адæймагыл нæ бауæндын цæмæйдæриддæр уыдаид тæригъæд хъуыддаг Хуыцауы раз, æмæ алчи дæр йæхи хызта Хуыцауы зæрдæхудты бацæуынæй. Ацы уырнынад фæлтæрæй-фæлтæртæм цæуы рагон дунейæ, бæлвырддæр зæгъгæйæ та, рагфыдæлты зæрдæйæ.

Индоирайнаг хуыцæутты нæрæмондæр – Митрæйы – тыххæй афтæ загъд ис «Авестæ»-йы чиныджы: «Митру, обладающего широкими пастбищами, почитаем мы, слова которого истинны, (Митру) красноречивого, обладающего 1000 ушей, хорошо сложенного, имеющего 10000 глаз...»

Æвæдза, мин хъусы кæмæн ис, дæс мин цæсты кæмæн ис, уыцы Хуыцау куыннæ зондзæни алцыппæт дæр. Æндæр уаз чиныджы – рагон индиæгты литературон цыртдзæвæн «Законы Ману», зæгъгæ, уым

та фыстæй баззади ахæм æууæнчы ныхас: «Злодеи думают: «Никто не видит нас». Но их видят боги...»

Цæвиттон, хуыцæуттæ алцы дæр хъусынц (къахы уæлфадмæ цы нæ фехъуыса, уый дæр), хуыцæуттæ алцы дæр уынынц, алцыппæт дæр зонынц. Æмæ сайды ныхас чи зæгъа Хуыцауы кувæндоны, мæнг ард чи бахæра æмæ, мæнгард уæвгæйæ, Хуыцауы йæхицæн мæнгæвдисæн чи скæна, уый цæмæйдæриддæр Хуыцауы фыдæх баййафдзæн йе 'Цæг дунейы дæр. Удыбæстæ не ссардзæн, йæ бинонтæ, йæ байзæддаг авд-фараст фæлтæры онг фиддзысты йæ тæригъæдтæ...

Æмæ уый дзырдтон: фыдми, фыдæвзагæй-иу кæуыл фæдызæрдыг сты адæм, комдзог-иу азымы кæй бадардтой, кæд уый æнæаххос æмæ раст лæг уыди (Хуыцауы уарзон лæг), уæд-иу кувæндоны мидæг, дзуары лæгтæ Хуыцауы ном кæм ардтой, уым ард бахордта, Хуыцауы раз дæр æмæ адæмы раз дæр æнæтæригъæд кæй у. Ардхæрды «сусæгдзинæдтæй» иу уый мидæг ис, æмæ, ард чи хордта, уый Хуыцауæн «йæхиимæ» ныхас кодта кæнæ та Хуыцауы кувæндонæн кодта йæ уды ныхас.

Æмæ-иу йæ фыццагдæр дзырды сулæфт афтæ уыди: «О Хуыцау!», кæнæ та: «Хуыцауы кувæндон!» Дарддæр та, æнæаххос æмæ æнætæригъæд кæй у, уый тыххæй зæрдæуыæнк ныхæстæ агуырдта, дзырдæвдисæнтæ кодта.

Ныр ацы ран афон у дзырдамонгæйы фæндагмæ рахизынæн: ардхæрды фыццаг дзырд «Хуыцауы кувæндон!» нæ рагфыдæлтæ дзырдтой æндæрхуызон – *Хуцауистан*, *Хуыцауыстæн*, ома Хуыцаумæ кувæн бынат. Цæмæй нæ ныхас бæлвырддæр уа, зæрдæуыæнкæй цæуа, уый тыххæй цæй æмæ фыдæлтыккон дзырд *стан/стæн* фыдæлты цæстæй фенæм, дзырдæфтауцы быдырты йæ бацагурæм. Ацы дзырд у фыдæлты дунейæ рацæугæ æмæ абон дæр цæры азæлдон (фонетикон) æртæ хуызы: *стан*, *стæн* æмæ *стон*. Амоны уат, бынат, дон. Дзырдæн, зæгъæм, *фосуаты* бæсты зæгъæн ис *фосыстон* (дыгуронау та *æстойнæ*), *фатдоны* бæсты – *фатыстон*, *цæхдоны* бæсты – *цæххыстон*. Ис ма нæм æндæр дзырдтæ дæр, се сконды рагон *стон* кæмæн баззад, ахæмтæ: *гæныстон*, *зæрæстон*, *стонуат*. Ноджы ма бæстæты нæмттæ: *Ирыстон*, *Гуырдзыстон*, *Сомихыстон*... *Стон*-ы бæсты раздæр *стан* (*стæн*) кæй дзырдтой фыдæлтæ,

уый æнцон рахатæн у иннæ ирайнаг æвзæгтæм гæсгæ дæр. Зæгъæм, персайнæгтæ дидинæгдон хонынц *гулистан*, таджикæгтæ та йæ дзурын байдыдтой *гулистон*. Æмæ ма иу цымыдисаг дзырд: персайнæгтæ хæйрæгбадæн, æвдиуты цæрæнуат хонынц *девистан*, ома *диуыстон, æвдиуты бынат*. Уæдæ нæ рагон фыдæлтæ та *дзуарбадæн* (дзуары кувæндон) хуыдтой дзуарыстæн. Ома дзуары бынат. Æмæиу фыдæлтæ дзуарыстæны ард хæргæйæ сæ уды рæстдзинад хъарддтой, аргъуыцгæнгæ сидтысты: «Дзуарыстæн! Кæд æз исты аххосджын дæн, уæд мæ дæ фыдæх баййафæд». Нæ рагфыдæлты дзырд *дзуарыстæн* нæ хæстæгдæр фыдæлтæ дзурын райдыдтой *дзуарыстон* (*дзуаристон*). Уый тыххæй зонадон литературæйы баззад æвдисæндар. Ичъынайы дзуар, зæгъынц, ратахти æмæ ‘рбадти Дымты хъæумæ ‘ввахс. «...Это место теперь называют дзуаристон – место стоянки дзуара», – фыста академик Всеволод Миллер йæ «Ирон этюдты» 2-аг чиныджы (260 ф.).

Мыййаг ма дызæрдыггаг у, дæрдтыл хъуыстгонд дзырд *стан-стæн-стон*-ы мидис бынат кæу у, уый? Уæдæ ма ноджы иу цæвиттон. Раздæр заманты фыдæлтæ ард хордтой мыггаджы зæппадз кæнæ ингæны цур дæр: «Мæ судзгæ мæрдтыстæн», «Мæ мадыстæн, мæ фыдыстæн». Йæ ныййарджытæ æгас кæмæн уыдысты, уый, «мæ мад-мæ фыдыстæн», зæгъгæ, ницы хуызы загътаид. Уымæн æмæ раздæр заманты адæм бæлвырдæй зыдтой: «*мæ мад-мæ фыдыстæн*» амыдта мад-фыды (æнусон) бынат, ингæн кæнæ зæппадз. Ууыл дзурæг у дзырд «*мæрдтыстæн*» дæр. Уымæ гæсгæ мæм бынтон раст нæ кæсы, Васо рагон дзырдбæстытæ «мæ фыдыстæн», «мæ мадыстæн», «ме ‘рвадыстæн» уырыссаг æвзагмæ куыд раивта, уый. Ахуыргонд сæ ратæлмац кодта афтæ: «клянусь моим отцом», «клянусь моей матерью», «клянусь моим братом». Æвæдза, растдæр уыдаид мæнæ ахæм тæлмац: «клянусь могилой (склепом) моего отца» æ.а.д.

Уæдæ ныр, æвæццæгæн, нæ бон у фидарæй зæгъын: ардхæрды рагон дзырд *Хуыцауыстæн* амыдта Хуыцауы бынат, растдæр зæгъгæйæ та – Хуыцауы кувæн бынат, Хуыцауы кувæндон. Уыцы хуызы æмбарын хъæуы ардхæрды иннæ дзырдтæ: *дзуарыстæн*, *Уастырджийыстæн* дæр: дзуары кувæн бынат, Уастырджийы кувæн бынат. Ацы «барæнтæй» нымайгæйæ, ардхæрды сæйраг дзырд

*Хуыцауардыстæн* æндæр ныхæстæй зæгъиккам афтæ: *Хуыцауарды кувæн бынат, Хуыцауарды кувæндон.*

Фæлæ цы у Хуыцауы ард? Кæд æмæ иугæр ирон *ард* рагон ирайнаг *Арта*-йæ равзæргæ у (Васойы загъдау), уæд Хуыцауы ард æндæр ныхæстæй зæгъиккам Хуыцауы æцæгдзинад, Хуыцауы рæстдзинад. Ахæм хъуыдыйы фарс хæцы мæнæ ацы цæвиттон дæр: рагон персайнаг арта (истина, правда) астæуккаг-персайнаг æвзаджы райста бынтондæр «ирон» хуыз – *ард.* Ард кадджын дзуарыл нымад уыди Персы бæстæйы, азы дыккаг мæй æмæ алы мæйы æртыккаг бон дæр уыдис Ардвахишты (АрдВахиштайы) номыл. Нырыккон ирайнаг къæлиндары та йæ хонынц Ордибехешт. Æвæдза, ам æнæдиссаг нæу, рагон ирайнаг (персайнаг) *арта* дугтæ æмæ заманты фæндагыл æргом хуызивæнтæ (зæливæнтæ) куыд кодта, уый фенын: *арта-ард-орд.*

Рагон заманты *арта* (*рæстдзинад*) йæ зæрдæйы кæмæн царди, стæй артайы сæрвæлтау чи хæцыд, уыцы адæймаджы персайнæгтæ хуыдтой *артаван.* Иронау æй зæгъиккам *артаон.* Ома рæстагон, æнæсайд, Хуыцауы уарзон лæг. Цæмæйдæриддæр тынг кадджын уыди рагон персы рæстагон, æнæсайд лæг, æмæ-иу персайнæгтæ сæ ноггуырд лæппутыл зæрдæйы хорзæн æвæрдтой рæстагон нæмттæ: Артафарн, Артабаз, Артабан, Артагес, Артазостра, Артапат, Артасир, Артахай, Арташат, Артахшадра (Артаксеркс), Артаваз (Артауыз?), Артаксата... Ацы номхыгъдмæ ма бафтауæн ис Ардаширы, Ардаланы æмæ византиаг хæстон разамонæг, алайнаг лæг Ардабуры ном дæр.

Ам мæ цы зæгъын фæнды? Абайты Васо йæ Дзырдамонгæйы 4-æм чиныджы (224 ф.) рагон персайнаг ном Артаксерксы иронау хоны Ардæхсар. Алайнаг лæджы ном *Ардабуры* равзæрд та афтæ амоны: «ард-беурæ», «наделенный многим ард-ом». Фыццаджыдæр, *бирæ ард* («ард-беурæ») кæнæ *гыццыл ард* зæгъæн ис? Уæвгæйæ та абон нæ мадæлон æвзаг зæрдæйæ куынæуал æнкъарæм, уæд алцыппæт дзурæн дæр ис æмæ суанг зарæн дæр: «Хæрын дын стыр ард, кæнын дын æз сомы...», «Бирæ ард», «стыр ард», «гыццыл ард» – ацы дзырдбæстытæ ирон æвзагæн æцæгæлон сты, фидаугæ дæр нæ кæнынц, æмæ сæ фыдæлтæ дзургæ дæр нæ кодтой.

Æмæ ныр бындуронæй уый зæгъинаг дæн: ирон *ард* æмæ рагон

персайнаг *арта*, сæ нæмтты азæлды æнгæсдзинадæй фæстæмæ, цæмæйдæриддæр сты алыхуызон, кæрæдзийæн æцæгæлон. Уымæ гæсгæ, ирон *ард*-ы равзæрд рагон персайнаг ном *Арта*-имæ бæттын у, иуæй, æцæгдзинады æнгæс, иннæмæй та – æргом рæдыд.

Нæ рагфыдæлтæ ма сæ рагон бæстæйы – индоирайнаг дунейы – куы цардысты, уæд иннæ ирайнаг адæмты æмхуызон нæ фыдæлтæ дæр, чи зоны, æмæ куывтаиккой карз æмæ кадджын хуыцау Митрæмæ. Митрæ «сæрмагондæй» уыдис бадзырды (договоры), ардхæрды бардуаг. Йæ ныхас-иу чи фæсайдта кæнæ мæнг ард чи хордта, уыдоны æнауæрдонæй æфхæрдта æмæ мардта. Мæнæ Авестæйы иу чысыл скъуыддзагæй хорз зыны карз бардуаджы миниуæг:

*Если солжет ему –*
*Глава ли дома,*
*Или глава общины,*
*Или глава области,*
*Или глава страны,*
*То Митра воспрянет,*
*Гневный и оскорбленный,*
*И разрушит он и дом,*
*И общину, и область, и страну.*
……………………………..
*Сносит головы*
*Солгавших Митре людей.*
*Летят во все стороны головы*
*Солгавших Митре людей.*

Рагон адæмтæ ард хæргæйæ (табузарæг Митрæйæн) æвдисæнæн æвзæрстой раст æмæ карз хуыцæутты. Растдæр зæгъгæйæ та, ард хордтой, ома сæхи раст кодтой карз æмæ æнæхатыр хуыцæутты раз. Æмæ-иу кæд адæймаг аххосджын нæ уыд æмæ рæстытæ дзырдта, уæд-иу æвыдæй баззад, кæд æмæ-иу мæнг ард бахордта, сайдæй цыди адæмыл дæр æмæ Хуыцауыл дæр, уæд тынг æнæхатыр уыди Митрæ. Рагон бердзенæгтæм та ахæм раст æмæ æнæхатыр хуыцау уыди Зевс. Иудадзыг ард йæ номæй хордтой рагон бердзенæгтæ. Æмæ уый зæгъинаг дæн, логикæйы фæндаг дæр нæ уымæ хоны: нæ рагон фыдæл-

тæ Артайы разæй дæр Митрæйы ном хъуамæ дзырдтаиккой ард хæргæйæ. Фæлæ нæдæр Митрæ, нæдæр Арта (абстрактон уæларвон тых) нæ баззадысты цæргæйæ ирон (алайнаг) лæджы зонд æмæ зæрдæйы. Ирон (алайнаг) лæджы зонд æмæ зæрдæ æгасæй дæр бацахста Хуыцау, Стыр Хуыцау, Бæрзонд Хуыцау. Хуыцау – фарнхæссæг. Хуыцау – йæ кувæг адæмы хъахъхъæнæг («Хуыцау нæ бахизæд»), Хуыцау – тæрхонгæнæг. Ард дæр уый тыххæй хордтой Хуыцауы кувæндоны Хуыцауы раз. Фыдæлтæй баззади æмбисонд: «Ардфæливæг Хуыцауæй æлгъыст у». Афтæ дæр-иу загътой: «Ард басæттын мæлæтæй уæлдай нæу». Æмæ, æцæгæйдæр, фыдæлты фидарæй уырныдта: мæнгард лæгæн Хуыцау нæ бахатыр кæндзæни йæ сайд æмæ йæ фыдми. Уыцы зондахаст абоны онг баззади ирон лæджы ардхæрды ныхæсты: «Кæд гæды ныхас зæгъын, уæд мæ Хуыцау мæ хæдзарыл мауал сæмбæлын кæнæд». «Уæд мын Хуыцау иу боны цæрæнбон дæр мауал раттæд».

Мæгуыр æнæбон лæгæн Хуыцау – йæ сæрылдзурæг, йæ фарсхæцæг. Йæ маст, йæ хъаст дæр Хуыцауæн хъардта. Йæ удæфхæрджытыл дæр Хуыцауы амидин кодта: «Хуыцау уæ ма сразы уæд!», «Хуыцауы зæрдæ уыл фæхудæд!», «Хуыцау уæ ралгъитæд!», «Хуыцауы фыдæх ссарут!», «Хуыцау, мæ тæригъæд сын ма ныббар!», «Хуыцау, дæ цæхæрæй сæ басудз!»

Бæрзонд Хуыцау – йæ кувæг адæмы Уæларвон фыд – уыди рæдау æмæ æнæхатыр. Йæ уыцы миниуджытæм гæсгæ йын фаззон æфсымæртау сты рагон адæмты хуыцæуттæ Митрæ, Индрæ, Зевс... Дыууæ мин азæй дæр бирæ раздæр бердзенаг фыссæг Эсхил йæ иу трагедийы афтæ зæгъы Зевсы тыххæй:

*Помни: мстителен Зевс,*
*Видящий всех и вся.*
*Силы на свете нет,*
*Спорить способной с ним.*
*Горше, чем Зевсов гнев*
*Бремени нет для дома.*

Уæдæ ныр цас бамбаринаг у, рагон бердзенаг адæм сæ алы хъуыддаджы дæр æууæнчы тыххæй Зевсы номæй ард цæмæн хордтой, уый. Зевс – алкæй уынæг æмæ алцы уынæг, карз æмæ мастисаг бардуаг – нæй йын фæсайæн, нæй дзы хи бамбæхсæн, карз у йæ фыдæх. Ахæм карз æмæ раст хуыцæутты раз ард хордтой нæ сыхаг кавказаг адæмтæ

дæр. Абхазæгтæ ард хæрынц сæ бæрзонд хуыцау Анцвайы номæй, кæсгæттæ, адыгейæгтæ, черкесæгтæ (суанг ирон адæмы иу хай дæр) – Уашхойы номæй, асыйаг адæм та – сæ сæйраг хуыцау Тейрийы номæй. Асыйаг асыйагыл куынæ феууæнды, уæд ын афтæ фæзæгъы: «Тейри де»,. ома басомы кæн, ард бахæр, комкоммæ тæлмацæй та – «Тейри зæгъ». Кæд æмæ дзуапдæттæг асыйаг лæг «Тейри!» зæгъа, ома «Хуыцауыстæн!», уæд хъуыддаджы (ныхасы) сайдæй ницы ис мисхалы бæрц дæр.

Чи зоны, мæ ныхас Кæнтæй Кæсæгмæ рауади: æгæр дæргъвæтин. Фæлæ, æвæдза, фыдæлты нæртон дзырд *ард* сæрмагонд чиныджы аккаг дæр у.

Уæдæ та ацы ран дæр нæ карст хоры уистæ æрбассивæм иу ранмæ. Дунейы адæмтæ, уыдонимæ ирон адæмы фыдæлтæ дæр, сæ ныхасы æцæгдзинад бауырнын кæныны охыл сæхицæн æвдисæн кодтой сæ кадджындæр æмæ карздæр хуыцæутты. Æмæ ард хæргæйæ адæм сæхицæн æвдисæн цы кадджын хуыцæутты кодтой, ардхæрды ныхас-джип-пы æдзух цы карз хуыцæутты нæмттæ зæлыдисты, уыцы уæларвон нæмтты мидæг бацыдис ардхæрды мидис.

Цæвиттоны хуызы рафæзмæм ирон лæджы (усы) тыхстуды ныхас: «О Хуыцау! Ницы фехъуыстон, ницы зонын». Æвастхъæр «О Хуыцау!» загъд у ардхæрды хуызы. Кæй зæгъын æй хъæуы, мах арæхдæр хъусæм ардхæрды æндæр формулæ: «Хуыцауардыстæн! Ницы фехъуыстон, ницы зонын!»

Ирон æвзаджы дзырдхæзнатæм йæ зæрдæ чи здахы, уый ма фехъуыстаид ардхæрды æндæр хуыз дæр: «Хуыцауыбын ницы фехъуыстон, ницы зонын». *Хуыцауыбын* æмæ *Хуыцауыстæн* иу хъуыды æвдисынц: Хуыцауы кувæн бынат, Хуыцауы кувæндон. Фæзæгъæм ма *дзуарыбын* дæр. Ома, дзуарбадæн рындз уæлдæр вæййы (уырдæм æрмæст дзуары лæг цыди), кувгæ йæм цы ранæй фæкæнынц, уый та вæййы дæлиаудæр, æмæ йæ фыдæлтæ хуыдтой *дзуарыбын* кæнæ *Хуыцауыбын*.

Нæ фыдæл-иу уæлдай карздæрæй æмæ зæрдæбæрзонддæрæй ард куы хордта, уæд-иу æрдиаггæнæджы уынгæг хъæлæсæй ныуулæфыди: «Хуыцауардыстæн! Хуыцау, дæу ардыстæн!» Ныхас хæйрæджы нæ уырны, фæзæгъынц, фæлæ-иу ахæм карз ардхæрды фæстæ лæгыл дызæрдыг ничиуал кодта.

Чи зоны, исчи бафæрса: «Хуыцауыстæн»-æй «Хуыцауардыстæн» карздæр ардхæрд цæмæн у? Нæ фыдæлты нæртон дзырд *ард*-ы уыйбæрц магион тых, уæларвондзинад кæцæй ис? Иу ныхасæй, цы у *ард* æмæ, æвæдза, тæрсын кæмæй хъуыди, уый хæргæ цæмæн кодтой нæ рагон фыдæлтæ? Фæстæдæрмæ уал аргъæвæм «хæрыны» хъуыддаг, фæлæ *ард* цы уыди, фыдæлтæ дзы цы мидис æвæрдтой, куыд æй æмбæрстой, уый раиртасынил уал афæлварæм.

Бæрзонд Хуыцау Дун-дуне куы скодта (Хур, Мæй, стъалытæ, Зæхх...), уæд та рафæлдыста йæхицæн кæстæриуæггæнджыты, æххуысгæнджыты: сыгъзæринбазыр дзуæрттæ, зæдтæ æмæ дауджыты. Уыдон Хуыцауы уарзон адæмæн (Хуыцаумæ кувджытæн) цардамал кодтой: хорхъуаг сæ нæ уагътой, фосхъуаг – иннæ ахæм. Уæларвæй сын зæхмæ æрвыстой фæлмæн къæвдатæ бæркады арфæтимæ. Хуыцаускконд адæмæн фыдбылыз чи хаста, – фыдиблистæ, хæйрæджытæ æмæ дæлимонтæ – уыдонимæ та нæрæмон тох кодтой тæрккъæвдайы дзуарттæ: цæхæр фаттæ æмæ зынг æрцытæй сæ æхстой уæларвæй зæхмæ. Нæ рагфыдæлтæ кæцыдæр дард заманты уыцы нæрæмон дзуарты (дзуæртты) хуыдтой *артæ – аратæ*. Сæ уæларвондзинадæй, сæ нæрæмон миниуджытæй бынтондæр иу уыдысты артæ æмæ дзуартæ. Уыдон хæйрæджытæ æмæ дæлимонты цæгъдæгау сæ зынг фæттæй æхстой сайд æмæ фæлывд адæмтыл, мæнг ард чи бахордта, уыдоныл се 'ппæтыл дæр. Сæ нæргæ æрвдзæхстæй мæлæты тас уагътой æууæндæг адæмы зæрдæты. Æмæ-иу нæ рагфыдæлтæ карздæр æлгъыстæн æвзæрстой карздæр ныхæстæ: «Артæ дæ фæдыл æфтыд фæуæд!», «Артæ дæ баййафæнт!» Иугæр артæ мæнгард лæджы фæдыл бафтыдысты, уæд фатæхстæн-арвдзæфæн фæивгъуыйæн нæ уыди. Ноджы ма уыдысты Æхсæртæггатау æмæ Елиатау иуæхстон, иудзæфон...

Уыцы карз артæн (дзуартæн) ирон-алайнаг зæххыл уыдис рухс кувæндæттæ – Хуыцауы арты кувæндæттæ, ома Хуыцауы дзуæртты кувæндæттæ.

Æмæ-иу уыцы кувæндæтты ард хордтой, куывтой. Растдæр зæгъгæйæ та, ард чи хордта, уый-иу йæхи ралгъыста кувæндоны: «Хуыцауы арты стæн (ома Хуыцауы дзуæртты кувæндон)! Кæд æз исты аххосджын дæн, уæд мæ дæ фыдæх баййафæд». Цæвиттон, ирон ардхæрды бындур у æлгъыст: ардхæрæг кувæндоны йæхи

ралгъиты, кæд æз исты аххосджын дæн (кæнæ мæ дзырд куы фæсайон), уæд мын Хуыцау цæрæнбон мауал раттæд, дзуæртты фыдæх мæ баййафæд, зæгъгæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, ардхæрды джиппы ныхæстæ раив-баив кодтаиккой, фæлæ ардхæрды райдиан уыди æнæивгæ: «Хуыцауы арты стæн!» Æмæ йæ арæх кæй дзырдтой, уый тыххæй дзы ардхæрды мидис бацыди: «Хуыцауардыстæн!»

Æнцон у йæ зæгъын: афтæ уыди, уфтæ уыди. Фæлæ цæмæй мæ хъуыдытæ уырнинаг уой, уый тыххæй сын хъæуы цæвиттоны фидæрттæ, æууæнкæнцæйттæ. Æмæ ахæм æууæнкæнцой Хуыцауы лæварау баззади нæ мадæлон æвзаджы. «Хуыцауардыстæн»-æн рагон замантæй нырмæ ис фаззон æфсымæрау фаззон дзырдбаст: Хуыцауы дзуæртты стæн (Хуыцауы дзуарты стæн). Сæ азæлдæй сæ уæларвон тых æмæ сæ карздзинадæй сты бынтондæр иухуызон: Хуыцауардыстæн – Хуыцауы дзуарты стæн. Ацы цæвиттонæй хурбæрæг дары иу хъуыддаг: *ард* (*артæ*) æмæ *дзуартæ* сты æммидис, æмахадгæ, æмуæларвон. Уый хорз зыдтой нæ рагфыдæлтæ æмæ-иу загътой, куы *Хуыцауы дзуартæ*, куы та-иу дзырдтой *Хуыцауы артæ* (*Хуыцауы ард*). Артæ (дзуартæ) уыдис æрмæстдæр Хуыцауæн, йæхи рафæлдисгæ сты. Гъе уымæн фæзæгъæм *Хуыцауы арды (арты) стæн*, ома Хуыцауы дзуарты стæн. Фæлæ зæгъæн нæй дзуары арды стæн. Нæй зæгъæн, фæлæ куы зæгъиккам «*дзуары арды стæн*», уæд уый æндæр ныхæстæй афтæ уаид: «*дзуары дзуæртты стæн*». Фæлæ дзуарæн цæй дзуæрттæ ис? Уæдæ «*Уастырджийы арды стæн*» дæр никуы ничи дзырдта, æмæ йæ зæгъын дæр раст нæ уаид. Уымæн æмæ Уастырджи дæр йæхæдæг дзуар у (Лæгты дзуар), æмæ йæхицæн цавæр дзуæрттæ хъуамæ уа? Иу хатт ма йæ зæгъон: ард (артæ-дзуартæ) уыдис æрмæстдæр Хуцауæн. Уæдæ-иу рагфыдæлтæ куы ныццæлхъ кодтой, Хуыцау, дæу ардыстæн, зæгъгæ, уæд уымæн бамбарæн уыдис æрмæстдæр афтæ: Хуыцау, де сконд зæдты стæн! Хуыцау, де сконд дзуæртты стæн!

Мæ ныхасы дарддæры фæндаг йæхи æвдисы: фыдæлты цæстытæй кæсгæйæ, цал уыдысты Хуыцауы рафæлдисгæ дзуæрттæ, табу сæхицæн. Ирон лæджы зæрдæйы арвыл цардысты-уыдысты Авд дзуары, хатгай та сæ хуыдтой фылдæр: авд-авды. Дзуартæ (дзуæрттæ, дзорттæ) уыдысты тæрккъæвдайы бардуæгтæ, уымæ гæсгæ сты бæркадхæссæг дæр, æмæ ныр дæр ма фынджы уæлхъус

уымæн фæзæгъæм, бæркæдтæ (растдæр дзургæйæ, бæркадхæссæг дзуæрттæ) авд-авды сты, зæгъгæ.

Нæ фыдæлтæ тæрккъæвдайы Авд дзуармæ кæй куывтой, уыцы фæтк рагон замантæй цæуы. Ирыстоны зындгонд сты Гæлиаты Авд дзуары, Ерманы Авд дзуары, Пуриаты Авд дзуары кувæндæттæ. Уæдæ хъырымаг алантæ дæр Авд дзуармæ кæй куывтой, уый бæрæг у сæ сахары номæй: *Ардабда*, ома, Авд арды кувæндон кæм ис, уыцы сахар.

Историйы ма баззад æндæр сахары ном дæр: Багарда. Номы равзæрды цыма сусæгæй ницы ис, афтæ мæм кæсы: Баг (Хуыцау, уырыссаг «Бог» дæр амæй равзæргæ у) æмæ нæ «зонгæ» арда. Иумæ сын афтæ бамбарæн ис: «Хуыцауы ард кувæндон кæм ис, уыцы сахар».

Мæ уацы райдиан загътон, зæгъгæ, V æнусы цæрæг алантæ дæр æххæстæй, бæрæг-бæлвырдæй нал зыдтой, ард йæ равзæрды заман цы амыдта, уый. *Ард* (*арда*) дзуар кæй амыдта, уый та хъуамæ куыннæ зыдтаиккой, фæлæ райдиан дзырд бираæон нымæцы загъд кæй уыди – *ар+тæ*, – уый нал æнкъардтой æмæ йæ дзырдтой абоны ирæтты хуызæн, стæй астæуккаг-персайнаг æвзаджы куыд хъуысти, афтæ: *ард*, *арда*. Æвæдза, диссаг та куыннæ у: абоны дыгурæттæ арды рагон зæлтæ хуыздæр бахъахъхъæдтой, æмæ йæ V æнусы алантæ куыд дзырдтой, уымæй хæстæгдæр у йæ равзæрды фонетикон хуызмæ: *артæ – арт*. Цæвиттонтæ: «Мæнгард сæбæл хуардонцæ: «Арт уæ хæдзари бацæуа».

*Арт – Артæ* æмæ дзуартæ цæмæйдæриддæр сты иухуызон: уæ сæ нæргæ зæлтæ, уæ сæ ферттывд, уæ сæ цардыуаг уæларв хæтæнты... Мигъæмбæрзт уæззау арвыл-иу артæ-дзуартæ нæргæ «æмæ уыраугæ куы рацыдысты æмæ-иу зынгзæрин фæтдзæгъдæн куы байдыдтой, уæд сын адæм табучъири кодтой, цæссыгивылдæй сæм куывтой: «Батæригъæд кæнут! Ма нæ фесафут! Мах – уе уазæг! Нæ фос, нæ хуымтæ – уæ фæдзæхст. Фыдкъæвдайæ нæ бахизут».

Заргæ дæр сæм кодтой: артæм дæр, дзуартæм дæр. Æрмæст уый зæгъын хъæуы ацы ран, æмæ ноджы раздæр заманты сæ нæмтгæ уыдысты сæ рагондæр фонетикон хуызты: *аратæ* æмæ *дзиуаратæ*. Уæвгæ рагондæр заманты кой цы кæнон, кæд æмæ та дыгурмæ дзуарæн дæр баззади йæ рагондæр хуыз – *дзиуарæ*. Раст ахæм фонетикон хуызы баззади аланты сыхæгтæм – абазинтæм дæр.

Ӕмӕ уӕдӕ куыд зарыдысты аратӕм-дзиуаратӕм сӕ кувӕг адӕм? Дзуары лӕг-иу йӕ къухтӕ арвмӕ ӕргъӕвдӕй ныйилӕлӕй кодта, мах сымахмӕ куы кувӕм, мах сымахӕй куы курӕм нӕ мӕгуыр адӕмӕн арвы сой ӕмӕ зӕххы бӕркад, зӕгъгӕ. Кувӕг адӕм-иу дзуары лӕджы алы сидты фӕстӕ дӕр ныззарыдысты арвмӕ курӕг лӕджы хъӕлӕсӕй: «Уӕ, аратӕ! Уӕ, аратӕ!» Кӕцыдӕр заманты рагфыдӕлтӕй сындӕггай рох кӕнын байдыдта базарды мидис, фӕлӕ фыдӕлтыккон зарӕджы фӕтк иу фӕлтӕр иннӕмӕ дарддӕр лӕвӕрдта:

*Ӕрсимут-ма тымбыл симдӕй,*
*Уарадӕ, уарадӕ!*
*Тымбыл симдӕй, ӕнгом симдӕй,*
*Уарадӕ, уарадӕ!..*

Дыууӕ мин азы размӕ алантӕ уыдысты цардбарӕг ӕмӕ тыхджын паддзахад, дӕлдӕр абад-уӕлдӕр абад зӕгъӕг сын нӕ уыди Разкавказы дӕр ӕмӕ Фӕскавказы дӕр. Кад уыди сӕ сӕрӕн, сӕ тых-сӕ бон, се 'гъдауӕн ӕмӕ сын сӕ нӕргӕ базард (*уӕ аратӕ – уарадӕ*) фӕзмыдтой фӕсхохы хуссар дӕлвӕзты дӕр, стӕй Цӕгаты тъӕпӕнты дӕр. Афтӕ ирон-алайнаг *уарадӕ* (бавӕргӕ зӕлимӕ – *уарайдӕ*, *уӕрӕйдӕ*) зарджыты базыртыл атахти сыхаг адӕмтӕм ӕмӕ йӕ абон дӕр зарынц: гуырдзиӕгтӕ («варайда»), абхазӕгтӕ ӕмӕ абазинӕгтӕ («уарайда»), адыгейӕгтӕ ӕмӕ кӕсгӕттӕ («уэредэ, уэредэдэ»), асыйӕгтӕ ӕмӕ хъӕрӕсейӕгтӕ («орайдӕ»). Уӕдӕ «Уарадӕ» уарзон уыди сӕ бӕстӕй фӕхауӕггаг убыхӕгтӕн дӕр. Убыхӕгтӕ, абазинӕгтӕ ӕмӕ адыгаг адӕмтӕ афтӕ арӕх зарыдысты *уарадӕ*, ӕмӕ зарӕгӕн йӕхи дӕр хонын байдыдтой *уарад – уэред.*

Ам та ногӕй зӕгъон: ӕрвнӕрды бардуӕгтӕ аратӕ ӕмӕ дзиуаратӕ уыдысты уӕларвон цӕрджытӕ – зынгфат, зынгарцджын нӕрӕмонтӕ. Ӕмӕ нӕ рагфыдӕлтӕ аратӕм куыд сидтысты («Уӕ аратӕ! Уӕ аратӕ!»), афтӕ сидгӕ-заргӕ кодтой дзиуаратӕм дӕр: «Уӕ, дзиуаратӕ! Уӕ дзиуаратӕ!» Фӕлӕ рӕстӕг йемӕ хӕссы зӕрдырох, ӕмӕ та кӕцыдӕр ӕбӕрӕг заманты фыдӕлтӕ фаг нал ӕнкъардтой базарды мидис. Уыйадыл иучысыл аивта йӕ фонетикон фӕлгонц: *уӕдзиуарадӕ – уӕсиуӕрӕдӕ.* Кӕсгон ӕвзаджы номивӕг *си* амоны *мӕ*, *мӕн,* ӕмӕ нӕ фыдӕлты сидгӕ базард Уӕсиуӕрӕдӕ нӕ сыхӕгтӕ ӕмбарын райдыдтой сӕхирдыгонау: «Уӕ си уэредэ!» (Уӕ мӕ зарӕг!).

Ӕрвнæрд æмæ æрвæрттывды бардуæгтæ аратæн æмæ дзиуаратæн сæ мидис, сæ ахадындзинад иу кæй уыдис, уымæн ма ноджы – иу æвдисæн. Рагфыдæлтæ сæм кувгæ-заргæ кодтой тынг арæх: хæсты хъазуатмæ цæугæйæ, æрвдзавды алыварс цоппайкафт кæнгæйæ, куывдты, чындзæхсæвты. Адыгаг адæмты фыдæлтæ *уэред-уарадæ* уæлдай арæх зарыдысты чындзæхсæвты. «Песня поется во время церемоний привода жениха от дружки домой и невесты в комнату родителей жениха», – фыссы кæсгон ахуыргонд Амин Шагиров. Рагон гуырдзиæгтæ та чындзæхсæвы рæстæг зарыдысты «Джварули»: «По собранным материалам, «Джварули» исполнялась как в доме жениха, так и в доме невесты». Гуырдзиаг *джвари*, ирон *дзуар*, дыгурон *дзиуарæ*, абазинаг *дзиуара* иу рагон дзырдæй равзæргæ кæй сты, уый цæмæйдæриддæр бæлвырд у. Фæлæ сæ мад кæцы у, цавæр рагон дзырдæй цæуы сæ равзæрд?

Ивгъуыд æнусы тæккæ арæныл газет «Терские ведомости» (1900 аз, 49№) фыста: «...слово *дзуар* – ничто иное, как грузинское название креста (*джвари*)». Ахуыргæндтæм дæр раст фæкасти ацы хъуыды, æмæ уыйадыл дзырдамонгæйы ныхас ахицæн. Суанг ма, историон фонетикæйы фæткмæ гæсгæ, гуырдзиаг *джвари* дыгурон-абазинаг *дзиуара*-мæ кæй нæ рахиздзæн, уый дæр ницæмæуал æрдардтой.

Ирон-алайнаг æмæ цæгаткавказаг адæмтæ æрвнæрды бардуаг дзиуарамæ (джиуарамæ) куывтой дыууæ мин азы размæ дæр. Куывтой йæм рагон гуырдзиæгтæ дæр, æрмæст æй се ‘взаджы æууæлтæм гæсгæ хонын райдыдтой *джвари* (абар: *симд – симди*). Фæлæ гуырдзыйы фыдæлтæ чырыстон дин куы райстой (III æнусы кæрон æмæ IV æнусы райдиан), уæд фыдбылызтæ сафæг æрвæрттывды бардуаг джвари цадæггай райста чырыстон дины фыдбылызтæ сафæджы, уырыссагау «крест» кæй хонæм, уый миниуджытæ æмæ нысаниуæг. Ӕмæ уыцы хуызы джвари – дзуары чырыстон фæлм æцæгæй æрбахæццæ Ирыстонмæ дæр. Дзырдæн зæгъæм: *йæхиуыл дзуæрттæ бафтыдта.* Ам, кæй зæгъын æй хъæуы, бæлвырдæй зыны чырыстон дины фæлм, фæлæ ирон-алайнаг дзиуара (джиуара) чырыстон дины раивылды размæ адæмты зæрдæйы цы цардæй царди, уый у мæ ныхасы сæр.

Дзиуарайы фæд-фæд ма бирæ къахвæндæгтыл ауайæн ис: йæ хæтæн

фæндæгтæ ма зына-нæзына бæрæг дарынц ирон æмæ цæгаткавказаг æвзæгты дзырдуæтты. Фæлæ та раздæхон мæ сæйраг дзуринагмæ: цæмæйдæриддæр иу сты æрвнæрды бардуагтæ аратæ (арт, ард) æмæ дзиуаратæ (дзиуæрттæ, дзорттæ). Æрдхæрды джипныхасы дæр æмуæлларвон æмæ æммидис уымæн сты, кæрæдзийы баивын дæр уымæн фæразынц: *Хуыцауы ардыстæн – Хуыцауы дзуæртты стæн.* Ам æнæнхъæлæджы æрбахæццæ стæм... къуырцдзæвæнмæ. Кæд æмæ иугæр ард (артæ, аратæ) æмæ дзуæрттæ (дзиуаратæ) иу сты æмæ кæрæдзийы раивын фæразынц, уæд ард хæрыны бæсты зæгъæн ис дзуæрттæ хæрын? Стæй, æппынфæстаг, нæ рагон фыдæлтæ (сæ Хуыцау сæ ралгъыста?) куыд хъуамæ хордтаиккой æрвнæрд æмæ æрвæрттывды бардуæгты? Уæвгæ ирон лæг «хæрынмæ» диссаг уыди: «Йæхи бахордта», «Йæ уд бахордта». Куыд ис хи бахæрæн? Цы хуызы ис уд бахарæн? Ацы фæрстытæ се ‘ппæт дæр иу къуыбылойы тыхт сты – ирон æвзаджы къуыбылойы. Кæддæра, зæгъын, райхалын бакомид уыцы къуыбылой...

Абайты Васойы зонадон ныхас у джиппæвæрдау: фидар æмæ ахадгæ. Бирæ ахуыргæндтæ сæ зонадон хатдзæгтæ Васойы ныхæстæй бафидар кæнынц. Агънаты Æхсар дæр йæ бирæ уацты иудадзыгдæр номдзыд ахуыргонды Дзырдамонгæ чингуытæй исы уырнинаг ныхæстæ, цæвиттонтæ. Æмæ уым, æвæццæгæн, аиппæй ницы ис. Фæлæ ацы хатт ард хæрыны равзæрды тыххæй загъта йæхи ныхас: «Мæнмæ гæсгæ, *ард* кæддæр хъуысти *арта*, йæ мидис уыд ссад... Ома ссад, адæм цæмæй цардысты, уыцы хойраг уыд, æмæ уымæй ард хордтой». Æвæццæгæн, алчи дæр зоны, хом хойраг ныффæлдисæн дæр нæ уыди, кувгæ дæр дзы ничи кодта. Фæлæ Æхсары дæр бамбарæн ис: рагфыдæлтæ ард хæргæйæ «цыдæр» хордтой, æмæ уый хъуамæ цы уыдаид?

Æвæдза, нæ ирон мивдисæг хæрын тынг цæрдæгцымыдис у, хъæуа-нæхъæуа цы дзырд, цы ныхасы фарсмæ нæ балæудзæни! Чи загъта, æмæ ард хæрыны заман хæрын сæйрагдæр у?

Уæдæ-ма æркæсæм, нæ рагфыдæлтæ – скифтæ – ард куыд хордтой, уый тыххæй Геродот цы загъта, уымæ: «В большую глиняную чашу наливают вино, смешанное с кровью участников договора (для этого делают укол шилом на коже или маленький надрез ножом). Затем в чашу погружают меч, стрелы, секиру и копье. После этого

обряда произносят длинные заклинания, а затем, как сами участники договора, так и наиболее уважаемые из присутствующих пьют из чаши».

Геродоты ныхасы алцы дæр бæлвырд у: æрдхорд-æфсымæртæ уæвын-иу кæй бафæндыд, уыдон-иу ныттагътой сæ туджы æртæхтæ кувинаг сæны дурыны (ома йæ бануазыны фæстæ мадызæнæг æфсымæртау иу туг хъаздзæни се уæнгты, сæ зæрдæты). Бирæ фæкувыны фæстæ, ардхæрды тыххæй фыдæлты хорз кадджытæ фæзарыны фæстæ-иу нывонд сæны дурын бануæзтой иумæ æрдхорд-æфсымæртæ æмæ сæ уарзон хæлæрттæ. Гъе ахæм æрдхæрæны заман сæйрагдæр куыд хъуамæ уыдаид бануазын дæр æмæ бахæрын дæр?

Рагфыдæлты дунембарынадмæ гæсгæ ард хæргæйæ сæйрагдæр, бындурондæр æмæ ахадгæдæр уыди Хуыцаумæ кувын, дзуæрттæм кувын. Æмæ кувын, хорздзинæдтæ курын иу хъуыддаг у, фæлæ Хуыцауы (кæнæ Хуыцауы дзуæртты) дæхицæн æвдисæн скæн æмæ йæ кувæндоны дæ фидар ныхас зæгъ, уæд уый та бынтон æндæр хъуыддаг у. Уæдæ ардхæрды рагон бындур уый у: лæг арвмæ скувы, тæрккъæвдайы карз дзуæрттæн – артæн хъары йæ уды рæстдзинад, арты (дзуарты) йæхицæн скæны уæларвон æвдисæн æмæ фæзæгъы, кæд æз раст нæ дæн, кæнæ мæ ныхас фæсайон, уæд мæ уæ фыдæх уæд, уæ цæхæрæй мæ басудзут, зæгъгæ.

Иу хатт ма йæ зæгъон: тæрккъæвдайы бардуæгтæ артæн хъары йæ уды рæстдзинад... Артæн (дзуартæн) хъары... Арт хъары... Ард хъары... Нæ рагон фыдæлтæм уыди фæтк: уалдзæгæй-иу галы комытæфы бæрц куы ‘рбахæццæ, уæд уый хуыдтой азы райдиан æмæ-иу куывтой артæм æмæ дзуартæм, куырдтой уæлæрвтæй, цæмæй сæ ног аз бæркадджын уа, сæ фос – æфсæст, сæхæдæг – сæрæгас, æнæфыдбылыз. Уымæ гæсгæ азы дыккаг мæй рагфыдæлтæ хуыдтой Артæм хъарæн мæй, хуымæтæгдæр загъдæй – Артхъарæн мæй. Мах та йæ абон дзурæм Æртхъирæны мæй, ома февралы мæй.

Ноджы ма иу ныхас æртхъирæны тыххæй. Нæ рагон фыдæл-иу (арæхдæр мæстыйæ) артæм хъардта, артхъарæн кодта, æз ын (кæмæндæр) нæ ныббардзынæн, æз дзы мæ маст райсдзынæн, æз ын афтæ-уфтæ бакæндзынæн, зæгъгæ. Ахæм кæрзмастлæгæй-иу фыдæлтæ загътой: «Артхъарæнтæ кæны». Мах та йæ фæзæгъæм:

«*Æ*ртхъирæнтæ кæны». Дзырд *æртхъирæны* фонетикон фыдæл *артхъарæн* кæй у, уый бæлвырд амынд у зонадон литературæйы дæр. «Стало быть, æртхъирæн – ард хъарæн – это «взывание с проклятиями», – фыссы Абайты Васо йæ Дзырдамонгæйы фыццаг чиныджы (181 ф.).

Æртхъирæнгæнæг ирон лæг сомытæ фæкæны, æрдтæ фæхæры, æз ын, лæг циу, уый фенын кæндзынæн, æз дзы мæ маст райсдзынæн, зæгъгæ. Æртхъирæны ныхæстæн уæвæн ис алыхуызон дæр, æрмæст дзы æлгъыстæн (проклятие) йæ аууон дæр нæ вæйййы. Уæвгæ, уый мæ ныхасы сæйраг нæу. Ацы ран нын сæйраг у мивдисæг *хъарын* (дыг. *гъарун*). Васо йын йæ мидис тынг бæлвырдæй загъта уырыссагау: «взывать», «вопить», «настойчиво предлагать». Нæ зæрдыл-ма æрлæууын кæнæм рагон æндæр дзырдбаст: «арвмæ (хуыцæуттæм) йæ тæригъæдтæ хъары». Ома зæрдæуынгæгæй (чи зоны, кæугæйæ дæр) йæ мæгуырдзинæдтæ, йæ тыхст уды хабæрттæ хъæрæй дзуры (хъары) уæлæрвтæн, æртæн æмæ дзуартæн. Цард цард у, æмæ-иу фыдæлты заман фыдбылыз куы ‘рцыди, искæуыл-иу йæ хур куы баталынг, уæд-иу зæрдæргъæвддæр æмæ хъæлæсджындæр устытæ кодтой хъарæнгæ (дыгуронау гъарæнгæ), хуыцæуттæй куырдтой амæлæг зæххон лæгæн удыбæстæ. Рагзаманты хъарæнгæ (хъарæг) кодтой нæлгоймæгтæ дæр. Уонæхсар лæгæн-иу, хъазуаты бацæугæйæ, йæ зæрдæ куынæ фæтарст, йæ кад йæ цардæй бæрзонддæр æвæргæ лæгдзинад æвдисгæйæ куы фæмард, уæд ахæм нæртон лæджы тыххæй дæр кодтой хъарæг-зарæг. Хъæлæсджын лæг-иу зæрдæргъæвд æмæ уынгæгхъæлæсæй куы ныхъхъæр кодта уæлæрвтæм, уæд-иу йæ хæдуæлвæд лæгты къорд бахъарæн кодтой: «Уæ аратæ! Уæ аратæ!» («Уæрæдæ! Уæрæдæ!»). Нæлгоймæгты иумæ хъæр, иумæ базард фыдæлтæ хуыдтой *хъарæн кæнын*, кæнæ *хъарнын*, мах та йæ абон дзурæм хуымæтæгдæр хуызы: *хъырнын*. Фыдæл-иу куы загъта, хъарæнгæ кæнут, зæгъгæ, уæд уый æмбарын хъуыди афтæ: хъырнгæ кæнут.

Хъарæггæнæг усы алы сныхасы фæстæ хъарæн кодтой устыты къорд дæр: «Уæрæдæ, уæрæдæ!» Фæлæ хъарæндзырд *уæрæдæ* йæ дæргъвæтин царды райста фонетикон алы хуызтæ: *уæрæдадæ, дæдадæ, дæдадæй*. Зæгъæм Къостамæ: «Уæддæр-иу «дæ-да-дæй» куы ныццæлхъ ластон». Раздæр заманты дæдадæй хъуысти куывдты, чындзæхсæвты

æмæ зианы рæстæг дæр. Фæлæ зианы рæстæг дæдадæй æрдзон уагыл рахызти зæрдæуынгæг (эмоционалон) хъæрмæ: *дæдæдæй.* Афтæмæй фыдæлты рагон фæтк дарддæр хæссынц: хъарæггæнæг (хъарæнгæнæг) ус фæзæгъы йæ зæрдæхалæн ныхас, æмæ та устыты къорд иумæ бахъарынц: «Дæдæдæй, уæ дæдæдæй...»

Ирон мивдисæг *хъарын*, *хъарæн кæнын* тынг рагон у, ирон-алайнаг æвзаджы урс дадалитæ рауагъта. Нæ тынг рагон фыдæлтæ Кавказы хæхтæ уынгæ нæ, фæлæ сын сæ кой хъусгæ дæр куынæма фæкодтой, уæддæр мивдисæг *хъарын* царди æмæ уыди нæртон æвзаджы. Æцæг æй рагфыдæлтæ дзырдтой фæлмæндæрæй: *гарын, харын.* Дзырды райдианы кавказаг хъæбæр зæл *хъ* фæстæдæр заманты фæзынди – хъарын. Ацы дзырды равзæрды тыххæй Абайты Васо йæ Дзырдамонгæйы 2-аг чиныджы афтæ фыссы: «Возводится к др.-иран. гар (зар) – «кричать», «взывать» и пр., наличному также в хъæр «крик», хъарæг «причитание», зарын «петь», хъырнын «подпевать», аргъауын «совершать церковную службу», хъæлæс «голос» (268 ф.).

Уæдæ нæ рагондæр фыдæлтæ сæ «ног» цæрæнты – Кавказы хæхбæстæйы – куынæма æрфистæг сты, уæд ирон мивдисæг хъарын дзырдтой фæлмæнæй: харын, гарын. Æз афтæ æнхъæл дæн, æмæ ма иунæг дзырдбасты баззади мивдисæджы ацы рагон хуыз: *удхар кæны*, ома йæ уд хары (хъары). Фыццагонтæ дзырдтой: «Йæхи хары», «Йæхи бахардта». Уый афтæ æмбаргæ уыдис, æмæ «йæхиуыл нæ ауæрды», «йæхи размæ æппары» (куысты, царды). Мах та йæ абон афтæ фæзæгъæм: «Йæхи хæры», «йæхи бахордта», «йæ уд бахордта». Ныр ма, æвæдза, цас бамбаринаг у, цы зæгъынмæ хъавын, уый: рагон ирон-алайнаг мивдисæг *харын* (*хъарын*) фæрсылæй рабадти бынтон æндæр мивдисæг хуæрун-ы фарсмæ, стæй кæцыдæр заманты æнцонæй аиу сты – *хæрын.* Æмæ нæ рагондæр фыдæлтæ зæрдæргъæвдæй кувгæ кæмæ кодтой, уынгæг хъæлæсæй харгæ (хъаргæ) кæмæ кодтой (уæ аратæ!), уыцы дзуарты (арты) кæцыдæр заманты... хæрын байдыдтой: артæм хары – арт хары – ард хæры.

Кæцыдæр дзырд (кæнæ дзырдбаст) йæ фонетикон фæлгонц куы аивы æмæ йæ адæм ног хуызы æмбарын куы байдайынц, уæд уый зонадон литературæйы хонынц адæмон (мæнг) этимологи. Ахæм хабæрттæ ирон æвзаджы дæр æмæ иннæ ‘взæгты дæр рауайы. Цæвит-

тон, ногперсайнаг ӕвзаджы ис дзырдбаст *сауганд хурдан*, йӕ мидис у ард хӕрын. *Сауганд* – ард, *хурдан* – хӕрын. Афтӕ йӕ ‘мбарынц персайнаг адӕм. Васо дӕр ӕй уырыссаг ӕвзагмӕ афтӕ раивта («буквально: «есть клятву») ӕмӕ йӕ ӕвӕры ирон ард хӕрыны фарсмӕ. Фӕлӕ ам дӕр уынӕм адӕмон (мӕнг) этимологийы фӕдфӕливӕн: «...н-перс. сауганд хурдан «клясться» буквально значит «пить серную воду», а не «есть клятву», как это истолковывается народной этимологией», – фыссы йӕ чиныджы рагон персайнаг цардыуаг ӕмӕ ӕвзаджы дӕсны Периханян Анаит.

Васо дӕр афоныл рахатыдта персайнаг дзырдбасты адӕмон (мӕнг) этимологи ӕмӕ йын йӕ равзӕрд амоны ног хуызы: «...сауганд хурдан «клясться» буквально «пить серу» (при испытании в ордалии)».

Уӕдӕ ныр фидарӕй нӕ бон у афтӕ зӕгъын: нӕдӕр ирон, нӕдӕр персайнаг ӕвзӕгты мивдисӕг хӕрын – хурдан (ома хойраг хӕрын) ницы бар дары ард хӕрыны архайдмӕ. Уӕвгӕ, ардхӕрды дуне рагон ӕмӕ ӕгӕрон у. Айдагъ ирон адӕммӕ йын ис бирӕ алы хуызтӕ: сӕумӕ хурӕй сомы кодтой. Дзырд *сомы* дӕр «*сӕумӕ*»-йӕ равзӕрди: «Басӕумӕ кӕн – басомы кӕн». Ома, цалынмӕ хур йӕ тыхджынӕй у, йӕ кувыны заман у, уӕдмӕ дӕ зӕрдӕйы ӕнӕсайд ныхас зӕгъ...

Сомы кодтой мад, фыды ингӕнӕй дӕр. Ӕцӕгдзинад рабӕрӕг кӕныны тыххӕй-иу фыдӕлтӕ хаттӕй-хатт кодтой фыдгӕнд. Уый та афтӕ уыди ӕмӕ-иу хъӕубӕсты (комбӕсты) куы райхъуыст давды, скъӕфты, лӕгмарды хабар ӕмӕ-иу фыдгӕнӕг куынӕ раргом, уӕдиу хъӕубӕсты (комбӕсты) номдзыд лӕгты дзырдамындӕй уӕлмӕрдтӕм бакодтой нӕфӕтчиаг цӕрӕгойты ӕбӕрӕг фыдгӕнӕджы мӕрдтӕн ныффӕлдисыны тыххӕй. «Фыдгӕнд (срамная клятва, заклинание кошкою, собакою и ишаком)», – фыста Гатиты Барис 1876 азы йӕ этнографион уацтӕй иуы («Суеверия и предрассудки у осетин»).

Ирон лӕгӕн рагӕй дӕр йӕ мӕрдтӕ йе ‘гӕстӕй зынаргъдӕр уыдысты, сӕ кад сын бӕрзонд ӕвӕрдта, сӕ дзӕнӕтон дунейы цардыл фылдӕр мӕт кодта. Ӕмӕ цавӕр лӕджы бафӕндыдаид, цӕмӕй йын йӕ хуыцауӕмсӕр мӕрдтӕн нӕфӕтчиаг цыппӕркъахыг ныффӕлдыстаиккой ӕмӕ-иу цӕйнӕфӕлтау, зӕгъгӕ, йӕ фыдгӕндыл басасти. Уӕды замантӕй ныхас ӕрхӕццӕ: «Хӕрӕг йӕ мӕрдтӕ бахӕрӕд, кӕд уыцы

хъуыддагæн æз исты зонын...» Ацы ран дæр та нæ цæрдæг-цæрæццаг мивдисæг *хæрын* («бахæрæд») февзæрди ардхæрды джиппы. Æцæг ам ис йæхи сæрмагонд бынаты.

Адæмы æхсæн-иу хатгай разынди æнæбасæттонтæ дæр: æнæхуыцау, æнæдин лæгтæ. Ахæмтæй-иу загътой: «Мард дæр ын нæй, Хуыцау дæр ын нæй». Афтæ дæр ма-иу дзырдтой: «Йæ сæрыл ын куыйтæ æмæ гæдытæ куы аргæвдай, уæд дæр нæ басæтдзæни».

Æмæ цынæ хуызы бæрæг кодтой фыдæлтæ æцæгдзинад: «Уæд мæ мард фен, кæд мæнг зæгъын», «Уæд мæ ингæнмæ ныккæс». Уæдæ, йæ Сафайы рæхысил хæцгæйæ, фидар ныхас чи загътаид, ард чи бахордтаид, уыл дæр ничиуал бафтыдтаид дызæрдыджы ауон.

Уыдис-иу афтæ дæр: фыдгæнæг йæ фыдмийыл нæ сæтты, зæгъгæ, уæд-иу артдзæсты ацæхæр кодтой... бирæгъы нуар. Нуар-иу арты тæвдæй здыхсгæ куы æрбатымбылтæ, уæд-иу æй зæхмæ раппæрстой, сыджыт дæр ма йыл бакалдтаиккой – фæздæг куыд суадза. Стæй уый фæстæ – сæйраг архайд: хъæубæсты кадджындæр зæронд лæг-иу (уый арæхдæр уыди дзуары лæг) Хуыцаумæ скуывта, Хуыцауы арфæ-иу ракуырдта, цæмæй, фыдми чи бакодта (фосыдавд, чызгæскъæфт, лæгмард), уый мæнæ ацы бирæгъы нуарау фыднизтæй куыд ныккъæдзтæ уа, зæгъгæ, æмæ-иу хъæубæсты цæрджытæ радгай хызтысты фæздæгкалæг бирæгъы нуары сæрты. Фыдгæнæг-иу йæ ныфс нæ бахаста бирæгъы нуары сæрты ахизын æмæ-иу сæрныллæг, уæнтæхъилæй йæ фыдмийыл басасти...

Фæлæ уæддæр, æвæдза, нæ рагон фыдæлтæм æцæгдзинад раргом кæныны сæйраг мадзал уыди ард хæрын – ард хъарын, ома ардхъарæг Хуыцауы кувæндоны бæгъæмвад æмæ худаистæй, зæрдæуынгæг æмæ зæрдæргомæй фæдзуры Хуыцауæн йæхиимæ: «О мæ рафæлдисæг Хуыцау, ды алцы дæр уыныс, алцыппæт дæр зоныс, æмæ, кæд æз исты аххосджын дæн, кæд мæнг ныхас зæгъын, уæд мæ дæхи фыдæх дæр æмæ дæ сыгъдæг дзуæртты фыдæх дæр баййафæд».

Ацы ран йæ тæккæ рæстæг у иу хъуыддаг фæбæлвырд кæнынæн. Ахуыргæндтæ ардхæрды равзæрд иртасгæйæ арæхдæр фæкæнынц иувæрсыг ныхас, ома фыдæлтæ ард хордтой æцæгдзинад (истина) сбæлвырд кæныны тыххæй. Ардхæрды дзырд «*Хуыцауыстæн*»-ы дыккаг æмбисы дæр славянаг *исть*, *истина* уымæн фендæуыд. Фæлæ

уый ардхæрды иу фарс у, йæ иу нысан. Ард хæргæйæ æдзух æцæг-дзинад (истина) нæ иртæстой, фæлæ йын уыдис æндæр нысаниуæг дæр. Дыууæ æмгары-иу Хуыцауы раз (Хуыцауы дзуарты раз) загътой сæ зæрдиаг ныхас, ард-иу бахордтой, амæй фæстæмæ кæрæдзиуыл æнувыд кæй уыдзысты, кæрæдзиуыл сайдæй кæй никуы рацæудзысты, уый тыххæй-иу Хуыцау æмæ Хуыцауы дзуарты сæхицæн скодтой уæларвон æвдисæн.

Кæрæдзийæн фидары ныхас лæвæрдтой мыггаджы лæгтæ дæр æмæ суанг паддзахæдтæ дæр. Рагон Персы та ма ахæм хабар дæр уыди. Паддзах Камбис фæдзырдта йæ бæстæйы дзырддзæугæ хистæртæм, номдзыд æлдæрттæм æмæ йæ фырт Кирмæ æмæ сын загъта: «...я предлагаю вам принести жертвы богам и, призвав их в свидетели, заключить договор (ардхæрд. – Ч.Г.) о том, что ты, Кир, если кто-нибудь пойдет войною на персидскую землю или попробует низвернуть законы персов, окажешь им помощь всеми силами, а вы, персы, если кто-нибудь попытается лишить Кира власти или от него попробует отложиться какой-нибудь из подвластных народов, тоже постоите и за себя и за Кира по первому его призыву». Паддзах Камбисы ацы ныхæстæ ныффыста йæ заманы (дыууæ мины æмæ æртæ фондзыссæдз азы размæ!) бердзенаг историк Ксенофонт. Ксенофонт куыд зæгъы, афтæмæй Камбисы фæндон адæмы зæрдæмæ фæцыди, æмæ ард бахордтой: «...они заключили этот договор и призвали богов в свидетели...». Кæрæдзийæн, зæгъы, фидары ныхас загътой æмæ сæ ардхæрдæн хуыцæутты æвдисæн скодтой.

Рæстмæгæсæг карз хуыцæуттæ-дзуæрттæ уыдис ирон адæмы рагфыдæлты арвыл дæр. Уыдон уыдысты тæрккъæвдайы нæрæмон бардуæгтæ аратæ, артæ. Уыдон сæдæгай азтæ (чи зоны, мингай азтæ) зæринфатдзæгъдæн кодтой арвы бæрзондæй зæххы ныллæгмæ: хæйрæгæй-дæлимонæй, фыдгæнæг-мæнгардæй никæуыл ауæрстой, æппæты дæр цагътой сæ цæхæр æрцытæй, сæ нæргæ рæхыстæй. Хуыцауы уарзон адæмæн та уæларвæй æрвыстой сатæг къæвдатæ, фарны къæвдатæ Хуыцауы арфæтимæ.

*ДЗУЦЦАТЫ Зæлинæ,*
*рауагъдад «Ир»-ы редактор,*
*РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг*

# «ТÆХУДЫ, НÆ ИРЫ ДЗЫЛЛÆЙÆН ИСТЫ ХОРЗЫ БАЦУ...»

*Уац*

Цъæх арвы бын бирæ диссæгтæ ис. Æмæ уыцы диссæгтæй иу у, Заманхъул Иры зæххæн цас курдиатджын адæм балæвар кодта, уый. Ирон аивад срæсугъд ацы хъæуæй рацæугæ бирæ ахуыргæндтæ, фысджытæ, нывгæнджытæ, артисттæ æмæ зарæггæнджытæй. Се ʻхсæн ис поэт, драматург, нывгæнæг, дзырдиртасæг æмæ, æппынфæстаг, хорз адæймаг – Чеджемты Зæкæриайы фырт Геор дæр.

Зæкæриайы бинонтæн курдиат Хуыцауæй лæвæрд уыди. Йæхæдæг – курдиатджын цыртаразæг, йæ бинойнаг Верычкæ – къухæй алцæмæ дæр тынг дæсны: йе сконд гауыз цæсты гагуыйау бирæ азты фæхъахъхъæдта йæ хистæр фырт, Ирыстоны адæмон поэт Чеджемты Æхсар, ныр та йæ йæ номыл райс-бавæрды дзаумайау дары уый бинойнаг Дзалаты-Чеджемты Ларисæ. Уæдæ сæ кæстæр лæппу Астемыры та кафын æмæ зарынмæ ничи амбылдтаид.

Геор та, скъоламæ куы нæма цыди, уæддæр уарзта нывтæ кæнын. Йæ фыдыхо Уахирæты (Быдтайы) аргъæуттæм хъусгæйæ-иу ыл сбон, уæдæ Заманхъулы рæгътæм, йæ райгуырæн хъæуы æрдзы рæсугъддзинадмæ кæсынæй та йæ цæст æфсæдгæ дæр нæ кодта.

Царды цы фæндагыл ацыди, уый дæр æй аивады бæрзæндтæм хуыдта. Мæскуыйы полиграфион институт каст куы фæци, уæд бирæ рæстæг фæкуыста журнал «Ногдзау»-ы нывгæнæгæй, уый фæстæ та рауагъдад «Ир»-ы аивадон редакторæй. Кæй зæгъын æй хъæуы, йе ʻрбацыд журналы æмæ рауагъдады куыстыл дæр бæрæг-бæлвырд фæзынд, уымæн æмæ уыд æцæг профессионал. Бирæ чингуытæ сфæлгонцджын кодта. Ис ын тынг индивидуалон æрмдзæф: йæ удæй фылдæр кæй уарзта, уыцы Заманхъулы арвау – хъæрм, йæ зæххау – фæлмæн... Уæвгæ, йæ ирон ныхас, йæ зæрдæйыуаг дæр ахæм сты: фæлмæн æмæ адæммæ арæзт. Йæ зонындзинæдтæ та цы литературæйы, цы нывгæнынады, куыд фæзæгъынц, бынæй – исгæ, уæле – ахадгæ,

хæлæг сæ никæмæн кæны. Уæдæ йæ ирон уæздан ныхас та хицæн ныхасы аккаг у. Йæ ‘рдхорд фыссæг Цгъойты Хазби куыд загъта, Георæн, дам, йе ‘взаг у ирон бадт арахъхъау: нæ йæм æфтаугæ ницы бакæндзынæ, нæ – æппаргæ...

Геор сывæллæттæн цы чингуытæ рауагъта (нывтæ дæр сын йæхæдæг скодта), уыдон кæцыфæнды адæмыхатты литературæ дæр сфидауын кæндзысты. Зæгъæн ис (хъыг макæмæ фæкæсæд, уый мæ хъуыды у), Георы размæ дæр, стæй абон дæр сывæллæттæн ахæм æмвæзадыл ничима фыста æмæ фыссы.

Бирæ чингуытæ йын рацыди Мæскуыйы æмæ ам, Ирыстоны дæр. Йæ чиныг «Цины хабар» райста дыккаг преми (фыццаг никæмæн радтой) Хуссар Ирыстоны арæзт конкурсы.

Чеджемы-фырт канд сывæллæттæн нæ фыста. Йæ лирикон æмдзæвгæты чиныг «Арвы бæлæстæ» адæмы зæрдæмæ тынг фæцыди. У ма курдиатджын драматург дæр. Йæ пьесæтæ «Цола», «Цолайы чындзæхсæв», «Чери», «Хъуыбады» рацыдысты хицæн чиныгæй, уыдысты æвæрд ирон театры сценæйы. Уæлдай тынгдæр адæмы зæрдæмæ фæцыд пьесæ «Цола» – 30 азы дæргъы йæм театрмæ кæсынмæ цыдысты цалдæргай хæттыты. Уæдæ йæ зарæг «Цæй, цы худут, чызджытæ», зæгъæн ис, æмæ ссис адæмон.

Фыссæг иртæста Нарты эпосы æмæ ирон æвзаджы проблемæтæ дæр. 2019 азы рауагъдад «Ир»-ы рацыд йæ чиныг «Фыдæлты хæзна». Ирон культурæ, ирон æвзаг зынаргъ кæмæн сты, уыдон ыл æхсызгонæй сæмбæлдысты. Автор йæхæдæг куыд загъта: «Мæ азты хурхæтæны сæрты ахызтæн – æвдай азы «æргъомбастæй» иуварс æрæвæрдтон. Æмæ ныр, азты бæрзæндæй фæлгæсгæйæ, мæхицæн раиртæстон иу бæлвырд хабар: цæмæдæр гæсгæ нæдæр исбонмæ никуы батæхуды кодтон, нæдæр кад æмæноммæ. Æрмæст мæ иудадзыг фæфæнды нæ Иры дзыллæйæн, нæ культурæйæн, нæ мадæлон æвзагæн, гъей, тæхуды, исты хæрзæджы бацæуын…» Бантыст ын «хæрзæджы» бацæуын – абон йе сфæлдыстадон бынтæ сты нæ литературæйы фидауц.

*ХУЫБИАТЫ Зауыр*

# БАФТАУ МА МЫЛ, О МÆ МАД, ДЗУÆРТТÆ

* * *

Цæй, кæрæдзимæ раттæм нæ къухтæ –
Уый у махæн Къостайы фæдзæхст.
Бонæй-бонмæ куыд кæна рæсугъддæр,
Уый Ирыстонæн уарзы мæ цæст.

Махæн Ирæн йæ хæхтæ – зæдбадæн,
Уадз йæ быдырты зайа бæркад.
Куыд хъæбултæ сæ ныййарæг мадæн,
Афтæ бакæнæм Ирæн лæггад.

Нæй æнæ Хуссар амонд Цæгаты,
Нæй æнæ Цæгат Хуссары цард.
Цæй, Къостайы ныхæстæй нæ царды
Мах æфсымæртау бахæрæм ард.

Ирдгæ радымы цъитийæ хохмæ,
Мигътыл апырх сæуæхсиды туг.
Джеры Уастырджи Хетæджы къохмæ
Кæмтты ‘ртæры дзæбидырты дзуг.

Зары Леуахи цъалайы зарæг,
Терк ын арф комы бынæй хъырны,
Æмæ Хуссары æфцæгыл барæг
Уазæгуаты цæгатмæ тырны.

Цæй, ныззарæм Ирыстоны кадæн,
Мады ‘хсырау – йæ суадæтты ад.
Тугæфсымæр у Хуссар Цæгатæн,
У Ирыстон сæ ныййарæг мад.

* * *

Æз иу тала нæ ныссагътон мæ царды,
Мæ номыл иу дур никуы ис æвæрд.
Цæссыг мын ничи ‘рæппардзæн мæ мардыл,
Нæ баззайдзæнис а зæххыл мæ фæд.

Дæ зæрдæ дын нæ барухс кодтон уарзтæй,
Æз фехæлдтон æгъдауы рухс мæсыг.
Дæ уд тыххæй мæ ихын къухтæй сластай,
Уæд ма мыл ды куыд ‘рæппарай цæссыг?

Нæ раст кæнын мæхи, фæлæ дæ курын:
Мæн хуызæттæй дæ рухс фæндтæ ныгæн.
Æрдз адæймаджы сахуыр кодта дзурын,
Фæлæ зæрдæ нæ радта уый лæгæн.

Цы ис зындæр æнæаххос æфхæрдæй?
Хæрæгæн, дам, дæндагæй у йæ цин.
Мæ къæхты бын дын асастон дæ зæрдæ,
Ды иунæг дæ, мæн хуызæттæ та – мин.

* * *

Кæд адæм искæй ницæйагæй тонынц,
Уæддæр мæнæй у уый, бæгуы, хуыздæр.
Фæлæ кæд искæй фидиссаг фæхонынц,
Уæд базонгæ уæм, адæм: уый æз дæн.

Нæ баузæлын никуы æз кæстæрыл,
Нæ бакæнын æз хистæрæн лæггад.
Нæ хизы лæг мæ хæдзары къæсæрыл,
Мæ фынгыл ничи бахордта бæркад.

Æз худинагæй мисхал дæр нæ тæрсын,
Нæ зонын æз æгъдау æмæ æфсарм.
Фыд-кусарты фыдызгъæлæй ныннæрсын,
Дыккаг бон та йын бахæрын йæ царм.

Хæмыцы дæндаг ис мæнæн мæ комы,
Сырдоны ‘взæгтæ ис мæ дзыхы дæс.
Сылыстæг мæм куынæ фæкæсы коммæ,
Мæ хъох дæндаг ын фенын кæнын æз.

Дзæгъæлзæдтæй æз байдзаг кодтон бæстæ,
Мæ карз сомы дæр у нымад мæнгыл.
Куы, дам, фæвæййы бирæгъ туджы хъæстæ,
Уæд нал уадзы йæ кæнон уый зæнгыл.

О, уаих фæуай, чи мысы ныхæстæ,
Хуыцауы раз тæригъæдджын дæ ды.
Ды калмау хæссыс де ‘взагыл дæ хъæстæ,
Дæ марг æвзаг дæлзæхмæ дæр кæрды.

Мæ цард халынмæ чидæр тынг куы тырны,
Уый, ме ‘намондæн, а зæхмæ гуырд у.
Йæхи цæсты уый къала дæр нæ уыны,
Фæлæ мæ цæсты ауыдта æрду.

* * *

Ирон æвзаг! Дæ ныхæстæй мæм хъуысы
Бæхты мыр-мыр, æхсаргарды зыланг.
Аланты ‘фсад та карз тохмæ фæбырсы,
Сæ тырысайыл абухы фыранк.

Сæ сæрты маргъ дæр атæхын нæ уæнды,
Ныннæры кæмтты: тох, фæсивæд, тох!
Зæйы ныхмæ тых æвзарын кæй фæнды, –
Сæ иу фезмæлдæй ралæбыры хох.

Евразийы тыгъд быдырты фæндæгтыл
Ирон æвзаг хæсты мидæг ысфыхт.
Цынæ бæстæтæ басастат уæ бæхтыл,
Кæимæ ма нæ бавзæрстат уæ тых?

Тæвд Африкæйы хурæй сыгъд тыгъдады
Куы айхъуысти уæ кад æмæ уæ ном.
Ызмæст Нилы аланты хъал æфсæдтæ
Куы бадардтой сæ фæллад бæхтæн дон.

Дауыт-Сослан, мыггагæй уыд Цæразон,
Æмбисонд уыд йæ хъару æмæ 'хсар.
Ирон хæрæфырт уымæн уыд йæ уарзон,
Гуырдзыйы паддзах, хурвидыц Тамар.

Иссæйы нымæт дымгæмæ ныппака,
Ирон инæлар саргъимæ ысиу.
Фæкæны та бæхджын æфсад атакæ,
Ызды нæмыгæй не 'мбæхсы йæ риу.

Ирон дзырдтæ нæ хуртуаны нæмгуытау,
Къостайы фыст æмдзæвгæты быдау
Мæ ком мын хатгай басудзынц цæкуытау,
Куы та мæ удыл батайынц мыдау.

Арагвийы был – хурæфсæст сæндæттæ,
Ирон зарæг Хъуыбады зарыд уым.
Цæгат Ир æмæ Хуссары фæндæгтыл
Уый байтыдта ирон кадджыты хуым.

Ирон æвзагыл базыдтон Шекспиры,
Отеллойы зæрдæрыст монолог.
Ирон æвзагыл хъуыстон Паддзах Лиры,
Уый гени уыд – Тæбæхсæуты Бало.

Мæ мад-иу мын мæ авдæны раз зарыд,
Йæ зарæг уыд ирон дзырдтæй рæтыд.
Ирондзинад мæ тугдадзинты хъарыд,
Иронау-иу куы ракуывта мæ фыд.

Ирон æвзагæн ма фенæм йæ мæлæт,
Хæзнайау æй фыдæй-фыртмæ дæттæм.
Ирон зарæг мæ фарны фынгтыл зæлæд,
Ирон хъарæг мæ барвитæд мæрдтæм.

* * *

Цард у чиныг, бонтæ та – йæ сыфтæ,
Рæстæг та æнæуынгæ фыссæг.
Агурын мæ чиныджы дæ нывтæ,
Нал та хæцы цæстытыл хуыссæг.

Бонæй-бонмæ сыфтæ æз фæлдахын,
Æмæ та дæу фенынмæ бæлгæ
Ивгъуыд цард къуырттон каркау æз къахын,
Искуы дзы куы ссарин дæу бæргæ...

Искуы мæм куы фæзынис мæ сæнтты,
Удыл та ысхæцыдис фæсмон.
Кæд ыскодтай ды мæнæн кæлæнтæ,
Кæд дæ хинтæй фесæфтон мæ зонд.

Иу хатт ма дæ сау цæстытæм бакæс,
Басгар дын дæ дзыккутæ уырзæй.
Ды мæнæн – мæ цин æмæ мæ сагъæс,
Тухæнтæн лæвæрд уыдтæ æрдзæй.

* * *

Цæвæджы ʽхситт куы ауадис мæ хъустыл,
Сæумæйы хур нæма систа æртæх, –
Æз баввахс дæн. Зæронд лæгæн йæ русыл
Æрлыгъд бынмæ цæхджын хиды æртах.

Æрлыгъд бынмæ йæ уадулы ысчъилы,
Йæ кæронмæ нæ ахæццæ æрмæст,
Æмæ дæрзæг дыууæбоныккон хилы
Фæрдыгау хурмæ ферттывта йæ цæст.

Уæрццау куы цæвæг кæрдæгæй ыстæхы,
Куы та дзы фатау афсæры æваст.
Йæ фæстæ кæрдæг ставд уистæй фæлдæхы
Хæмпус тæлмытау, – зæххы чъылдым раст.

Æрлæууыд лæг, ысраст кодта йæ астæу,
Йæ къухы ауун афæлгæсыд дард.
Цыма лæууы зæххы къорийы астæу,
Йæ алыварс – æнæкæрон тыгъдад.

Йæ цæвæг лæг хъæсдарæгыл æрцагъта,
Æрсæрфта йын йæ комыл хохаг дур
Æмæ та къухтæ ног дæрдтыл фæхаста.
Æхситт фæцыд. Ыссæуы арвыл хур.

* * *

Ысрæгъæд та нæ урс тута нæ кæрты,
Æз та йын мысын горæты йæ ад.
Мæ фыд кæсы нæ зæронд кауы сæрты,
Лæууы йæ фарсмæ кауы ‘нцой мæ мад.

Нæ зæронд куыдз фæхъил кæны йæ хъустæ,
Фæлæ йæ каст куы рауади дзæгъæл.
Мæ мад изæры бафснайдзæн йæ къустæ,
Мæ фыд æрзилдзæн кулдуары дæгъæл.

Фæрсæй-фæрстæм æрбаддзысты æнкъардæй
Дыууæ зæды нæ хæдзары рæбын.
Мæ фыд йæ лæдзæг амайдзæн йæ кардæй,
Мæ мад æлвисдзæн урс-урсид тæбын.

Æмæ кæндзæни алчи дæр йæ хъуыды,
Æргом сæ ничи ракæндзæн йæ хъаст.
Куыд тынг уарзын мæ мад æмæ мæ фыды,
Куыд уæззау у мæ зæрдæйæн сæ маст.

Нæ мæ равдæлд, нæ та мын фæци фадат,
Æхсныфау фурды мæн ыскъæфы цард.
Æрцæудзынæн, куы та æрлæууа сабат,
Мæ уæздан фыд æмæ мæ фæлмæн мад.

Фæбаддзыстæм кæркуасæнтæм мах иумæ,
Фæкæндзыстæм зæрдæбынæй ныхас.
Нæ куыдз йæ къæдзил тилдзæн царыл фиумæ,
Ныхъхъус уыдзæн нæ урс тута бæлас.

Нæ зæронд куыдз фæхъил кæны йæ хъустæ,
Фæлæ сæ каст куы рауади дзæгъæл.
Мæ мад изæры бафснайдзæн йæ къустæ,
Мæ фыд æрзилдзæн кулдуары дæгъæл.

* * *

Тæхыс, мæ чызг, дæ хъарм ахстонæй цардмæ,
Ды урс бæлон дæ, царды рухс ды дæ.
Æмæ та ног ирон фæндыры цагъдмæ
Ысуынгæг ис дæ бабайы зæрдæ.

Йæ бон дæумæ нæу бакæсын æргомæй,
Кæуындзæгæй ысдзурын нæу йæ бон.
Йæ цæстытæ куы айдзаг вæййынц донæй,
Куы дын айхъусы искæмæй дæ ном.

Æмбисонд у, куыд уарзы чызг йæ фыды,
Фыдæн та чызг уæлдайдæр у зынаргъ.
Кæсы ныр уый æнæдзургæ дæ фæдыл,
Дæ сабидугмæ хъуыдыты фæтахт.

Ызнон дæр ма æнæарæхст сынчытæй
Дæ хъазæн чындзæн разгæмттæ хуыдтай.
Ысхызтæ-иу дæ бабайы уæрджытæм,
Тæргайæ-иу йæ хъæбысы куыдтай.

*Базард:*
О Мады Майрæм! Кувы дæм ирон фыд,
Мæ хъæбулы мын амондджын фæкæн.
Нæ фидауы нæлгоймагыл цæсты сыг,
Фæлæ кæм кæсы коммæ зæрдæ, кæм?

Цæуыс, мæ чызг. Фæдзæхсы дæ Хуыцауыл
Дæ фæлмæн фыд, бæрзонд ын хæсс йæ фарн.
Дæ ног хæдзары бинонты æгъдауыл
Ды баиу кæн дæ цæгаты æфсарм.

Дæ ног къæсæрыл амонды къах бавæр,
Дыууæ мыггаджы баиу кæн æнгом.
Сæрыстыр дæ, чызг, уыдзæнис дæ фыд дæр,
Æмæ хъуысдзæн Ирыстоныл дæ ном.

*Базард:*
О Мады Майрæм! Кувы дæм ирон фыд,
Мæ хъæбулы мын амондджын фæкæн.
Нæ фидауы нæлгоймагыл цæсты сыг,
Фæлæ кæм кæсы коммæ зæрдæ, кæм?

Ныр-иу изæр нæ хæдзары куы 'рбадæм,
Куы-иу фæцæуа дуары хъыррыст.
Йæ зæрдæ-иу ысрæхойдзæн дæ мадæн –
Мыййаг, кæд уый æрбацæуы нæ чызг.

* * *

О ныййарæг! Ма мыл скæн саутæ,
Ма мыл кал æнæхъуаджы цæссыг.
О мæ хъæбул! Ды мæ гыццыл тау дæ,
Байрæз мын, нæ мыггаджы мæсыг.

О мæ фыд! Ды ма æууæнд ныхæстыл,
Ма мын сæвæр афтид зæххыл цырт.
Чи зоны? Цы нæ æрцæуы хæсты,
Æмæ иу бон сыздæха уæ фырт.

Сау денджызæй сау хабæрттæ хъуысы,
Фондзы ныхмæ атардтам нæ танк.
Райхъал кодтой лæгæты Уырысы,
Арсы фарсмæ тох кæны фыранк.

Артæн та кæм фæразы æфсæйнаг,
Бакодтам цъыбыртты сыгъд ызнаг
Мах – Ирон, Уырыссаг ‘мæ Цæцæйнаг, –
Фæлæ тохы басыгъди нæ танк.

Æмæ кæд Фыдыбæстæйы хæсты
Авд сæры æрцыди калмæн къуырд.
Залиаг калм бамбæхста сæ бæсты
Сау сыджыты фидæнмæ йæ къуыртт.

Ма кæнут нæ ингæнты раз хъарæг,
Асæрф-ма дæ цæссыгтæ, мæ мад.
Сисут-ма нæ хъæбатыртыл зарæг,
Мах ыстæм Чырыстийы æфсад.

* * *

Куырм лæг дæр ма фылдæр уыны сымахæй,
Ысгаргæйæ, лæдзæгимæ цæугæ.
Сымахæн та æмбисбон дæр цырагъæй
Уæ развæндагмæ рухс кæнын хъæуы.

Къуырма дæр хъусы адæмы дзыназын,
Æмбары сын сæ рыст æмæ сæ хъыг.
Сымахмæ та тыхст рæстæг дæр нæ разынд
Тыххæй лæмæрст æфсоны цæсты сыг.

Сымах нæ зонут адæмæн сæ хъысмæт,
Сымах нæ уынут фидæнмæ фæндаг.
Сырдон дæр хоны ныр йæхи Уырызмæг,
У кадджын ныр Хæмыцы хъох дæндаг.

Æфсæст лæг нæм æххормаджы нæ хъусы,
Нæ йæ ‘ндавы нæ адæмы хъысмæт.
Йæ сыхаг хор куы най кæна йæ мусы,
Уæд æм кæны мæсты æмæ ызнæт.

Уæд цас хъæуы, цас, адæймаджы мулкæй?
Æнæфсис у зыдгæнæджы уæцъæф.
Фæлæ куы тæрсы тулдз бæлас дæр цуркæй,
Фæлдахы йæ гыццыл фæрæты цæф.

Мæ Ирыстон! Цы уыдзæни дæ фидæн,
Куы фесафæм нæ фарн æмæ æгъдау?
Рæуæг цардæн уæззау хъалон куы фидæм,
Дæттæм нæ удтæ хæйрæгæн рæдау.

Тыхы ныхмæ мах хæсты тых ыссарæм,
Нæхимидæг та агурæм ызнаг.
Кæйдæр зарæг нæхи уæрдоны зарæм,
Куы рох кæнæм нæ мадæлон æвзаг.

Мæсыг дæр, дам, йæхи дурæй куы хæлы,
Лæууы нæ гæнах къæдзæхыл нырма.
Фæлæ уæйыг дæр фæндагыл фæкæлы,
Куы йæ кæной куырм лæг æмæ къуырма.

* * *

О, мæнæн дæр куы ис зæрдæ,
Уый дæр риссын куы зоны.
Æз мæ фæззыгон изæртæ
Ивын уалдзæджы боныл.

Хъæуæй нал хæссы мæн мæ къах,
Ног æрлæууы мæ зæрдыл.
Ам куыд бадтыстæм иумæ мах,
Ацы райдзаст къæсæрыл.

Ам хæдзардарæг уыд мæ фыд,
Ам мæ мад уыд æрыгон.
Æмæ уыдоны фæлмæн рæвдыд
Мысын, мысын фæззыгон.

Ам уыдтон æз мæ рæсугъд фын,
Маргъау тахтæн мæ фынты.
Ныр хæлуарæг нывæнды тын
Афтид хæдзары къуымты.

Бахус рудзынгыл дидинæг,
Доны ‘ртахмæ бæлгæйæ,
Мады уарзт мын уыд фидинаг
Рухс дунейы цæргæйæ.

* * *

Ирдгæ та куы радымдта сæумæ,
Уды рыстыл судзгæ маст æфтауы.
Ирыл зилы уый хъæуæй-хъæумæ,
Уæлмæрдты тырысатæ фæйлауы.

Уæлмæрдты – нæуæг æвæрд цырттæ,
Сау хæцъилтæ алкæуыл – зæбултæ.
Ам хуыссынц Ирыстоны фырттæ,
Ам хуыссынц Ирыстоны хъæбултæ.

Ног ингæнты иухуызон рæгътæ –
Зæххы риуыл цухъхъайы бæрцытæ.
Бамыр ысты сау айнæг хæхтæ,
Мады Хох! Куыд нæ хауыс фæрчытæй?

Бахордта йæхи кæуынæй мад,
Сидзæргæс йæ хъысмæтыл дзыназы.
Сабитæ – æрхуым æмæ æнкъард,
Фыд йæ цæссыг сусæгæй ныуазы.

Ногæй та куы бацайдагъ ис хæст,
Сау халон хæсты быдыры зилы.
Ма ыскъах хъабатыræн йæ цæст, –
Кадджынæй йæ бавæрдзысты Иры.

Адæмæн Хуыцау куы дæтты цард,
Хæйрæг та куынæг кæны мах хæсты.
Цал хъайтар лæппуйы уым фæмард?
Цал кæстæр нæ райгуырдзæн сæ бæсты?

* * *

Нæ зæххон фæндаг махæн у фæлварæн,
Сыгъдæг удæй ды адæмы 'хсæн цæр.
Ис иу кæрон æххуырст æмæ æлдарæн,
Сæ дыууæйы дæр бахæрдзæни мæр.

Цы ахæсдзæн æлдар мæрдтæм йæ мулкæй?
Барастырæн цыбыр куы у йæ дзырд.
Куы афаддзысты иу хохаг къæй цуркæй,
Дыууæйæн дæр дзы сараздзысты цырт.

Сыгъдæг удæй мах дунемæ фæзынæм,
Ыстæй мыды раз нал фæхæрæм булкъ.
Нæ сыхагæн йæ дзаг къуту куы уынæм,
Уæд нын нæ хуылф куы фæцæйхæры зулкъ.

Ысхъомыл вæййынц фаззæттæ, ыслæгтæ,
Дыууæйыл уарынц сау дзулы кæрдих.
Фæлæ сæ зыд куы саразы ызнæгтæ,
Куы фæкæнынц сæ фыды бынтæ дих.

Ызгæ нæ хæры сау зæххы, цæнгæты,
Фæлæ тæрсы йæ койæ хъал æндон.
Æрцæрын кодта мах Хуыцау дзæнæты,
Нæхæдæг та дзы сарæзтам зындон.

* * *

Бафтау ма мыл, о мæ мад, дзуæрттæ,
Аргъуыд донæй ‘рæхс, гыцци, мæ уд.
Байгом кæн нæ хæдзары дуæрттæ,
Систон æз нæ къæсæрыл мæ худ.

Ма фæтæрс æнафоны бæлццонæй,
Дард бæстæйæ сыздæхти дæ фырт.
Нал ардтон мæйдар æхсæв æнцонæй
Уæлмæрды мæ зæронд фыды цырт.

Сызнæт ысты куыйтæ дæр мæ уындмæ,
‘Нафоны сæ дзæгъæл рæйд ысиу.
Ферох сæ, кæддæр мæ тасæй уынгмæ
Ракæсын кæй нæ уæндыд сæ иу.

О ныййарæг! Хатыр дæ æз курын, –
Дард хæтæнты ахаста мæн цард.
‘Рæвæр-ма мын хъарм арахъхъы дурын,
Бандзар-ма нæ зæронд пецы арт.

Рухс зæгъон нæ хæдзары мæ фыдæн, –
Уый, бæгуы, мæн фенынмæ бæллыд.
Æмæ кæд ныббарæн ис рæдыдæн,
Уæд мæрдты ныххатыр кæн, мæ фыд.

Сыздæхтæн нæ хæдзармæ фæлладæй,
Бафхæрдта мæ дард фæндæгтыл цард.
Фæлæ мæ куы хъахъхъæдтой æгадæй
Бинонты æмæ фыдæлты кад.

*БАСИТЫ Зæлинæ*

# СÆРЫСТЫР ДÆН НÆ НОМДЗЫД ЛÆГТЫ ФАРНÆЙ

## СÆНАЙЫ ХОХ

Сæнайы хох – нæ цъитиджын бæрзонд,
Ирыстоны æгомыг хæхты хистæр,
Дæ ном æгас Кавказы у хъуыстгонд,
Дæ айнæг риуыл райгуырдысты мифтæ.

Дæ рæбын – зæхх, рæдау æмæ фæрныг,
Ды фидар хохæн райрæзтæ йæ удæй.
Æз дæр дæу хуызæн – Иры дзыхъхъы гуырд
Æмæ цæрын хæрз ном æмæ рæстудæй.

Сæна, дæ сæрмæ Арвы ком – хæстæг,
Нывгонд дзы ис ирон адæмы фидæн.
Мыййаг, кæд у уæззау æмæ тызмæг,
О хæхты хох! Ды баххуыс кæн нæ Ирæн!

Нæ бæстæ бирæ бавзæрста фыдбон,
Ныр дæр ма зæхх кæддæры цæфтæй риссы.
Фæлæ ирон лæг алкæд дæр – нæртон:
Зын сахаты, тыхс рæстæджы, фæдисы.

Цытджын Сæна! Нæ бæрзонд дурты дур!
Ирыстоны фарн бахиз ды ызнагæй.
Æнусмæ тавæд Хуры цоты хур!
Ирон зæхх дзаг уæд цин æмæ бæркадæй!

## САФАЙЫ РÆХЫС

Балсæджы цалх – нæ фыдæлты истори, –
Кæддæр уæларвмæ тохы зарæг цыд.
Нæ зыдтам мах хатыр æмæ цæстмæ ми,
Дæрдтыл хъуыстис нæ ном æмæ нæ цыт.

Цыдысты скифтæ дард бæстæм ныфсхастæй,
Тызмæг æмæ æгъатыр уыд сæ дуг.
Кæйдæр арвы бын знæгты тыхтæ састой,
Кæйдæр зæххыл-иу акалдтой сæ туг.

Хæстон цардæй хъæбатыр дæр фæлмæцы.
Æрбынат кодтой сгуыхт скифтæ кæддæр.
Тыгъд быдыры цъæх арвмæ фидар схæцыд
Йæ алыварс нæртон дуджы фæлтæр.

Ызгъордтой размæ дугъон бæхау азтæ,
Уæд иубон бахъуыд Хуры цоты сæр.
Æнæнхъæлæджы ивддзинæдтæ ‘рхаста
Нæ рагфыдæлтæн рæстæджы цæхæр.

Ыннæрыд арв, стæй зилгæ дымгæ сыстад,
Бæхджын æфсадæй сау фыдох ыссыд.
Бырста аланты бæстæтæм æлгъыстаг,
Сæ сæфтæгты бын зæхх фæйнæрдæм скъуыд.

Ыссыгъдысты мæсгуыты сæр æртытæ,
Ызнаджы фаттæй бамынæг ис хур.
Уымæл уыд зæхх тæвд туг æмæ цæссыгтæй.
Æндзæрста йыл йæ сау пиллон фыдгул.

Æнæмбæрц хæст йæ сау дæрæнæй не ‘нцад.
Нæртон адæмæн байсысти сæ тых.
Цæмæй бынтон сæфт ма ‘рцæуа нæ уидаг, –
Кавказы хæхтæм сарæзтой сæ ных...

Кавказы хæхтæ, цъитиджын бæрзæндтæ, –
Ыссардтой ам нæ фыдæлтæ бынат.
Æдзæрæг зæххы тар, æнæсгæрст кæмттæ
Ысхъарм кодта ирон къонайы арт.

Куырм æлхынцъæй уæззау хъысмæты синаг,
Ирон лæгæн æдзух йæ хъуырыл уыд,
Фæлæ уæддæр нæ сыскъудис нæ уидаг,
Æндон къæдзæхтыл ног талайæ ссыд.

Фыдæй-фыртмæ нæ кад хæзнайау хастам,
Нæ иудзинады – стыр тых æмæ фарн.
Нæ баззадис ирон зæрдæ ныфссастæй,
Нæ фесæфтис ирон лæджы æфсарм.

Кæддæр ирæтты адих кодта арæн,
Уæддæр мах иу туг, иу ыстæг ыстæм.
Сыгъдæг удæй нæ дзуæртты нæмттæ арæм,
Зын уавæры фæрсæй-фæрстæм лæууæм...

Дыууæ мæсыджы – иу айнæджы дурæй,
Дыууæ базыры – иу хъысмæтыл баст.
Дыууæ Иры – дыууæ ‘фсымæры хурæй
Мыггагмæ уæд нæ фæрныг зæхх æфсæст.

Балсæджы цалх – тызмæг æмæ фæлварæн,
Уæддæр тымыгъ нæ асæтдзæн нæ ныфс.
Нæй фесафæн нæ ном æмæ нæ кадæн,
Нæ атондзæн нæ къонайы рæхыс!

## БУРГЪУСТАН

Хуссар Ирыстоны тохы сидт айхъуысти, –
Змæнты Деникин мæгуыр лæджы цард.
Райгуырæн зæххæй Бургъустанмæ араст и
Сахъгуырд хъæбатырты фистæг æфсад.

Карз тох ысхæцыд Бургъустаны арвы бын,
Размæ лæбурдта æнæрай фыдгул.
Кодтой нæртон гуырдтæ знаджы сæ къæхты бын,
Сау хæсты фæздæджы æныгъуылд хур.

Иры æхсарджын лæппутæ  фæрсæй-фæрстæм
Иумæ ныццагътой сæ зæрдæтæй арт.
Фæлæ Бургъустаны тугæйдзаг бæстæйы
Знаг сын ныссагъта сæ фæсонты кард.

Тар æхсæв стыр фыдох уайтагъд æрбахаста,
Оххай, кæм уыдтæ, нæ Иунæг Хуыцау?!
Хуссар Ирыстон йæ хъæбулты сау мастæй
Ногæй куы адардта раздæрау сау.

Кад æмæ намыс – нæ зынгхуыст хъæбатыртæн,
Иры цæргæстæ – нæ хæстон æфсад –
Радтой сæрибары царддæн сæ базыртæ.
'Рхастой нывондæн сæ зæрдæты арт.

## ДЖУСОЙТЫ НАФИ
## ÆМÆ ДЖЫККАЙТЫ ШАМИЛЫ
## НÆМТТÆ АРÆН ÆМДЗÆВГÆ

Нысан ис алцæмæн дæр царды,
Зæххон лæг дзæгъæлы нæ гуыры.
Цы дуг у стыр лæгтæй нымады,
Нæ вæййы уымæн тас мæгуырæй.

Нæ уарзон Иры зæхх, дæ риуыл
Ныфсджын, нæртон поэтты схастай.
Фæлæ Нафи æмæ Шамилы
Æдзух уæлдай фылдæр ды уарзтай.

Уæлдай фылдæр сæ уарзта лирæ
Æргом, сыгъдæг дзырды фæтæгты,
Уæлвонг поэзийы хæстонты –
Рæстдзырд Нафи æмæ Шамилы.

О базырджын табуйаг дзырд,
Дæуæн лæггадгæнæг уыдысты.
Дæ рухс сын фарны рухсау уыд,
Сæ удтæ тар æхсæв сыгъдысты

Цырагъау Хуссарæй Цæгатмæ
Уæлкурдиаты æнусон арты,

Ирон поэзийы цæхæры…
Фæлæ поэт, поэт нæ мæлы…
Æмæ дыууæ æртуд цæргæсы
Ирыстоны зæхмæ фæлгæсынц,
Бæрзондтæй хъахъхъæнынц йæ фарн
Фыдрæстæгæй æмæ тымыгътæй,
Ныр дæр – æххæстгæнгæ уæлæрвтæй
Сæ арфæйаг зæххон нысан.

* * *

*МÆХÆМÆТТЫ Ахуырбегæн*

Дæ цардвæндаг – дæ зæрдæйы æвдисæн,
Дæ цардвæндаг – бæрзон уды дæнцæг.
Ыскодтай ды дзырддзæугæ ном дæхицæн,
Кæнынц йæ фарнмæ хæхтæ дæр хæлæг!

Ирыстонæн лæггадгæнæг, нæ хистæр!
Фæрнон хæрзтæй – хъæздыг æмæ рæдау.
Ды адæймаджы цины æмæ рисы
Нæ кодтай никуы хорздзинад æфстау.

Уæларвон хур æнусон у йæ артæй,
Зæххон лæг та йæ хъуыддæгтæй – цытджын.
Æвгъау нæ кæныс никæмæн дæ царды
Дæ зондамынд, дæ цæхх æмæ кæрдзын.

Куырыхон хистæр – кæстæртæн фæзминаг.
Рæвдауы нæ дæ уæздан уды тавс.
Æппæт хæрзтæй  дæ кадджындæр хæрзиуæг –
Ирон адæмы хорзæх æмæ уарзт!

* * *

*ХЪОДЗАТЫ Æхсары номыл*

Зæххыл цыдтæн сæрыстырæй ӕдзух,
Цы кодтон, уый рæстæй æмæ рæдауæй.
Ыстыр хæс мыл уыдис æвæрд Хуыцауæй –
Цырагъау тауын ирд зæрдæйы рухс.

Уыдис мæнæн фæндагамонæг – сис.
Уыдис мæ царды стыр цин æмæ карз хъыг.
Кæд калди искуы урс сыфыл мæ цæссыг,
Уæд уый уыдис æртуд поэты рис.

Уæддæр æрхуымæй сомбонмæ нæ кастдæн,
Уæддæр фæрæзтон а цардæн йæ уæз.
Мæ зынг зæрдæ мæ адæмæн фæхастон.

Фæхастон сын мæ уды фæллой æз.
Æз амондджын дæн! Цардтæн æмæ уарзтон.
Æз амондджын дæн! Бафыстон мæ хæс.

# ЦАРДÆЙ ИСТ ÆЛВÆСТ ХЪУЫДЫТÆ

✓ Цыфæнды уæззау дуг дыл куы скæна, уæддæр дæ ныфс сæттын ма бауадз. Цардыл æууæнд! Сомбоныл æууæнд! Цы кæныс, цы хъуыды кæныс, – æппæтыл дæр æууæнд!

✓ Адæймагæн аргъ кæнын хъæуы йæ ныхæстæм гæсгæ нæ, фæлæ йæ хъуыддæгтæм гæсгæ. Ныхасæй нæ кæрæдзийы бæргæ бирæ уарзæм…

✓ Дæ цард къуырцдзæвæнмæ куы бацæуа, уæд зон æмæ ма рох кæн, йæ бæхтæрæг дæхæдæг кæй уыдтæ, йæ рохтæ – дæ къухты.

✓ Цард фæззыгон мигъæй уæлдай нæу. Нæ зыны дæ фæндаг дардмæ. Ис дзы хъыг æмæ маст, уарзт æмæ иппæрддзинад. Арæх нæм кæуын дæр фæцæуы, худын дæр. Нæ фæзонæм, фидæны нæ къухы цы бафтдзæн, кæимæ цæрдзыстæм, кæй уарздзыстæм, чи нæ уарздзæн. Нæ хъæуы бынтон дæрдтыл хъуыды кæнын, цæрын хъæуы, цалынмæ цард дæ рæзты зымæгон дымгæйау нæ ныффуттытæ кодта, уæдмæ.

✓ Хуыцауы бардзырдмæ гæсгæ нæ алфамбылай вæййы ахæм адæм, кæцытæ нын сæ уды хъармæй дзæбæх кæнынц нæ уды хъæндзинæдтæ.

✓ Цард дугъон бæхæй тагъддæр тæхы. Мах æй хатт нал фембарæм нæ тыхстдзинадæй, цыма дыккаг цардмæ æнхъæлмæ кæсæм æмæ уал ын сау фыст кæнæм. Æрæджиау нæм бахъары, цард цæсты фæныкъуылд кæй у.

✓ Адæм тынг алыхуызæттæ сты: иутæ уардийы ирдгæ хæрздæф дæр не ʻмбарынц, иннæтæ маргдзæф дидинæгæй дæр мыды ад райсынц. Иуæн сау суари куы раттай, уæддæр æй йæ зæрдыл дардзæн æнустæм. Аннæмæн дæ цард нывондæн куы ʻрхæссай, уæддæр дын дæ хорздзинад нæ бамбардзæн, бузныг дæр дын нæ зæгъдзæн.

✓ Зæххыл ис дыууæ зонынджын ахуыргæнæджы: цард æмæ рæстæг. Кæрæдзийыл афтæ æнгом баст сты, æмæ сын фæхицæн кæнæн нæй. Иуæрдыгæй, цард æвдисы, рæстæг куыд зынаргъ у, стыр аргъ ын кæй хъæуы, иннæрдыгæй та, рæстæг домы цардæн аргъ кæнын.

✓ Дæхи æвзæр куы æнкъарай, уæд æрдзмæ байхъус; æрдзы сусæгдзинад-сабырдзинад дæ куыд барæвдауа, æрсабыр кæна, афтæ дæ мингай æнæхъæугæ ныхæстæ не ʻрсабыр кæндзысты.

*АБАЙТЫ Эдуард*

# АДÆЙМАГ ÆМÆ ÆРДЗ

## ТЕРЧЫ ИРДГÆ

Уд цæуыл нæ фæрисса, ууыл фыссын былалгъ ныхас у. Былалгъ ныхас та, задæн сыгджын мæнæу куыд баудайай, æмæ доны сæр йæ цъæмæлтæ куыд абадой, уымæй уæлдай нæу.

Мæхимидæг бирæ фæхъуырдухæн кодтон, фæлæ фæдисы заман бахъав-бахъавтæн, джискъустæн, уыцыртæн рæстæг нæ вæййы.

Цæвиттон, раздæр-иу, цом Терчы ирдгæмæ акæсæм, зæгъгæ, сыхæгтæ кæрæдзимæ куы бахъæр кодтой, уæд, цыма куывды кæнæ хуындзау цыдысты, афтæ зæрдæрай уыдысты. Чи-иу йæ хъазты скодта йæ разæй, чи йæ родыл рахъæр кодта. Фæдæлбыл сæ кодтой, зæгъгæ, уæд-иу сын Терчы был уарзон ныхас бацайдагъ, сæ зæрдæты ныхасы дзæкъултæ хæлдтой, æнæ дам-думтæ дæр кæм уыданккой, фæлæ... Терчы ирдгæ æхцон улæфт кодтой, æвдадзы хосæн æй нуæзтой, сæ зæрдæтæм лæдæрсти тад царвау, йæ ронгæй кæрæдзийæн цæрæнбоны нуазæнтæ дардтой. Стæй-иу фæпырх сты. Чи йе 'ддаг хъуыддæгтæм тындзыдта, чи та йæ хæдзары зылдтытæм тагъд кодта.

Мах та-иу чысыл села дуртæ æрæмбырд кодтам æмæ фæлвæрдтам, ерыс кодтам дур æхсынæй, сурдунæй æхсынæй, уæдæ йæ дур Терчы донмæ кæмæн бахаудзæн кæнæ доны фаллаг фарсмæ, зæгъгæ. Мæнæн дæр мæ дур æвзæр нæ хауди, фæлæ дзы нæ уæллагсыхаг æрвад Абайты Димитърæн æмбал нæ уыд. Йæ дур-иу зынгæ дæр нал фæкодта. Ноджы хъазыдыстæм хъæл æмæ лæдзæгæй, къори æмæ селайæ, лыхъхъæй, бынибадджытæй, куырмæрсытæй, уæдæ кæй села цал цъелфы акæндзæн сабыр цады сæр. Хъазыдыстæм ма къай-æнæкъайæ, пуси цæкуытæй, кæнæ тымбыл здытæй (се ставддæрты тъорботæ дæр хуыдтой, уыдис дзы хъуджы фæдджыты хуызæн нæмгуытæ дæр, хæсты ихуарыны саувадыгæн йæ сыг дæр ам кæй æрбадт, уый æвдисæнтæ). Уыгътам сæ фæскъæвда фæндаггæрæтты æмæ хуымгæндты: сæ рыгхуыз-иу сын къæвда куы æрæхсадта, уæд-иу цъæхбынæй разындысты, кæннод сæ цæст нæ ахста агургæйæ.

Хъазгæйæ æнæ хъаугъа дæр кæм уыдаиккам, фæлæ хæрамзæрдæ ничи никæмæ дардта, нæ маст къæсæрæй дуармæ йеддæмæ нæ хаста. Дыккаг бон кæрæдзийы дæлхъуырты тыртынатау бырыдыстæм. Чъиллæттæй, пысырадæппæлттæй, дурæфхæрд къахбынтимæ здæхтыстæм нæ хæдзæрттæм. Нæ фæллад ныл-иу цыдæр æхсызгон тæвст кодта, цыма не уæнгты царв ахъардта. Мæнæ бакъултæ стæм сæрдыгон æнтæф бон сатæг ран æмæ нæ къæхтæ дæр нал атылдтам, уайтагъд атæгæрджытæ стæм. Рабадтыстæм, зæгъгæ, уæд нæ самандурнæмæн, нæ сапсæттæн къæхтæ – удайгæ. Лакъон-иу сæ ныххызти æмæ гаппар сæвæрдтой. Кæнæ, сымахмæ гæсгæ, сау тута уидзгæйæ къæхты бынтæ цыхуызон хъуамæ уой? Тъæпкъæхтæ систæм Терчы уыртыл гом къæхтæй цæуынæй. Æлхæнгæ дзабыр къахыл нал цыд, нæ гыццыты æмæ нæ нанаты хæцъилдзабыртæ-иу скодтам æмæ-иу изæрмилты уынгмæ ракалдыстæм.

Уæртæ схъолгъоцъа стæм иу талынг къуымы. Карчы цъиутау батымбыл стæм, изæрон карчы цъиутау; нæ дзыппытæй, нæ рæттæй систам, Терчы уыртыл кæй æруыгътам, уыцы дзæнхъа дуртæ. Ацæгъд-ацæгъд сæ кæнæм кæрæдзиуыл, æмæ сæ цæхæрæй нæхи цæстытæ дæр цины, амонды цæхæр калынц. Æппæт уыдæттæ рох нæ уыдзысты Саулохты Руслан æмæ Касаты Цæрайæ: иумæ æмдзæхдон кодтам, бирæ бæлæстыл æмæ къалиутыл фæхылдыстæм. Терчы нæ гом къæхтæй цы дурыл нæ ныллæууыдыстæм, уый дур дæр ма уæд.

Ныр мæнмæ афтæ кæсы, цыма-иу, ацæгъд-ацæгъд кæй кодтам, уыдон дзæнхъа дуртæ нæ уыдысты, фæлæ сæ Терк уд бауагъта, æмæ æрдхæрæны мыггæгтæ басгуыхтысты, ныххызт дзы нæ зæрдæты дæр, æмæ цæхæр æвзартæ суагътой.

Ныр нæ кæддæры дзæнхъатæ нæ зæрдæты уазал дуртæй цæмæн ныццæнд сты? Ныр цæмæн сафтид сты нæ зæрдæтæ, Терчы сæтæлджыты хъузджытæ куыд сафтид сты, афтæ? Кæд, Терчы ирдгæ кæй нал улæфæм, йæ ронгæй кæрæдзийæн цæрæнбоны нуазæнтæ кæй нал дарæм, уымæн афтæ у? Кæд чъиллæттæй, пысырадæппæлттæй дурæфхæрд къæхтимæ кæй нал цæуæм, зæххимæ æмбуар, æмуд кæй нал стæм, уымæн афтæ у?

Цы фæци Терчы ирдгæ? Рухсаг уæд нæ бакомкоммæ сыхаг Тыбылаты Гиуæрги. Хæсты быдырæй æрдæгарыдтытæй ссыди. Бирæ

дудгæбæттæ бавзæрста, æмæ йыл фæстагмæ ноджы тынгдæр æртæфстысты. Низ ыл стых и. Мæгуырæг, йæ улæфæнтæ æхгæдтой, æмæ æдзух йæ тæрттæ Терчы ‘рдæм дардта, кæд ыл æрбаирдгæ кæнид, æмæ йæ улæфæнтæ кæд чысыл феуæгъд уаиккой, фæлæ йæ зæрдæйы фæндиаг, йæ риуыдзаг нал сулæфыд. Фаджысы тæф йеддæмæ йæм дзы ницыуал æрбахæццæ.

Цы фæци Терчы раздæры тых? Йæ ивылын афон æнæхъæн къала бæлæстæ куы ласта, йæ сæрзилæн хуыдымтæ дур ссæнтæ куы уыдысты. Сахсæнтæ йыл сæвæрдтой, нучы ауадзæгау æй æрбалвæстой, уæззау тыгуыл дуртæй йын йæ былгæрæттæ бацауæзтой, цæмæй фæйнæрдæм йæ рохтæ мауал тона, йæ къабæзтæ ивазын æй нал уадзынц.

Æмæ-иу цы ивылдтытæ ракодта, цы ивылдтытæ! Бæстæ йæ хъæрæй арыдта. Куы-иу иуæрдæм ныццавта, куы – иннæрдæм. Фæлтæргай кодта змисы æвæрæнтæ йæ зæронд донвæдыл, уæле лакъонæй райдай æмæ лæхурд ссады хуызæн змисæй фæу бынæй. Уазал донæй схизыны фæстæ хъарм лакъон доны абырын махæн – удыбæстæ, цыма-иу цъыфы ваннæтæ кодтам. Кæннод тæвд змисыл ахуысс, уазалæй-иу нæ гæртт-гæртт куы ссыд æмæ не ‘фсæртæ æддæгуæлæ куы нал лæууыдысты, уæд. Теркæн йæхи æхсад змис чъырхъæстæ, змисхъæстæ фæкæн, æндæр ахæм дæвдæг ныввæййы, æмæ дзы рыджы мур дæр нал ратондзынæ. Ахъаззаг у аразæн æрмæгæн. Ныр дзы, хæснагыл, лакъон дæр нал ссардзынæ. Нал æй уадзынц йæ къабæзтæ айтынг кæнын, æмæ цы бакæна?

Сырхбын рог дуртæ хæрх уыди Терчы уыртыл. Адæм сæ дурсæттæн бæлдотæй састой æмæ сæ ластой систæ амайынæн, хæдзæрттæ аразынæн дæр хъуыдысты. Ныр сæ кой дæр нал ис. Дур дæр нæ нал аходы, дур! Мæ кæддæры уæлæсыхаг æрдхорд Елбачиты Тамерланимæ-иу фаттæ æмæ æрдынтæй хи сифтонг кодтам. Халæтты фæдыл зылдыстæм цуангæнæгау, кæд дзы маргæ никуы акодтам, уæддæр. Терчы уыртæ-иу сау-сауид дардтой халæтты балтæй. Ныр дзы рæстмæ халон дæр нал бады, халон, цæргæсыл ма цы дзурæм.

Суджы сæр бирæты нал хъæуы, фæлæ Ногирмæ хæстæг хъæд кæй нæй, уымæ гæсгæ-иу раздæр бирæтæ йæ сакъадæхтыл сæхицæн суг æмбырд кодтой. Сцагъд-иу сæ кодтой, æмæ иу хурмæ куы ныррæдæнг сты, уæд-иу раздæры донласт сугтæ ахъаззаг уыдысты

ӕндзарынӕн. Лӕпputӕн сӕ сӕрӕндӕртӕ, се 'взыгъддӕртӕ ивылд знӕт доны дӕр ахстой ӕнӕхъӕн хъӕдтӕ. Ныр рӕстмӕ ивылгӕ дӕр нал кӕны, фӕлӕ, куы раивылы, уӕд къӕцӕл дӕр нал раласы. Ӕмӕ ма цы раласа, йӕ атагъатӕ куы сбыгъдӕг сты, уӕд? Ныр та сакъадӕхтыл – алыхуызон кусӕндӕтты баззайӕццӕгтӕ, Теркмӕ хӕстӕг цӕрджытӕн сӕхи бырон, ӕмӕ дзы куыдзӕй, хӕрӕгӕй цы нӕ фендзынӕ, иу ахӕм нӕй.

Раздӕрау Терчы ӕдасӕй баленк кӕнӕн нӕй, исты ӕфсӕнбетон блочы састыл дӕхи ныххуырсдзынӕ, ӕмӕ дӕ балгъитӕг дӕр афтӕ... Адӕймаг сонтӕй йӕ тӕккӕ тӕлфыныл вӕййы, ӕмӕ сывӕллӕттӕ куыд уынгӕджы фесты, ӕдзух къуымы куыд бадой, картоф дӕр ма талынджы хуымон билцъ куынӕ уадзы.

Ногиры бынмӕ цы хуырыссӕн завод уыд («Росмраморгранит»), уый доны былгӕрӕтты бирӕ ӕдзӕрӕг дзыхъхъытӕ ныууагъта хуыр къахгӕйӕ, мӕнӕ дзы цыма атомон бомбӕты срӕмыгъдтыты фӕлварӕнтӕ уыд, уый хуызӕн. Терчы риу ӕхсынгӕ сӕ горӕтмӕ бирӕ нал хъуыд, фӕлӕ, уӕлдӕр цы заводы кой кӕнын, уый ныззауат. Уыцы дзыхъхъытӕм-иу кӕнӕ Терчы дон йӕхӕдӕг бакалд, кӕнӕ-иу сӕм сывӕллӕттӕ дон сӕхӕдӕг бауагътой. Ахӕм малы ныссӕрбын кодтай, уӕд дзы фӕстӕмӕ хӕйрӕджы хуызӕнӕй схиздзынӕ – писи дыл бурӕмӕдзау нындӕдздзӕн. Ӕмӕ дӕ писитӕ цӕугӕ та цӕмӕй скӕндзысты, кӕд сӕ змисӕй ныххафай, ӕндӕр. Стӕй ахӕм цадтӕн сӕ былгӕрӕттӕ тӕссонд сты, хуыр сты ӕмӕ лӕбыргӕ кӕнынц.

Уыртыл цы кӕрдӕг зайы, уый дзаджджын сӕрвӕты кӕрдӕгау мӕнӕ-мӕнӕ уадиссаг нӕу, фӕлӕ йӕ фос мыды хӕрд кӕнынц. Кӕд, афтӕ стӕм кӕй у, адджын дӕр уымӕн у? Ныр дӕр ма нӕ хъуццытӕ сӕрвӕтӕй куы 'рбацӕйцӕуынц, уӕд сӕ дуӕрттӕм дӕр не 'рлӕууынц, афтӕмӕй сӕ ных саразынц Теркмӕ, дӕлбылмӕ. Сылгоймӕгтӕ сӕ размӕ ӕрлӕууынц, кӕд сӕ афоныл ӕрдуциккам, зӕгъгӕ, фӕлӕ уӕддӕр сӕ ных атӕрынц. Ныр дзы дӕ иу фарсыл дӕхи кӕм ӕруадзай, ахӕм нӕууы гӕбаз дӕр хатт нал ссардзынӕ, уыцы хуыры заводы хъуыры аирвӕзти кӕнӕ та бырон ӕмӕ фаджысы бын фӕци.

Цӕмӕн ласыс дӕ фаджыс Теркмӕ? Дӕ цӕхӕрадоны йӕ сбарджитӕ кӕн. Куы нымбийа, уӕд зӕххӕн сой у, уӕдӕ цы у. Кӕй зӕгъын ӕй хъӕуы, ӕнӕуи дзы цы ӕрзайы, уый та вӕййы хӕрзхъӕд ӕмӕ ӕнӕниз, стӕй тугыл аскъуыйы. Ӕниу, йӕ уӕлӕ цы нас ныннӕрсы, уымӕн дзы

æмбал нæ вæййы. Фаджыс, дам, кæм ис, цард дæр уым ис, зæгъгæ-иу дзырдтой нæ хистæртæ. Фæлæ йæ бирæтæ сæ сæрмæ нæ хæссынц, афтæмæй сæм фыдызгъæл дæр куы уаид, сæ цæхæрадæтты алцы дæр куы заид, уый сæ фæнды.

Суг æндзарыны сæр адæмы тынг нал хъæуы, æмæ сæ бæлæсты бындзæфхæдтæ, æнæхъæн къалабæлæстæ, суг æмæ фæйнæджыты лыггæгтæ Теркмæ ракалынц. Цæмæн сæ калыс? Кæд дæ нæ хъæуынц, уæд сæ дæ цæхæрадоны астæу сцагъд кæн, басудз сæ æмæ дæ цæхæрадонæн сæ фæнык – хъацæн. Искæй дæр нæ хъыгдардзынæ æмæ дæхицæн дæр хорз уыдзæнис. Фæлæ сæ удтæ нæ риссын кæнынц, фæлтау сæ цæхæрадæттыл алыхуызон мæргтæ уырзæй цæхх зæрæгау акæндзысты, æмæ фæцис. Æмæ уыцы маргхъæстæ халсартæ цы гуыбыны ацæуой, уый «сынæр» куыннæ сцæгъддзæнис. Уæвгæ, бирæ йæ цæхæрадон рæстмæ кусгæ дæр нæ бакæны, æмæ йыл хæмпæлгæрдæг фæтых вæййы. Ницы йын дзы æрзайы, æмæ та – зыв-зыв æмæ горæты смидæг вæййы, горæт хъæумæ цæмæты æнхъæлмæ кæсы, уыдæттæ æлхæнынмæ. Уæд тугтæригъæд нæу уыцы зæхх, ахæмты къухтæм чи бахауд? Фæлæ Хуыцаумæ дæ фæччи куы бадарай, уæд дын цы æрæппардзæн æнæ батухæн. Амонд зæххæй сисгæ у, æрмæст æм æргуыбыр кæнын хъæуы, зæгъгæ-иу бакодтой, сæ армытъæпæнтæ зæхгуыстæй кæмæн суæзæг сты, уыцы хистæртæ. Уыцы зæрæдтæй уыдысты Дзаттиаты Естъа æмæ м æ фыдыфыд Бола. Рухсаг уæнт. Дзаттиаты Естъа зæды хуызæн лæг уыди, дзыхыдзуапджын, иу бæрæгбоны фынг дæр æнæ уый хистæрдзинад нæ фидыдта. Болаимæ Терчы былгæрон сæ цæхæрадоны сисгæрон бирæ фæбадтысты, уарзон ныхас бирæ фæкодтой, сæ тыхст æмæ уырыд цæрдтытæ бирæ фæмысыдысты. Гъæйтт-мардзæ зæхкусæг лæгтæ уыдысты. Зæххы комытæф сæ зæрдæтæй æнкъардтой, зыдтой йæ, фæнды хъаст кæн, фæнды хъыллист кæн, уæддæр сыгъзæрин зæгъынæй сыгъзæринтæ фылдæр нæ фæуыдзысты. Архайын хъæуы.

Бирæтæм æрдзы сыгъдæгдзинад нымады дæр нæу. Сæхи дзы царæфтыд кæй кæнынц, сæ сæртæ дзы кæй судзынц, уый не ‘мбарынц. Мæнæн абон хорз уæд, райсом та исты уыдзæнис, бон цæуы æмæ фарн хæссы, зæгъгæ, чи хъуыды кæны, уый йæхи æдде йæ кæстæртыл, йæ фæстагæттыл дæр цæуы комдзог. Иу боны цардæй цард никуы уыдис.

Фæлæ бирæтæ афтæ хъуыды кæнынц, зæгъгæ, мæнæн мæ къæсæрæй мидæмæ сыгъдæг уæд, уымæй æддæмæ сыгъд дæр ссæуæд. Фæлæ къæсæртыл æддейæ мидæмæ фарн куынæ хиза, уæд дзы мидæгæй æддæмæ дæр нæ рахиздзæн.

Никæмæйуал фехъуыстон, цом Терчы ирдгæмæ акæсæм, зæгъгæ. Æмæ нын кæй аххос у, аххосджын нæхæдæг стæм. Не 'взæрæн «ма кæ» зæгъыны лæгдзинад нæм нæй, фæлтау йæ фæсауyон сусу-бусу кæндзыстæм. Иу тала бæлас, иу къудзи ныссадзыны бæсты фæлтау нæ рæзтæ хуырдзагъд скæндзыстæм. Иу кæрдæджы хал зæххæй сирвæзын нал уадзæм. Ахæмтæ дæр ис, æмæ фæззæг хуызивæны (сыфтæр згъæлын афон) бæлæсты сыфтæр мæрзынмæ зивæг фæкæнынц æмæ сæм цы æнæбары бæлæстæ фæзыр-зыр кæны, уыдон дæр акалын кæнынц, фæлтау бæгънæг къултæ амайынæй ерыс кæндзысты.

Раздахæм Терчы ирдгæ фæстæмæ, æмæ уымæн цы хъæуы? Ма хъыгдарæм Терчы, ныууадзæм æй йæхи уагыл. Уадз æмæ йæ къабæзтæ иваза, куыд æй фæнды, афтæ. Æмæ та нын уæд Терчы ирдгæ йæ ронджы нуазæнтæ авæрдзæн, æмæ Терчы цæрæнбонæн кувдзыстæм, уый та мах цæрæнбонæн йæ нæртон зарæг базардзæн.

Цом-ма, мæ хъæбул, Терчы ирдгæмæ акæсæм! Терчы лакъонæй скæн дæхицæн гуккутæ æмæ быллатæ, змисрыджы дæхи гуыдынмæрзæны хуызæн скæн! Нæй цъыфы дæр зæххæй сыгъдæгдæр, нæй, æмæ ма мах дæр уый сыгъдæгæй куы стæм сыгъдæг. Фæлæ дын уыцы сыгъдæг макуы раттæд рæстæджы фарн, кæннод искуы дæ кæрдзыныл дæр кæндзынæ гуыххæлæй зынæрвæссонтæ.

О, зæххы Бæрзонд хуымæтæгдзинад, æз дæумæ тырнын æрмæст, цæмæй уон ме 'нæфенддзинадæй бæрзонддæр. Ныр та мæ куы уаид мæ хур, де 'нæфенд хуымæтæгдзинад, куы уаид... Нæ зонд нæ сафæг у, нæ аразæг – нæ зонд!..

## ЗÆХМÆ ХÆСТÆГДÆР

Мæнæ цы цард æрцыди! Бирæхатт дыууæ æфсымæры иу хæдзары нал фидауынц. Ницытæ æмæ мацытæ! Сæныччы хъусыл кæрæдзийы хъуынхъис ныттыдтой, кæрæдзийы бахордтой. Сæ ныййарæг, уынгæджы фæуай, удаистæй, йæхи хойгæ, сæ уæлхъус алæууыд, йæ кæлмæрзæн се 'хсæн æрытыдта, фæлæ йыл уыдон

цъыф къахæй балæгæрстой. Мады намыс, ирон æфсарм сæ къæхты бын банай кодтой. Æмæ-иу раздæр цалдæр æфсымæры дæр иумæ мыдыкъусы цард куы кодтой. Хистæры намыс сæ сæрмæ тырысайау куы хастой...

Мæнæ цы цард æрцыди! Дыууæ чындзы кæрæдзимæ фæлæбурдтой, кæрæдзийы æрфаринтæ кодтой, æрыстыгътой. Сых сæм иргъæвынмæ æрæмбырд сты. Æмæ-иу раздæр дыууæ файнусты кæрæдзийæ хотæ куы загътой, се 'фсинæн йæ чызджыты хуызæн куы уыдысты. Ныр чындз æфсин у, æфсин та – чындз. Сæ хицæутты цармæ схизын кодтой, стардтой сæ чындзытæ.

Мæ мад йæ хицаумæ уайсадгæ куы кодта, уæд-иу æз та се 'хсæн тæлмацгæнæджы хуызæн уыдтæн. Мæ фыдыфыдмæ фæстагмæ уый хорз нал кастис. Мæнæ диссаг, мæ чындзы ныхас нæ фехъусгæйæ, дам мæ мæрдтæм куы ницы бахæццæ уыдзæн. Æртæ уæливыхы скæнын кодта æмæ йæ чындзы (мæ мады) йæхимæ сдзурын кодта.

Уый фæстæ мах, сывæллæттæ, æнæ къулбадæг, æнæ къæбæда кæм уыдаиккам. Æрдзæй хъæлæсджын рахаста мæ мад æмæ-иу ныл куы ныййилæлæй кодта, уæд-иу зæронд лæг йæ сæр аныхта, ома дæ фæлтау куынæ сдзурын кодтаин. Мад та фыр æфсæрмæй руади, йæ удæртау хауди, хъынцъыйы йас дæр-иу нал уыдис, мастæй йæхи йæхимидæг хордта...

Мæнæ цы цард æрцыди! Дыууæ сыхаджы се 'хсæн арæны уылынджы бæрц, уыдисны бæрц зæххы уадздзагыл сæ кæрæдзиимæ кард æмæ фыд систы. Адæмтæ æддæг-мидæг ауайынц. Фыдгæнджытæй чидæртæ систы хицæуттæ æмæ кæйдæр сæрибардзинадмæ, кæйдæр зæххытæм ныхилынц. Сæ дудгæбæттæй та рæстуд фыдæбонгæнæг йæ къух йæ дзыхмæ схæссынхъом нал у.

Зæххытæ, зæххытæ... Зæхх бирæ кæйдæрты батыдта, фæлæ йæ мах никуы батондзыстæм. Бирæтыл хур дæр нал æхххæссы æмæ арв дæр. Цæмæн у афтæ? Цы бæллæх у? Цæмæн судзæм дывыдон арты, чидæртæ та йæм цæмæн тавынц сæ къухтæ?

Хорз, дам, – фæдисмæ, æвзæр та – къæбицмæ. Хорз, дам, ды у, амонд та мæн уæд. Ахæм хъуыдыйыл хæст уæвгæйæ, бирæ æвзæртæ систы къæбицгæстæ, æмæ цавæрдæр хæддзу уазджытæн – мурзæджы фæлмæн хæйттæ, лæггадгæнджытæн та – фæрсчыты каухалæнтæ.

Лæггæдгæнджытæ, адæмæн лæггадгæнджытæ... Чи дзы артгæс уыди цæдджинаджы раз, æмæ дзы ала ныххызт, сæгæй дзы ницыуал зынди, чи та æргъæвд топпау цырагъау уырдыгыстæгæй дзагармæй бадты адæмæн фæлæууыд. Чидæр та йæ къух уазал доны дæр нæ атылдта, афтæмæй – нардуара. Йæхи хуызæттæн æгъдæуттæ кæны искæй фæллойæ, цыма сæ йæхи хæдзарæй фæдæтты. Хорз æфсин, дам, йæхæдæг æххормагæй баззайы, уый та къæбицы уырды хуызæн сси. Бакæс æм, уæд фыр нæрдæй лæу-лæу кæны.

Лæггадгæнджытæ, лæггадгæнджытæ... Мæ мадымад Гагуылен (Гаге йæ хуыдтам) уазæгæн цæрæнбонты йæ армытъæпæн фынгæн дардта. Сатанайау нæртон ус уыди. Искæмæн балæггад кæнын – йæ уд æмæ йæ дзæцц. Куы æрсади, куы æртарф, уæд дæр ма йæхи йæ арынгмæ ивæзта, мæ уазджытæ мæ, мыййаг, зæрдæхудтæй куы ацæуой, зæгъгæ.

Æмæ Мæргъиты Ефим та? Зæдæй цы кæныс! Йæхицæй кæстæр-дæртæй дæр æфсæрмы кодта. Йæ чъиухиды фæллойæ дарддæр йæ хæдзармæ иу судзгæ судзин дæр никуы æрбахаста. Уæхскуæзæй фæкуыста йæ бинонты, адæмы хорздзинадæн. Хистæримæ хистæр уыд, кæстæримæ – кæстæр. Йæ фæлмæн ныхас удæн – æвдадзы хосау, йæ хъазæн ныхасæй-иу зæрдæ райхæлдта. Зиуы дæллаг галау уыд, фæдисы – æппæты разæй. Никуы никæй зæрдæхудт райста, никæй зæрдæхудты бацыди. Уыцы иугъæдон, иударон раст лæгæй фæцарди. Йæ мæлæты размæ ма сæ сыхæгтæм цыдæр хъуыддаджы кусарт дæр акодта. Æвæццæгæн, æргуыбыр кæнгæйæ æмæ тыхæвнæлдæй сæры тугдадзин аскъуыд. Никæмæн ницы схъæр кодта, йæ сæрмæ нæ бахаста йæ лæмæгъдзинад равдисын. Йæ фидар нæртон хъару ма йæ йæ хæдзармæ æрбахаста, æмæ уым фæци. Хæрзиуджытæ йын ницы баззади, йæ хуыздæр хæрзиуæг – адæмы уарзондзинад. Уымæй хуыздæр хорзæх æй нæ хъуыдис, æмæ уæвгæ дæр нæй уымæй хуыздæр хорзæх.

Мæ фыдыфыд цæрæнбонты Ногиры колхозы куысты рафтыди. Колхозтæ фыццаг аразын куы райдыдтой, уæд фыццаг араздҗыти-мæ уыдис уый дæр. Куы амарди, уæд нын цыдæр хицаугонды цæст нæ бауарзта чырынæн цалдæр фæйнæджы раттын хырхæйфадæнæй. Цы ма загъдæуа? Ам дзурыны сæр ницæмæнуал хъæуы. Хорз, дам, ма ракæн æмæ фыд ма ссарай, зæгъгæ, æмбисонд ыл æрцыд. Хицау

у адæмы тыххæй, адæмæн лæггадгæнæг, фæлæ, адæм мæн тыххæй сты, зæгъгæ, цы хицау фæзæгъы, уый хицау нæу, фæлæ фыдзæрдæ æлдар.

1920 азы мæ фыдæлтæ дæр гуырдзиаг меньшевикты азарæй кæугæ æмæ дзыназгæйæ ралыгъдысты Цæгат Ирмæ. Фыццаг каукъул æмæ æлыгбын хæдзæртты цардысты, стæй – ныккæндты. Ахæм каукъул хæдзар, дам, иу ранæй иннæ ранмæ дæр ахæсс, йæ цыппар фисынил ын схæц, афтæмæй. Фæлæ бон цæуы æмæ фарн йемæ хæссы. Хуыцау ныддæлæ-уæлæ кодта, æмæ сæ тугвæллойæ фæхъуыртхъом сты, стæй бынтондæр сæ къæхтыл слæууыдысты, сцæрæг сты. Фæлæ сæ сæ амæлæты бонмæ дæр хъуыстон, мах     сыстынгæнæг, дам, хæрæджы тъæнгтæ бахæрæд, куыдзы тъæнгтæ. Фале, дам, цы фæцардыстæм, уый мæрдты дæр æмæ уæлæуыл дæр немæ уæд.

Лигъдæттæ, лигъдæттæ... Зонын æй, уым гуырдзиаг адæм ницы аххосджын уыдысты, фæлæ махæн уымæй æнцондæр нæ уыд... Иурæстæг Хуссар Иры Сыбайы хъæуы баййæфтон гуырдзиаг фыййæутты. Райсомæй-иу сæ фос куы схæрд кодтой хизгæ-хизгæ Комкоммæ адагыл (афтæ хуыдтой, Сыбайы бакомкоммæ цы хъæдæхгæд, гæмæхсæр бæрзонд къуылдæм ис, уый) æмæ-иу йæ сæрмæ куы схæццæ сты, уæд адæймагмæ афтæ каст, цыма, мигъ комæй сыстад æмæ къуылдымы сæрмæ сбадти. Изæр-иу сæ коммæ, фосдарынмæ куы ‘ртардтой, уæд-иу сæм мах дæр æрцыдыстæм. Дыгътой фос. Æхсыр гарзгæндты ныккæн. Карз ахсæн ыл аскъæр. Куы бацахса, уæд ын йæ инджын цыхтахсæн голлаггæндтæм сæвгæн. Уыдоны хуылфы йæ ныллæмар. Раст-иу дзы куыройы фыдты йас цыхтытæ скодтой. Уый фæстæ сæ хордзенбæстытæй саргъыбæхыл сæвæр рахæссынæввонг. Фæлæ хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ мах семæ иу бинонты хуызæн цардыстæм. Сæ уæтæргæндты раз-иу арт скодтам. Физонджытæ нын кодтой. Æмæ фысы цыхт та? Раст царвау дзыхы тади. Фæсæхсæвæртæм-иу арты фарсмæ фæхъазыдыстæм, уарзон ныхас фæкодтам. Мæнæ нæ арт æрмынæг, фæлæ ма нæ алыварс фæтæпп-фæтæпп кæнынц æрттиваг хъæндилтæ. Мах хæдзары дæр сын æхсæвиуаты бар уыдис, фæлæ, фосмæ æхсæв арс арæх кæй цыдис, уымæ гæсгæ-иу сæ фосы раз баззадысты. Æхсæв топпы гæрах фæцыди, зæгъгæ, уæд уый зон, æмæ тæрсæн гæрах кæй уыди. Райсомæй-иу доны былгæрон змисыл арсы æрмæрины дæргъæн фæдтæ федтам. Дæ къах

арсы къахвæдыл авæр, фæлæ, куыннæ стæй, йæ хъуыртты дæр-иу нæ фæзынди – уæйыджы хъуыны – мæлдзыг. Бæрæг уыди, арс фосмæ бахъав-бахъав кæй фæкодта, йæхимидæг кæй фæхъенамоцъо кодта æмæ фæстæмæ кæй аздæхт.

Тæрсæн гæрæхтæ нæ кодтой Хуссар Ирыстоны, стæй, цы сырд æрцæуы, умæй тæссагдæр – адæймаг. Нæ, уый адæймаг нæу, фæлæ сырд у адæймаджы хуызы.

Бирæгъ уымæн бирæгъ у, æмæ хъуамæ цуан кæна, лæбургæ кæна, уымæн æмæ тугдзых сырд у. Уæдæ цы кæна, цы фæуа, цæмæй цæра? Афтæ йын сныв кодта йæ æрдз, йæ Хуыцау. Ам нæдæр худæн ис, нæдæр – мæстыгæнæн. Фæлæ, æмбаргæйæ адæймаг куы сбирæгъ вæййы, уæд дзы уымæн æмбал нæй. Æмбаргæйæ, æвзæр ма у, æндæр æз æнæмбаргæтæй æвзæр нæ зонын!.. Сындз сындз у, уымæн æмæ йын афтæ æмбæлы. Фæлæ адæймаг адæймагæн цæсты сындз куы фесты, уæд уый та куыд æмбаргæ у?.. Калм калм у, маргдæндаг, уымæн æмæ йын афтæ æмбæлы. Æмæ ма калмы марг хос у. Фæлæ адæймаджы зæрдæйы калм тымбылтæй куы фæхуыссы, куы свæййы маргæвзаг, уæлдайдæр та йæ марг йæ дæлæвзаг куы фембæхсы, уæд уый та куыд æмбаргæ у?.. Æз уыдæттæ не ‘мбарын...

Мæн никуы бауырндзæн, сæ уæрыччытимæ сывæллæттимæ хъазæгау цы фыййæуттæ хъазыдысты, сæ уæрыччытимæ сывæллæттимæ дзурæгау цы фыййæуттæ дзырдтой, уыдон искæй сывæллонмæ хæцæнгарз сисой, уый. Мæн никуы бауырндзæн, Гагуылен æмæ Мæргъиты Ефимы хуызæн хуымæтæг зæххон адæймæгтæ искæмæн æнæхъуаджы маст скодтаиккой, уый. Уыдон сæхæдæг дæр зæххау уыдысты фыдæбонгæнæг, рæстуд. Уый йæ къæхтæ зæхмæ кæмæн нæ хæццæ кæнынц, уый кæны хæрæгæй хуым, куыдзæй най. Уыдон та зæхмæ, хæстæгдæр кæй уыдысты, уымæн уыдысты зæрдæджындæр.

Зæхмæ хæстæгдæр... Чидæр йæ сæнæфсир æрæгмæ бахсæста æмæ, дам мын йæ дон фæтагъди. О, гормон, уый дон нæу, фæлæ йæ цæссыг фæтагъди, йæ хъæдгомæй йæ туг фæмызти.

Чидæр хъугæй фæхицæн кодта йæ роды, æмæ ныр кæрæдзимæ æмбуйæ уасынц. Хъуг, дам, базæронд æмæ бинонты фаг дæр æхсыр нал кæны. Æмæ йын ныр хъуамæ кард йæ хурхмæ æрдарой. Афтæмæй уал æмæ уал азы йæ хъаймагъæй урсаг хъуаг никуы фесты. Сойуырз, сойбыл дзы уыдысты бинонтæ дæр æмæ æддагæттæ дæр.

О, гормæттæ, исчидæр ма йæ мады æргæвды?! Бакæсут-ма йæм, уæртæ адæймаджы цæстытæй куыд кæсы!

Зæхмæ хæстæгдæр... Цом-ма, мæ куыствæллад, мæ куыстæфхæрд æмгар хъæдмæ. Немæ дзул æмæ цæхх ахæссæм. Сбадæм зæххыл давæтты ‘хсæн тъæпæн æмæ нæхи хорз фенæм. Уырны мæ, уыцы рæсугъддзинады, уыцы сыгъдæгдзинады фæлидздзæн нæ фæллад, ферох нæ уыдзысты нæ мæстытæ. Бузныг уыдзыстæм сфæлдисæгæй, ахæм амонд нын чи радта. Фæстæмæ ма, уæлдай амондæн, сæнчытæ стигъгæ дæр рацæудзыстæм.

Зæхмæ хæстæгдæр... Кæд, дæ цæхæрадон рувгæйæ, бæрзонддæр нартхæртты ауон сидзæрхалæй ныллæгæй цы нартхор баззад, уый йæ хæмпæлгæрдæгæй суæгъд кодтай æмæ уымæй дæхæдæг дæр фæдæ бæрзонддæр, сырæзтæ, уæд ды дæ адæймаг.

Зæхмæ хæстæгдæр... О, æрдз дæр, зæхх дæр зонынц мæсты кæнын: вулкантæ (зынгкалæг хох) срæмудзынц, арв æмæ зæхх кæрæдзийы ныххойынц, банкъуысы зæхх, денджызтæ сæ былгæрæттæ бахсынынц... Фæлæ æрдз йæ мæстытæй æрмæст йæхи сыгъдæг кæны, кæд адæймагæн фыдбылызтæ дæр æрхæссынц, уæддæр. Уый зæхх йæ мæстытæй йæхи сыгъдæг кæны, цæмæй йæ уæлæ æнусон уалдзæг дидинæг æфтауа. Адæймаджы маст та у фыдбылызхæссæг.

Трамвайы бадынц мад æмæ фыд сæ сывæллæттимæ. Сæ разы æрлæууыд, фыр зæрондæй гуиноны къæдз чи ныцци, ахæм зæронд ус. Абабау, читт дæр сæ ничи фæкодта. Зæронд ус, дзойдзойгæнгæ, сæ разы уырдыг фæлæууыд. Чидæртæ сын бауайдзæф кодтой, фæлæ фесхъиудтой, калмы сæрыл цæхх куыд акæнай, уыйау. Исты, дам, нæ хæдзары базæронд. Æмæ фыццаг бакастæй – тæхудиаг бинонтæ. Куынæма сæ базыдтон, уæд ирон æмбисонд мæ зæрдыл æрлæууыд: «Æнгом цуанæттæ саг марынц, æнгом бинонтæ цард арынц». Фæлæ мыл ныр цыма исчи уазал дон æрбасæххæтт кодта, уыйау фæдæн. Мæхæдæг мæхицæй фефсæрмы дæн. Мæ сæр банкъуыстон, зæгъын, сæхæдæг чи сты æмæ цы сты æмæ сæ сывæллæтты цы хорздзинадыл хъуамæ сахуыр кæной. Мæ зæрдæ мæ ацы хатт фæсайдта. Залгъæды къудзи дæр рæсугъд бур дидинæг калы, фæлæ йæ фос куынæ фæзонынц, маргджын у, уый æмæ дзы афтæмæй куы бахæрынц, уæд мæлгæ дæр акæнынц.

Æмæ та мæ цæстытыл ауадысты гуырдзиаг фыййæуттæ,

Гагуылен, Мæргъиты Ефим. Нырма адæмы ‘хсæн цас арæнтæ ис, цас! Уыдон æрмæст зæххыл нæ цæуынц, фæлæ – зондæй зонды ‘хсæн, зæрдæйæ зæрдæйы ‘хсæн.

## ХЪÆУЫ ЦÆРЫС, УÆД – ХЪÆУУОН ЦАРДÆЙ

Æхсæвыцæстæй, боныцъæхтыл гакк-гуччы уасынмæ сыстадтæн: «Гакк-гукк, гакк-гукк, уый мæнæн мæ гакк у!» Мæнæн дæр мæ гакк сси уыйау раджы рабадын. Раджы стаг – æвæсмон. Æмæ уый хъæуккаг адæймаджы миниуæг у, уымæн æмæ йæ рагацау кæм йæ фосмæ базилын хъæуы, кæм – йæ цæхæрадоны куыстытæ бакæнын. Иугæр хъæуы куы цæрай, уæд та кæнæ фосы куыст хъуамæ кæнай, кæнæ – зæххы куыст, науæд цæй хъæуккаг дæ.

Иурæстæг мæм замманай хъуг уыдис, тарбын урс мыггагæй. Мæ хорз хæлар мын æй балхæнын кодта заинаг дыгæрдыгæй, адон, дам, сабыр фос сты, æхсырджын мыггаг, стæй, дам сæ ас дæр ис; цы нæ вæййы, æмæ, дам дын уæд æнæпайда нæ фæуыдзæн. Йæхæдæг рагæй фосгуыстгæнæг у æмæ сын сæ хорз дæр базыдта æмæ се ‘взæр дæр. Цыбыр ныхасæй, цæстуарзонæй мын æй иннæ уæййаг дыгæрдгуыты ‘хсæнæй равзæрста. Чи йæ уæй кодта, уый йын йе ‘фцæгыл рæхыс бафтыдта, æрмæст, дам, йæ разæй цу æмæ уымæн дæр ма тæрс æмæ дæхицæн дæр, – йæхи ничердæм фæтылиф кæндзæн.

Æмæ, æцæгæй дæр, хистæр лæппуимæ йæ горæты кæронæй Ногиры кæрæтты хъæуы бынмæ фæкодтам, æмæ иу ран дæр никуы счъиллипп кодта, раст æй цыма нæхимæ родæй схастам æмæ æрмахуыр уыди; æрмæст-иу ыл кæд искуыцæй куыдз срæйдта, уæд-иу æнæууæнк кæстытæ акодта æмæ та-иу фæстæмæ æрсабыр. Афтæмæй йæ æркодтам нæхимæ æмæ йæ скъæты бабастам.

Диссаджы хорз хъуг дзы рауадис. Рæгъауы разæй-иу изæрæй йæ лалымдымст фæздонимæ нæ хæдзары дуармæ æрбахæццæ æмæ-иу мидæмæ æрбауасыд, мæнæ дæн, æрдуцут мæ, зæгъгæ. Фæлæ рацæй-рабон, æмæ хъуг хæргæ нал кодта, йæ сины къуыбыртæ ныхъхъилтæ сты. Хорз фосы дохтыры йæм скодтон, æмæ уый фидарæй загъта: «Хъуг стыр, уæззау хъуг у, æмæ уæлæмæ куы стадис, уæд фæбырыд æмæ йæ уæзæй йæ фæздон ныцъцъæл кодта æмæ ма дын кæнæ схорз уыдзæн, кæнæ нæ».

Мæ зæрдæйы тугтæ ныттагъдысты йæ тæригъæдæй, фæлæ цы

акодтаин – ауæй йæ кодтон. Йæ балхæнæг æй куы фæцæйкодта, уæд ма мæм хъуг фæстæмæ иу каст фæкодта адæймаджы цæстытæй, фæлæ уæдæй фæстæмæ мæхи адæймаджы цæстытæй кæсын нал бафæндыд. Фæстæдæр ыл ныффыстон зæрдæриссæн æмдзæвгæ «Нæ хъуг».

*Дзурын нæ зыдтай,*
*æндæр*
*адæймаджы цæстытæй*
*кастæ.*
*Де 'нкъараг зæрдæмæ хъардта*
*уарзт дæр*
*æмæ маст дæр.*
*Афтæ дыл сахуыр ыстæм,*
*æмæ бинонтыл уыдтæ*
*нымад.*
*Ды – нæ удлæууæн,*
*нæ зæрдæдарæн,*
*нæ мад.*
*Диссаг,*
*скъæтæй-иу*
*бинонты змæлдмæ*
*хъуыстай.*
*Ницы дæ хъуыдис,*
*ницы,*
*æнæ рæвдыдæй,*
*схуыстæй.*
*О мæ хъуг,*
*ды хæдзармæ цæуын та*
*куыд зыдтай,*
*рæгъауы разæй йæм*
*æдзух*
*тындзыдтай!*
*Кæртмæ-иу куы бахызтæ,*
*уæд-иу дæуæй хъалдæр*
*кæм уыд!*
*Скъæты-иу куы 'рлæууыдтæ,*
*уæд-иу дæ уд*

*ærцыд.*
*О мæ хъуг!*
*ды де ‘хсырмæ цыма*
*дæ уды хъарм*
*уагътай.*
*«Уæд уын æвдадзы хос», –*
*æвæццæгæн-иу*
*загътай.*
*Сойхуыз*
*æмæ сойбыл уыдыстæм*
*мах*
*дæ фæрцы,*
*фæлæ нын цы кодтай,*
*æнæнхъæлæджы дыл*
*цы æрцыд?!*
*Де ‘ргæвдджытæ дæ*
*ныр æргæвдæнмæ*
*фæкæнынц.*
*Иу каст ма фæкодтай, –*
*зæрдæйы тугтæ*
*ныккæлынц.*
*Раздæрау мæм*
*адæймаджы цæстытæ*
*сзылдтай,*
*фæлæ дæ кæдæм кæнынц,*
*уый*
*нæ зыдтай.*
*Иу каст ма акодтон*
*æз дæр*
*дæ фæдыл,*
*фæлæ мæ адæймаджы цæстытæй кæсын*
*нæ фæндыд...*

Уыцы цауы фæстæ мæ зæрдæ хъуг скæнын нал бакуымдта, афтæмæй мын йæ дарын дæр афтæ зын нæ уыд. Хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ адæмæй бирæтæ сæ цæхæрадæттæ нал кусынц, æмæ, хæстæгдæр цæрджытæ куы базыдтой, хос фæкæрдын, уый, уæд-иу мæм куы

чи ӕрбацыд, куы чи, мӕ цӕхӕрадон мын ӕркӕрд, зӕгъгӕ. Ӕз сӕм мӕхинымӕр мӕсты кодтон, сӕ армытъӕпӕны йас зӕххытӕ дӕр кӕй нӕ кусынц, уый тыххӕй, фӕлӕ мӕхиуыл хӕцыдтӕн. Мӕхицӕн та ӕвзӕр нӕ уыд къӕсӕрӕй-дуармӕ. Кӕд-иу хур бонтӕ хаста, уӕд-иу ӕй сӕ цӕхӕрадӕтты хус кодтон ӕмӕ-иу ӕй чысылгай лӕгуӕрдоны ӕрбаластон, кӕд-иу къӕвдаджын уыд, уӕд та-иу ӕй цъӕхӕй мӕ сарайы ныттӕнӕг кодтон. Дыууӕ-ӕртӕ боны-иу ӕй сагойӕ йӕхимидӕг фӕфӕлдӕхтон, ӕмӕ-иу дзы дымгӕ куы азылд, уӕд-иу замманай хус сси, цъӕхӕй-иу баззад, афтӕмӕй. Ауыоны хусгонд хос бынтон диссаг у. Фӕлӕ уӕддӕр бирӕтӕ сӕ цӕхӕрадӕттӕ кӕй нӕ кусынц, уый мӕ мӕстӕлгъӕд кодта, фӕлӕ мӕ маст ныхъуырдтон.

Уӕд дын мӕм иуафон дӕлӕсыхӕй иу мӕнӕй хистӕр лӕг куы ссӕуид. Хъуырыцъарӕй лӕгъстӕ кодта, мӕ цӕхӕрадон-ма мын ныккӕрд, зӕгъгӕ. Ӕмӕ дын дзы, зӕгъын, кӕрдӕг ис? Йӕ фылдӕр, дам, мын хӕмпӕлгӕрдӕг у, бафиддзынӕн, дам дын, цас зӕгъай, уыйас. Ӕмӕ, зӕгъын ӕй дӕхӕдӕг цӕуылнӕ кӕрдыс? Цӕвӕгимӕ архайын, дам, нӕ зонын. Ацы хатт мӕхи нал баурӕдтон ӕмӕ йыл мӕ мӕстӕй стыфылтӕ калдтон, зӕгъын, хъӕуы куы рафтыдтай дӕ дӕндаг, уӕд цӕмӕй базӕронд дӕ, худинаг дын нӕу? Лӕг хъуырхъуыргӕнгӕ ацыд, мӕ цӕст дӕр ӕй нал ауыдта. Уый фӕстӕ ма йӕ цалдӕр уынды фӕкодтон, ӕмӕ-иу мӕм цӕваг галы каст ӕрбакодта. Бӕрӕг уыд, мӕ уайдзӕф ӕм кӕй нӕ бахъардта, уый. Ӕмӕ йе 'мбисонд – йӕхи!

Уый хуызӕтты цӕхӕрадӕтты мыстулджытӕ, сӕлавыртӕ, тӕхсӕлтӕ ӕмӕ ӕндӕр тугцъир лыстӕг сырдтӕ сӕхицӕн бынӕттӕ скӕнынц ӕмӕ тугуарӕн кӕнынц адӕмыл – ныццӕгъдынц сын сӕ кӕрчыты ӕмӕ ӕндӕр хӕдзарон мӕргъты. Иу ӕмӕ дыууӕ ахӕм цауы не 'рцыд нӕ хъӕуы, ӕмӕ бирӕтӕ хӕдзарон мӕргътӕ дарын нал уӕндынц. Афтӕ куы уа, уӕд тагъд нӕ цӕхӕрадӕтты рувӕстӕ ӕмӕ бирӕгътӕ дӕр фӕзындзӕн, ӕмӕ нын уыдон та нӕ фосмӕ бавналдзысты. Ахӕм цӕхӕрадӕтты хицӕуттӕ уыцы хъуыддагхуызӕй уынджы даргъкъах ӕмӕ ӕрттӕдӕлармӕй сӕхи хуызӕн магусайӕ цӕлуарзонтимӕ куы рабадынц, стыр дзыхӕй стыр ныхӕстӕ куы фӕкӕнынц, уӕд сӕхицӕй ӕфсӕрмы нӕ фӕкӕнынц? Ӕмӕ сӕ цӕмӕн хъӕуы ӕфсарм, уый сын ӕрмӕст хъыгдарыны хос у.

Уыдон тӕрхӕттӕ фӕкӕнынц нӕ ирон ӕгъдӕуттыл, нӕ бӕрӕгбӕттыл...

Абон дæр, дам, бæрæгбон у, æмæ Хуыцау, йе сконд зæдтæ æмæ дауджытæм скувын хъæуы, цыма фыргуыст фесты æмæ сæм сæ тугвæллойæ скувинаг сты, сæ къух уазал доны дæр нæ тулынц, афтæмæй. Табу сын уæд, фæлæ мæм хатт афтæ фæкæсы, цыма нæ бæрæгбæттæ дæр уыдоны æрхъуыдыгонд сты, цæмæй сын æфсон æмæ фадат уа сæ гæлдæртæ байдзаг кæнынæн.

Æз та мæхицæн фæзæгъын: «Фыццаг – рувгæ, стæй та – кувгæ. Куынæ барувай, уæд цæмæй бакувай».

Æмæ та, бон дзир-дзур куы фæкæны, уæд гакк-гуччы уасынмæ сыстын мæ сынтæгæй, æмæ мæ цæхæрадонмæ фехсайы мæ зæрдæ. Куыст та фыццаг зæрдæйæн у, стæй та – гуыбынæн. Дæ куыстæй дæ зæрдæ куы рухс кæна, дæ фæллойæ, уæд фарсылхæцгæдæр у.

Фæлæ та мæнæ фæцæуын кæйдæр зæрæстон цæхæрадоны рæзты, мæ сæр нынкъуыстон, фæлæ, астæумæ кæрдæг куы федтон, уæд ме ‘нкъарæнтæ фемæхстысты:

*Замманай кæрдæг. Мæ мыртт-мыртт æм ссыд.*
*Ахæм мыл никуыма бахæцыд зыд.*
*Рауистæ дзы кæн, гæрзытау æй уадз,*
*Æмæ дæ мондæгтæ цæвæгæй суадз...*

Æмæ та мæ зæрдиагæй бафæндыд хъуг дарын дæр, уæдæ мæ цæвæг сарайы ауыгъдæй кæдмæ згæ кæндзæн?! Стæй иугæр хъæуы цæрыс, уæд хъуамæ хъæууон цардæй цæрай!..

*ГÆБÆРАТЫ Юри*

# ФЫДБОНЫ ФОС

*Радзырд*

Амонд дæ куы ницæмæй уа...

Фосæй дæр дæ амонд хъуамæ уа, фæзæгъынц, фæлæ... Местъор ахæм амонд рæгъмæ рахæссыны аккаг дæр нæ кодта, нæй дæ фосæй амонд, æмæ цы – дæлдзæх фæуæнт! Адæмы фарнæй хайджын у, де 'рбацыд искæмæн æхсызгон уæд, дæ ацыды фæстæ дæ хорзы кой баззайæд – уый дын амонд. Иннæтæ æппындæр ницы сты!

Афтæ нымадта Местъор, фæлæ...

Æниу фæрссаг æмæ иударон ныхæсты сæрты куы ахизæм, уæд цыма æгæр амондджын дæр фæцис фосæй!..

Цæй, райдианæй райдайæм, йæ тæккæ райдианæй.

Уалæ Църуйы цардысты. Цардысты, сæ цард къахæй нæ ассон-ассон кодтой, фæлæ сæ цардæн амæлттæ кодтой, цардысты адæмы, хъæубæсты хорзæхимæ.

Йæ мад, мæгуыр, идæдзæй раджы баззад, фæлæ фæрнджын сылгоймаг уыдис æмæ фæрнджын адæмы фæрцы царды кæйттæ кодта, йæ сидзæрты адæмы рæгъы ракодта. Никуы йæм æрцыд йæ хъæубæсты 'хсæнæй искуыдæм фæцæуыны хъуыды, фæлæ...

Ацы Местъор, ацы! Сæ хъæуы зæронд устыты загъдау, сартист мын ис æмæ горæтаг цæрæг бацис. Горæты кæрон балхæдта зæххы тъæпæн æмæ дзы дардыл хæдзар ныззылдта.

Мадæн та, куы йæ загътам, йæ фæсонæрхæджы дæр никуы уыдис йæ хъæубæстыл йæ къух сисыны хъуыды, фæлæ дæ цы фæнды. Дæ фыдгулыл Местъор ныйиттæг уæд – мæймæ дæ æрчъи дзабырты фистæгæй фæцæуын кæндзæн. Мад ма бæргæ адывæндтæ кодта уæддæр, фæлæ Местъор йæ дзырдарæхстæй кæй нæ басæтдзæн.

– Дывæндтæ-йедтæ мауал кæн, Джиджджи, – дзырдта йын. – Нæ уæзæг рохуаты никуы ныууадздзыстæм, абæрæг-иу æй кæндзыстæм, нæ фадат куыд амона, афтæ. Хæдзар уыдзæн цæрæг хæдзары хуызæн. Йæ сæр ногæй агъуындинаг кæй у, уый дæр мæ рох нæу, цалынмæ мын мæ къуыдайраг хæлæрттæ Чаис æмæ Азæмæт хъуари самал кæной, уæдмæ уал æй цинк зестей ацагъуынддзыстæм…

Мад ма-иу æм уæддæр йæхи бакъултæ кодта:

– Омæ, дæ нывонд æрбауон…

– Иу нывонд дæр нал æмæ иннæ дæр! – йæхи-иу схылгæнæг кодта Местъор. – Чаис далæ Хуыцъейæ кæд æмæ кæд алыгъд горæтмæ, уартæ кæд сгорæтаг… Æмæ мæм хъуамæ уæлейæ бынмæ кæса, уый хъуамæ горæтаг уа, дæ фырты та дын хъæуккаг хоной?.. Афтæмæй та кæм Хуыцъе æмæ кæм та – Църу!.. Хуыцъе далæ кæм и, æмæ Църу та уалæ кæм и!..

– Ох, – райдыдтай та. Кæд ныууадздзыстут уæ кæрæдзийы æлхыскъ кæнын, сывæллæттæй хъауджыдæр не стут, – æхсызгон бустæ-иу бакодта мад.

Цы нæ сразы ма йын уыд? Мадæй зæгъын. Йæ хъæбулæн кæм хуыздæр уа, уымæй хуыздæр кæм хъуамæ уа ныййарæгæн дæр. Нырма æнæус лæппу у – хъарм хæринаг цух æй уæддæр никуы ныууадздзæн. Сæ муртæй цыдæртæ раластой.

Фосæй сæм ницы уыдис иу дзæргъы йеддæмæ. Йæ ауæй кæнын нæ бауарзта мады цæст, æмæ ской кодта лæппуйæн, аласæм æй немæ, зæгъгæ. Цы йын хъуамæ загътаид Местъор? Иуæй йын лæгъстиаг уыд, иннæмæй... Хъæууон цардыл ахуыр сылгоймаг горæты æндæр цæуыл хъуамæ аирхæфса йæхи?

Æмæ йæ раластой.

Дзæргъы...

* * *

Фосæн дæр уд ис, йæхи домæнтæ йын вæййы, йæ ахуыр нæ сафы. Местъортæн сæ дзæргъ уæдмæ уыд... дзæргъ, æндæр ницы. Дзæргъ цы вæййы, уымæй уæлдай йæм никуы ницы рахатыд, фæлæ...

Фосæй дæр дæ хъуамæ амонд уа – цадæггай цæуын райдыдта ахæм хъуыдымæ. Дзæргъ хæхбæсты уæгъдибар азмæлæнтæ, хъæддаг дыргътæ агурæг цæуын ахуыр уыд, æмæ афтæтæ домдта ам, горæты дæр. Райсом ын йæ хуыдоны дуар бакæн, уый йеддæмæ.. Йæ къох-къох æмæ ма йæ уфф-уфф уынджы кæронæй цы ‘рбайхъуыстаид, уый йеддæмæ йæ кой, йæ хъæр нал райхъуыстаид.

– Мидæгæй йæ дарæм, цалынмæ нæм ницы фыдбылыз æрхаста, уæдмæ, – мæсты кæнын райдыдта Местъор.

– Цас æй фæдардзыстæм мидæгæй дæр, тæригъæд у. Стæй бæстæ йæ сæрыл сисы, – уæддæр йæ ауæй кæныны кой скæнын никуы бауарзта мады цæст.

Мад та цы – йæ фыдæбон Местъормæ хауд…

– Дæ нывонд фæуон, уыцы дзæргъмæ дæ хъус куы адарис, макæй кæртмæ та бафсæрæд, – æрвылизæр ын дзырдта йæ мад.

– Фосæй дæ амонд куынæ уа, уæд æй хъуамæ ныхъхъуытты кæнай! – хъуырхъуыргæнгæ-иу араст Местъор дзæргъы агурæг.

Йæ къуыдайраг хæлæрттæ Чаис æмæ Азæмæт сæм арæх цæуаг уыдысты. Уыдоны цур абадыны æмæ аныхæстæ кæныны фадат дæр никуы фæцис Местъорæн, йæ уды фæндиаг семæ фынгыл дæр нæ абадтаид.

– Местъор, уыцы фыдбылызы дзæргъ та никуы зыны, уæд та искуы машинæйы бын...

– Ма дзы байрай! – хæрдмæ-иу фæхауд Местъор.

– Хуыгиан, дæ фырт артист у, артист, ды та дзы хуыгæс скодтай, – йæ дудгæ мастыл-иу ын цæхх айзæрста Чаисы мæлинаг дæр.

Местъор-иу ноджы сызнæт, бæстæ-иу йæ сæрыл систа.

– Ды ма-иу уæддæр ныххæц дæ дзыхыл! Бакæсæд-ма йæм исчи – æртындæсæм хъыбылы хуызæн!

Чаис асæй ныллæг æмæ тæнтъихæг кæй уыд, уый тыххæй йæ хуыдта афтæ.

* * *

Фосæй дæ амонд куынæ уа...

Местъор карз æлгъыст кодта фосрафæлдисæджы, фосæй амонддæттæджы æмæ, сæ фыдбоны дзæргъы хохæй горæтмæ цы бон раласта, уыцы боны дæр.

Фæлæ уæддæр ис амонд...

Амонд дæр гамхуды бынæй кæдмæ хъуамæ кæса, уæддæр ын искуы йæхи æнæ равдисгæ нæй.

Æз зæгъын – искуы... Кæнæ та: нæ уыд амонд æмæ йæ æрхаста æнамонддзинад!..

Местъоры ногарæзт хæдзары рæзты цы уынг цыд, уыцы уынгмæ иубон фæзындысты цавæрдæр галстукджынтæ, цыдæртæ арабар-бабар кодтой æмæ фæтары сты. Дыккаг бон уынджы февзæрдысты æндæртæ, галстуктæ нæ, кусæн дарæс кæуыл уыд, ахæм лæгтæ, æмæ райдыдтой уынг къахын. Адæм та цымыдисы къæдзилыл баст сты – фарстой сæ, цы къахынц, цы дзы ссардтой, зæххы бын сын хæзнатæ æмбæхст ис, уыдæттæй… Горæтмæ цæуæг нуазыны доны хæтæлтæ,

дам, ауылты цæуынц, нал, дам, бæззынц, æмæ, дам сæ хъуамæ ногтæй раивæм, дзырдтой сын. Уыцы лæгтæ.

Доны хæтæлтæ раивтой æви нæ, Хуыцау йæ зонæг, фæлæ уынг ныууагътой, куыд æй скъахтой, афтæмæй. Кæд нæм нæ зыдтой афтæтæ: уынг скъах, стæй йæ афтæмæй фæуадз æмæ йæ цалынмæ æввахсдæр цæрджытæ сæ бырæттæй байдзаг кæной, уæдмæ йе 'мгæрæтты мауал ацу…

Алцæмæй дæр дæ хъуамæ амонд уа – ныр та къанауы сæрты рахиз-бахиз кæнгæйæ æлгъыста Местъор амонддæттæджы. Фæлæ куы загътон: нæ уыд амонд æмæ йæ æрхаста æнамонддзинад!..

Местъор иурайсом ныккаст къанаумæ, æмæ... дæлæ сæ фыдбоны дзæргъы мард...

Уый дын амонд! Дзæргъ ныххауд къанауы æмæ амард! Местъорты фыдбоны дзæргъ…

– Уæ сыгъзæрин фестай, фосæй амонддæттæг! – фыр цинæй ныззарынмæ рахъавыд Местъор, фæлæ нæ – ахæм хуыцауæйкургæ амондыл афтæ æнцонтæй баууæндæнтæ ис?!. Местъор смидæг сæ кæрты, æмæ, хуыдоны дуар гомæй куы федта, уæд ма йын цы нæ бауæндгæ уыд, дзæргъ уыдоны фыдбоны дзæргъ кæй у æмæ кæй амард! Æмæ йæ зæрдæ хурварс абадт.

Ды мын амонддæттæгæн йæ рахиз цæсты 'рдыгæй лæуд фæу, уый йеддæмæ...

Къахт къанауæй кæй сæппæрстæуыд æмæ сыджыты обауы цъуппыл фыйййауы худы хуызæнæй чи зынд, уыцы тъæпæн дурыл æрбадт Местъор æмæ йæ фыр цинæй худгæ цæстытæ ныццавта дзæргъы мардмæ.

– О, Местъор! – уынджы кæронæй æрбайхъуыст Чаисы цъæхснаг хъæлæс.

Нырæй æхсызгондæр ын никуы уыд йæ къуыдайраг хæлæртты фенд.

Чаис æмæ Азæмæт, къанауы сæрты гæппытæгæнгæ, фæхуд-фæхуд кодтой, афтæмæй цыдысты Местъорты 'рдæм. Местъор се 'рбахæццæмæ дæр нал банхъæлмæ каст:

– Дæлæмæдзыд, дæ фыдæнæн амонддæттæджы рахиз цæсты 'рдыгæй лæуд фæдæн!

– И?! – къанауы сæрты æрбагæпп кæнгæйæ, йæхи фесхъæл кодта Чаис.

– Ныккæс-ма, ныккæс, дæ кæсæнтæ макуы рахауой, – Чаис йæ уæлхъус уасæджы лæуд куы акодта, уæд ын уæрммæ ацамыдта Местъор.

– И?!

– Ы?!

– О!!

Дзæргъы мардмæ кастысты æртæйæ. Местъор йæ бурдзалыг зачъетæ адау-адау кодта æмæ худт йæ мидбылты.

– Гъери-гъа! – йе ‘рмттæ кæрæдзийыл æрцагъта Чаис æмæ хъуызгæ каст скодта Азæмæтмæ.

– Фæмаст кодтон, – йæ сæр тæфæрфæсгæнæджы къул æркодта уæзбынтæконд Азæмæт, æмæ йæ къух бадардта Местъормæ.

– Æндæр мацы фен, – худт Местъор.

Уалынмæ...

– Ех-хе-хе-хе! – йæ хæл-хæл худт даргъ ауадзгæ ныкъкъæдз ис Чаисы астæу. – Минас, минас, лæппутæ!

– Æнæбайрайгæ фæу, кæд Местъорæн йæ дзæргъ цыппæрдæс хъыбылы нæ ныййардта! – Азæмæт йæ цæстытæ мæсты хъулæттæ скодта Чаисмæ.

– Гъе, пърафисор, – йæхи йæм сивæзта Чаис. – Дæхи та ма ныууæздан кæн, дæ уды фæхъхъау фæдæн… А Местъор чи у, уый фыр цинæй ницыуал æмбары, фæлæ дæуæн та цы фæцис дæ куырыхон зонд?! – йæхи схылгæнæг кодта хуыцауыкъахæргæвдæг Чаис.

– Ома? – ницымбарæджы каст æм кæнынц Местъор æмæ Азæмæт.

– Ома нæ, фæлæ минас, – худы Чаис.

– Æнæбайрайгæ фæу дæ минасæй, сæппар ма йæ, цæй! – йæ цæнгтæ йыл стылдта Азæмæт.

– Æй дæлдæр куыд фæцис уæ раттæг, кæд куыд æнæсмудæнтæ стут! – йæ иу цæст æрцъынд кæнгæйæ, хин худт кæны Чаис.

– Цыдæр та æрымысыд ацы хæйрæджыты бардуаг… – уый Азæмæт загъта, йæ сæр æнкъусгæ.

Чаис йæ къух уыцы дæрдтыл ныззылдта, ома ныртæккæ дын иу ныддаудзынæн, пърафисор цыдæр. Ома Азæмæтæн, фæлæ йæ ныхъхъуытты уагъта, уыцы тæккæ йæ уый не ‘ндæвта.

–Хъус-ма, хърихъупп, – æрхæцыд Местъоры уæхскыл æмæ йын уæрммæ амоны. – Дæлæ дæ дзæргъ кæм ныммард, ома мæнæ ацы къанау чи скъахта æмæ йæ афтæмæй чи ныууагъта, уыдоны дæ зæрды афтæ ныууадзын ис? И?!.

– Уæдæ сын цы бакæнон, сæ фæйнæ... – дæрзæг æлгъыст сцæйкодта

Местъор, фæлæ фыр цинæй æви фыр мæстæй уый рахатын не 'ндæвта Чаисы.

– Цы, куы зæгъай, уæд... Къанау скъахтой, фæлæ йæ æмбæрзгæ нæ бакодтой, æмæ дзы дæ фыдбылызы дзæргъ ныххауд. Уыдон хæсджын сты, цæмæй дын дæ дзæргъы аргъ бафидой. Дæ фыдбылызы дзæргъ дын æрмæстдæр маст æмæ фыдæбоны хос кæй уыд, уый никæмæ хауы!..

– Афтæ у? – йæ бурдзалыг зачъе адаудта Местъор.

– Афтæ у, афтæ, мæ хърихъупп æфсымæр, Хуыцауыстæн, афтæ у, фæлæ фæстиат нал!

– Дæ минас цы фæцис, дæ минас, æнæ байрайгæ дзы фæуай? – йæ цæнгтæ та йыл стылдта Азæмæт.

– Гъери-гъа... Эй, хърихъупп, дæуæй куы уаин, уæд фестин æмæ мæнæ ацы гуымыдза хæрæгæн йæ хæмхудтæ...

– Сар мын йæ сæр кæны, фæлæ цы фæрæдыд, уый уал мын бамбарын кæн.

– Рæдыдил ма хъæциккам, фыццаг хатт ын куынæ у, фæлæ дæ æфхæргæ кæны, æфхæргæ! Куыд хъуыды кæны, цымæ: Местъор йæ дзæргъы сæрмæ æхца райсдзæн æмæ сæ йæ базы бын бамбæхсдзæн, йæ къуыдайраг æфсымæртæн дзы уæлæ гыццыл базары физонæггæгтæ нæ райсдзæн æмæ ма, ардæм цæугæйæ, уæртæ Симсимы дуканимæ дæр нæ фездæхдзæн иу-æртæ авджы арахъхъ райсынмæ?..

– О-о-о! – сæ хъæлæстæ Уастырджийы зарæгæн хъырнæгау баиу сты Местъор æмæ Азæмæтæн.

Уынджы кæрон сæм æнхъæлмæ каст Чаисы бур «Жигули».

Чаисы хъуыды æнæхъуаджы дзæнгæда нæ уыд...

Фæлæ...

Изæрмилты ма Местъор æмæ йæ дыууæ къуыдайраг хæлары сойбыл, сыкъадзæфæй кæрты адджын ныхæстæ куы кодтой, уыцы рæстæг фегом кæрты дуар, æмæ оф-оф, къохкъохгæнгæ мидæмæ æрбафсæрста... дзæргъ, Местъорты фыдбоны дзæргъ.

Чаис æмæ Азæмæт комхæлиуæй кастысты дзæргъмæ, фæлæ Местъорæн йæ цæст дзæргъмæ кæсын нал бауарзта, йæ цæсгом æнгом балхъывта тута бæласы дæрзæг зæнгмæ æмæ æгомыгæй æлгъыста фосæй амондæттæджы…

* * *

Кæйдæр дзæргъы мард ма цалдæр боны фæлæзæрд къанауы, стæй йæ быронласджытæ аластой – йæ хицау уæддæр нæ разынд, стæй разынд, нæ разынд, уыдæттæ дæр никæйуал æндæвтой... Чаис æмæ Азæмæтæн уыцы дзæбæх батад сæ минас, фæлæ Местъоры хъизæмармæ кæсгæйæ сæ фарсыл нæ бахæцыд.

Местъор лæгъстæ кодта йæ мадæн, ауæй йæ кæнæм, æмæ, кæд дæ бон æнæ дзæргъ даргæ цæрын нæу, уæд ын йæ сæрмæ фæлтау æндæр дзæргъ балхæнæм, зæгъгæ.

– Нал мæ хъæуы æндæр дзæргъ дæр, фæлæ йæ куыд ауæй кæнæм, сывæллæтты хицау дæн, æмæ сæ æлгъыстаг куыд фæкæнон?.. – йæхи-иу бакъултæ кодта мад.

Мад мад у, цы йын йæ бон уыд...

Æмæ Местъор цард йæ иугъæдон цардæй. Мад ын дзырдта æр-вылизæр:

– Уыцы фыдбоны дзæргъ та никуы зыны, дæ нывонд фæуон, æмæ йæм дæ хъус куы адарис...

– Ма дзы байрай, гъе уый дын! – æрвылизæр ын тыфылтæ калгæ дзырдта Местъор, фæлæ, куы загътон, цы бон æй уыд, æмæ æрвылизæр цыдис дзæргъагурæг.

Иуизæр æй не ссардта... Дзæргъ никæцæй фæзынд æхсæвы дæр. Райсомæй хуыдон афтидæй куы федта, уæд йæ риуыдзаг æхцон улæфт скодта. Местъор. Æмæ фыр цинæй кæрдзын дæр нал бахордта – атындзыдта куыстмæ, йæ циндзинад Чаиситæн тæвдыл фехъусын кæнынмæ. Ныр дæр ма комхæлиуæй чи лæууыд, уыцы къанауы сæрты ахызт æмæ къанауæй сæ рæзты цæуæг архы ʻхсæн, сур бынæттæм хъавгæ цыд æхситтæй заргæ. Иуафон архы донмæ куы ныккæсид, æмæ... дæлæ... йæ дзæргъы мард!.. Дзæргъ, æвæццæгæн, сцæйхызт донæй, фæлæ йын нæ бантыст – йæ цыппар къахы дæр сæ рæбынты онг ныссагъдысты хуылыдз змисы, æмæ... Местъор ма уæддæр дызæрдыг кодта, дзæргъ сæхи у æви та... Фæлæ иугæр дысон хæдзармæ не ʻрцыд, уæд ма цы у йæ гуырысхо?..

Фæскуыст йемæ рацыдысты Чаис æмæ Азæмæт дæр. Бирæ фæкастысты дзæргъы мардмæ æмæ æмхъæлæсæй аскъуыддзаг кодтой: дæлæ уыцы дзæргъ у Местъорты фыдбоны дзæргъ…

– Хи-хи-хи... – йæхи та нысхъæл кодта Чаис. – Уе ʻмбудæнтæ физонæджы тæф нæма ахсынц, лæппутæ?

– Цы?..

– Цы, нæ, фæлæ физонæг!

– Ома? Рухс ын зæгъæм? – бахудæнбыл Местъор.

– Уæдæ! Йæхи аргъæй. Хи-хи-хи...

– Местъор, нæ хæйрæджыты бардуаг æфсымæр та цыдæр æрымысыд, – ацы хатт парахат худт кодта Азæмæт дæр.

Æмæ та Чаис дæр йæхимæ куыннæ ныззындаид, цæуылнæ хъуамæ ныззындаид йæхимæ…

– Мæнæ ацы æрхы дон ауылты чи рауагъта, уый уæ зондæй фæцæра, ау, адæм кæм цæрынц, уыцы ран архы былтыл гæрæнтæ ма хъуамæ уаид? И? Искæй дзæргъ дæлдзæх дæр ныххауæд, фæлæ уæд та искæй саби... Уымæй Хуыцау бахизæд, фæлæ йæ дзæргъ дæр уæлдайаг никæмæн у...

– И?

– Страх, страх, мæ хæлæрттæ, хицауадæн мæгуырæй ма тæрсут.

Азæмæт йæ гæндзæхтæ бацагъта:

– Местъор, ацы дæлæмæдзыд дæ сафдзæн, фæлæ иу къахдзæф дæр никæдæм!..

Чаис та йæ къух уыцы дæрдтыл ныззылдта, фæлæ йæм Азæмæт ахæм уырдыг ныццис, ахæм, æмæ йæ къух уæлдæфы ауыгъдæй баззад…

– Æ, дæ зондæй фæцæрой нæ фыдбылызмæ бæлджытæ, афтæ йæ нæ бафæрсдзысты, дæ дзæргъ цал марды кæны, зæгъгæ?..

– Ей, пърафисор, – йе уæхскмæ йын сæвнæлдта Чаис. – ды уыдæттыл дæ зонджын сæр ма риссын кæн, мæ бар æй бауадз: кæд æй бафæрсой, уæд сын æз зæгъдзынæн, мæ фыдыфыд Къогъонтъи фараст дзæргъы кæй дардта...

Ох, Чаис, ацы Чаис, ацы!..

... Горæты æххæсткомæй та æрæрвыстой дыууæ лæджы, федтой дзæргъы мард, семæ акодтой Местъоры дæр æмæ йын бафыстой йæ дзæргъы аргъ.

Чаисы загъдау, йæ базы бын та сæ кæм бамбæхстаид, æмæ...

Изæрмилты æрхæццæ сты Местъортæм. Æд физонæггæгтæ, æд арахъхъы æвгтæ…

Кæрты, Местъорты кæрты мардæрцыды хуызæнæй лæууыд Местъоры сыхаг Дуби.

– Цы дын кодтон, Местъор?.. – уыцы тæригъæддаг каст æм кодта.

– Куы ницы дын кодтон, Дуби... – йæ хуыз аныхъуырдта Местъор.

– Ды ницы, фæлæ дæ дзæргъ... Мæ ныккæнды мын ницыуал ныууагъта. Картофæй, дыргъæй... Саубыны сæфт сæ фæкодта...

– И?!

– Æвæццæгæн, знон райсомæрдæм батыдта дуар... Æвæццæгæн, æхсæвы дæр уым уыд, æндæра уыйбæрц фæллой æнæхъæн фермæйы хуытæ дæр... Чысыл раздæры онг æй нæ базыдтон...

Местъоры цыма исчи тæвд æнтыдæй сласта, уый лæуд кодта. Йæ фарсмæ тæфæрфæсгæнæгау лæууыд Азæмæт. Æгæрыстæмæй ма Чаис дæр, хуыцауыкъахæргæвдæг Чаис дæр, ацы хатт хæцыд йæ дзыхыл.

Дуби ацыд. Бирæ нал афæстиат сты Чаис æмæ Азæмæт дæр. Местъорæн ма цыдæр мастуромæн ныхæстæ акодтой æмæ ацыдысты. Ферох сæ сты сæ физонæггæгтæ æмæ арахъхъы æвгтæ дæр.

Дыккаг бон Местъор куыстмæ нæ ацыд. Æртыккаг бон дæр. Фæссихор æй абæрæг кодтой Чаис æмæ Азæмæт.

– Местъор, – кæрты цы тута бæлас уыд, уый бын фæхсбандоныл куы 'рбадтысты, уæд, йæ къух Местъоры уæрагыл æрæвæргæйæ, уыцы хъуыддагхуызæй райдыдта Чаис. – Мæ ныхас та мын хынджылæгмæ ма айс, аппаринаг чи нæу, ахæм фæндонимæ дæм æрцыдтæн, бæлвырддæр зæгъгæйæ, фæдзæхсгæ дæ кæнын... О, хæдæгай, дæ мад ам ис?

– Нæй ам.

– Тынг хорз! Уæдæ райдыдтам. Цалынмæ дæ ничи банымыгъта, Местъорæн иу дзæргъ ис, адæм дзы лидзинаг фесты, уый та алы хатталы хатт хицауадæй æхца сайы, зæгъгæ, уæдмæ йæ...

– Нæ йæ уадзы! – йæ хъуыры фæбадти Местъор.

– Чи нæ уадзы, цы нæ уадзы?..

– Мæ мад. Нæ йæ уадзы уæй кæнын!..

– Ма йæ бауадзæд. Мах æй... аргæвдæм æй...

– Тæвд цæхæр дын ацæуæд уыцы гуыбыны! – бахъуыр-хъуыр кодта Азæмæт.

– Пърафисор, мæн мæ гуыбыны мæт нæй, нæ, мæнæ мæ Местъоры мæт ис. Цæстфæлдахæджы номимæ ма йæ ахæстоны дæр куы смидæг кæной, уæд æм передачæтæ ды хæсдзынæ?!.

– Омæ уæд та... Уæд та йæ аргæвдæм, Местъор... – Азæмæт, цыма йæ тæккæ изæр æцæгдæр ахæстонмæ цæуын хъæудзæн, йæхи ахæм тæригъæддаг ныккодта.

– Аргæвдæм æй! Цы уа, уый уæд… – йæ уæраг æрцавта Местъор æмæ фестад.

– Афтæ, уæдæ! Хуыгианы мæ бар уадз. Зæгъдзыстæм ын, кæйдæр куыдз ын йæ хъуырыл фæхæцыд, фæцæймард æмæ йæ... – фестад Чаис дæр.

Кæрты тæккæ астæу цуайнаг авæрдтой. Чаис арт кодта, Азæмæт та цуайнаг донæй йедзаг кæныныл схæцыд.

Фæлæ…

– О, фæлæ... – дон рахсидынмæ дæр нæма хъавыд, афтæ катæйттыл фæцис Местъор. – Талынджы куынæ цæуы хæдзармæ, уæд æй ацафон кæм ссардæуа?..

Æмæ уыдон дæр, Азæмæт æмæ Чаис, цыма фыр адæргæй, се 'взæгтæ аныхъуырдтой… Уæлдайдæр та Чаис – уый та куыннæ ахъуыды кодта уыл, æнæуи дзы куы ницы ирвæзы, уæд ын ацы хатт цы хæйрæджытæ бахордтой йæ хъуыды…

Фæлæ дзæгъæлы уыд сæ катай. Дзæргъ, цыма Местъорæн тæригъæд фæкодта, – хуыссыд кæрты бахизæны цур. Ахæм сабыр, ахæм æнæзмæлгæ хуыст кодта, цыма Местъорæй, цы бирæ мæстытæ йын бавзарын кодта, уыдоны тыххæй хатыр куырдта…

Аргæвстой йæ. Дзæргъы. Тута бæласы бын фынг авæрдтой. Сæ фарсмæ физонæггæнæны цъыс-цъыс кодтой физонджытæ, фæлæ сæ фынгыл нæма æрæвæрдтой, акувой уал, Хуыцауы ном уал ссарой.

– Местъор, акувдзынæ? – йæ иу цæст хины цъынд æркодта Чаис.

– Кæд ма куывтон дæ цуры, къуыдайраг? – йæ цины равг йæ цæсгомыл хъазыд Местъорæн æмæ адау-адау кодта йæ бурдзалыг зачъетæ.

Чаис цæттæ уыд:

– Цæй уæдæ Хуыцауæй фæдзæхст фæуæм, цы цух стæм, уымæй нæ баххæст кæнæд, зын рæстæг нын фыдбылызæй фервæзынæн цы ахъаз кæна, абон куыд фæцарæхстыстæм, афтæ нæ алы хатт дæр хорз зондыл цы æфтауа, æрхъуыдыйы фыдæй-иу фыдæбæттæ цы не 'взарæм, нæ фæндтæ нæ, хъуыдытæ...

Чаисæн йæ фыццаг куывд сахаты бæрц уæддæр ахæссы, фæлæ йын ацы хатт йæ тæккæ дзæбæхтæм хæццæ дæр нæма бацис, афтæ йæ ныхæстæ йæ хъуыры фæцæйбадтысты…

Базмæлыд кæрты дуар, байгом, æмæ мидæмæ оф-оф, къохкъохгæнгæ æрбафсæрста... Дзæргъ. Местъорты фыдбоны дзæргъ…

*Гусалты Барис*

# ДЗЫРД-ХУЫЦАУ ДУГÆЙ ДУГМÆ*

## АНГЛИСАГ ЛИТЕРАТУРÆ



**Уильям Шекспир**

**Уильям Шекспир** (1564–1616).

Хуыцауы фæнд æмæ йæ комытæфы фæрцы иу лæг-удæн дзы цас бантысы, уый æнусты дæргъы æмбисондæн хæссинагæй баззайы.

Ссæдз азы дæргъы Шекспир уыд англисаг драматургийы астæуккаг цæджындз. Уæды онг адæймаджы удыской ды сусæгтæ – йæ æрфытæ æмæ бæрзæндтæ, йæ фæскъуыимтæ æмæ æппæрццæгтæ-æвæрццæгтæ – уыйау æргом æмæ ирдæй ничима сныв æста, снывкодта. Циу адæймаг, цы ахады, цæмæ æмæ цæй охыл тырны-бæллы, фæйнæхуызон уавæрты йæхи куыдæй æвдисы æмæ куыд дары, æппæт уыдæттæ дæр.

Уый хуызæн уырнинагæй, психологийы домæнтæм гæсгæ царды хæрзæнгæсæй равдисын никæмæн ма бафтыд йæ къухы.

Дис ын кæн йе сфæлдыстады арæнтæ æмæ авналæнтыл, фæлæ сыл кæронмæ нæ аххæсдзынæ. Йæ комедитæ, драмæтæ, трагедитæ дæр кæрæдзийæ ивддзаг кодтой сæ мидарæзтæй, сæ улæфт, сæ бындурон амад æмæ арæзтæй – сæ алывæрсыг аивадон мадзæлттæй.

О, йæ социалон-философон трагеди «Отелло»-йы хъазгæ-цæргæйæ йæхицæн дунейыл æнхъæвзгæ ном скодта Тæбæхсæуты Бало. Раст цыма Александр Пушкины ныхæстæ царды уагъта: «Лица, созданные Шекспиром, не суть, как у Мольера, типы такой-то страсти, такого-то порока, но существа живые, исполненные многих страстей, многих пороков…».

Ирон театр ын рагæй нырмæ дæр нæ рох кæны йæ пьесæтæ, куы дзы иу сæвæры ногæй-ногмæ сценæйы, куы иннæ, æмæ дзы искæцы ролы ацæрын-ахъазын свæйййы актерæн йæ тæхудиаджы бæллиц.

---

* *Дарддæр. Райдайæн 2025 азы 7-æм номыры*

Уæдæ Шекспиры (уырыссаг æвзагмæ Самуил Маршакы тæлмац) сонеттæ дæр кæуылты аивадон æнтыст сты! Мыхуыры та йын 1609 азы йæхи æвастæй фæзындысты. Æцæг шедевртæ, æцæг, – раст йæ драмæты ‘мсæр. Сты æнæхъæн 154. Æппæтæй зындгонддæр дзы у 66-æм сонет:

*Зову я смерть. Мне видеть невтерпеж*
*Достоинство, что просит подаянья,*
*Над простотой глумящуюся ложь,*
*Ничтожество в роскошном одеянье,*

*И совершенству ложный приговор,*
*И девственность, поруганную грубо,*
*И неуместной почести позор,*
*И мощь в плену у немощи беззубой,*

*И прямоту, что глупостью слывет,*
*И глупость в маске мудреца, пророка,*
*И вдохновения зажатый рот,*
*И праведность на службе у порока.*

*Все мерзостно, что вижу я вокруг,*
*Но как тебя покинуть, милый друг!*

Уыдæттæ фæуæнт, фæлæ æз рагæй дæр Шекспиры далæ ацы сонет бауарзтон – мæ уарзты фæндаг-иу цы рæсугъдимæ фæсаджил, уымæн-иу æй цæссыг ныхъуыргæйæ кастæн – æдылы амонддджын къоппа! – тæригъæдгæнгæйæ уарзт та кæй нæй, уый та кæй дзæгъæлтæгæнаг æвзонг сæр ахста:

*Уж если ты разлюбишь, – так теперь,*
*Теперь, когда весь мир со мной в раздоре.*
*Будь самой горькой из моих потерь,*
*Но только не последней каплей горя!*

*И если скорбь дано мне превозмочь,*
*Не наноси удара из засады.*
*Пусть бурная не разрешится ночь*
*Дождливым утром – утром без отрады.*

*Оставь меня, но не в последний миг,*
*Когда от мелких бед я ослабею.*
*Оставь сейчас, чтоб сразу я постиг,*
*Что это горе всех невзгод больнее,*

*Что нет невзгод, а есть одна беда –*
*Твоей любви лишиться навсегда.*

Шекспиры цардвæндаг æмæ сфæлдыстады фæдыл бæлвырддæрæй æнæ радзургæ нæй.

Цы аз райгуырд æмæ кæд амард, уыдон бацамыдтам, фæлæ нæ иу хабар фæбæлвырд хъæуы. Дунемæ рантыст 23 апрелы æмæ хицæн дæр ацис 52 азы фæстæ тæккæ уыцы бон. (Нæ ирон фысджытæй дæр сæ райгуырæн бонтæм сæ мæлæт аргъæвтой, æз кæй зонын, уыдонæй – Цæрукъаты Алыксандр æмæ Хостыхъоты Зинæ).

Шекспиры мыггаг, дам, тæлмацгондæй амоны: «арц уигъæг» кæнæ та «арцæй æвзидæг». Арцæн нæ зонын, фæлæ йе сфæлдыстадæй дунейы чиныгкæсджыты æмæ театрдзауты зæрдæтæ ныр уал æмæ уал æнусы кæй уигъы, уымæн нæхæдæг – æвдисæн.

Фæлæ йæ цардвæндаджы фагæй фылдæр ис æбæрæг бынæттæ, чысылтæ йеддæмæ дзы бæлвырд бæрæг ницы у, æмæ йыл алы фаутæ февæрдтой, мысыдысты йыл алы ницытæ æмæ мацытæ. Райгуырд Англисы бæстастæу горæт Стретфорд Эйвоны, Уорикширы графствойы. Йæ фыд Джон уыд йæ къæхтыл фидарæй лæууæг, дзæбæх цæрæг, æрмкъухтæ хуыйæг æмæ уæйгæнæг, иу заман цыбыр рæстæгмæ акуыста бейлифæй дæр – горæты сæрæй ома.

7 азæй 14 азмæ Шекспир фæцахуыр кодта скъолайы, фæлæ йæ ахуыр ныууагъта, йæ фыды хъуыддæгтæ куы фæцудыдтой æмæ сæм мæгуырады улæфт хæццæ кæнын куы райдыдта, уæд. Уæддæр цыдæр зонындзинæдтыл фæхæст – латинаг æмæ рагон бердзенаг æвзæгтыл. Бинонты хъуыддаг бакодта, 18 азы йыл куы сæххæст, уæд – ракуырдта Энн Хетеуэйы, æртæ сывæллоны сын райгуырд – дыууæ чызджы æмæ иу лæппу, фæлæ уый цæрæццаг нæ разынд, æнахъомæй амард.

Шекспир фæцыд Лондонмæ. Ам театры артисты куыстыл фæхæст, йæхи драматургæй дæр фæлвæрдта. Чысыл фæстæдæр йæ фæрæзты хай бахаста Бербеджы труппæйы архайдмæ – «Лорд-камергеры фæсдзæуинтæ», – ссис йæ актер, драматург, режиссер æмæ, цалынмæ

сфæлдыстадыл хæст уыд, уæдмæ ам баззад – фыста йын, ноджы редакци кодта æндæр кæйдæрты драмон уацмыстæ.

15 азы дæргъы уыд актер дæр, æцæг сæйраг рольты хъазын уымæ никуы ʻрхаудта – цæмæн, цæ, уый та – мæгъа. Куыд сфæлдыстадыл хæст адæймаг, афтæ йæ ном айхъуыст æрыгонæй йæ поэмæты фæрцы – «Венерæ æмæ Адонис», «Лукреция». Уæлдай уæрæхдæрæй та йæ базыдтой йæ сонетты руаджы – уыдон сæ аивадон æмæ философон бæрджытæм гæсгæ æцæг сгуыхт разындысты, схызтысты йæ драмæтæ æмæ трагедиты æмвæзадмæ. Æдæппæтæй та пьесæтæ ныффыста 37.

Сюжеттæ сын кæцæй иста, куыд амал кодта, уый дæр цымыдисаг æмæ дзырддаг рауад. Театрдзау дзыллæйæн сæ фылдæр хай нæдæр фыссын-кæсын зыдта, науæд та сæм чысылтæ йеддæмæ ахуыргонд-дзинад нæ хæццæ кодта. Фæлæ сын уымæ гæсгæ сæ монон рæзтæн стыр ахъаз уыд театр, зонгæ сæ кодта мыхуыргонд литературæйы исбонимæ, дунейы цардимæ. О, йæхицæн Шекспирæн та раст суадонау, сюжетты суадонау басгуыхт историон чиныг «Англис, Шотланди æмæ Ирландийы хроникæтæ». Йæ трагедитæн та-иу бындур ссардта Плутархы уацмысы – «Кæрæдзиуыл барст цардвæндæгтæ», æндæр рагон фысджыты фæллæйтты. Афтæмæй фæзындысты «Ницæмæй бирæ дзолгъо-молгъо», «Дыууадæсæм æхсæв», «Дыууæ веройнаджы», «Зымæгон аргъау». Уæдæ йæ кæцыдæр драмæтæ, комедитæ æмæ трагедитæ дæр-иу Шекспиры размæ сценæйыл æвæрд цыдысты, æцæг кæуылты лæмæгъдæрæй алы хуызты дæр – цы сæ арæзтæй, æвзаджы хъæд æмæ аивадон мадзæлттæм гæсгæ, цы сæ философи æмæ драматизм-трагизммæ гæсгæ. Зæгъæн ис, æмæ сæ-иу Уильям йæ курдиаты нымæтын ехсæй æрцавта, æмæ-иу, цы уыдысты, уымæй авд хатты хуыздæр фесты!

Ахæм у сæ равзæрды хъысмæт «Рæдыдтыты комеди», «Ромео æмæ Джульеттæ», «Гамлет», «Къарол Лир», «Отелло» æмæ ма иу къордæн. Æрмæстдæр æртæ пьесæйы гуырæнтæ нæ бантыст раиртасын – уыдон сты «Уарзондзинады дзæгъæл фыдæбæттæ», «Сæрдыгон æхсæвы фын», «Виндзориаг хынджылæггæнæг чызджытæ»…

Йæ драматурджы арæхстдзинады тыххæй иттæг раст фыста уырыссаг стыр критик Виссарион Белинский: «Обладая даром творчества в высшей степени и одаренный мирообъемлющим умом, он в то же время обладает и этою объективностию гения, которая

сделала его драматургом по преимуществу и которая состоит в этой способности понимать предметы так, как они есть, отдельно от своей личности, переселяться в них и жить их жизнью».

Йæ комедиты рахæцæн темæ у æппæт цæлхдуртыл дæр уæлахизгæнæг уарзондзинад, тæрхон дзы хæссы хæлæгæн, фыдгæнд-фыдвæндтæн, мæнг, цæстмæхъус æнкъарæнтæн. Уыимæ дзы æвдисы адæймаджы эмоцион æнкъарæнты тæссонддзинад дæр, уымæн æмæ сыгъдæг удты ныхмæ æрлæууынц фæстæзад æгъдæуттæ, кæрæф, мастист, æгъатырдзинад, искæмæн исты рыст æмæ хъыг бавзарын кæнынмæ тырнындзинад. Æцæг, куыд йæ трагедиты, афтæ ныр дæр уæлæнгай зондамонæн ныхæстæ нæ кæны, нæу дидактикæйыл хæст, уырыссагау «морализаторство» цы хуындæуы, ууыл.

Йæ сæйрагдæр хæсыл Шекспир нымадта царды æнæ чъырæйцагъд рæстдзинад æвдисын, царды фыдох æмæ фыдæхимæ бафидауын нæ, фæлæ тох кæй хъæуы, фидар лæууын, ууыл ахуыр кæны гæнæн æмæ амалæй. Хъуамæ зонай дæхиуыл хæцын, дæхи уромын, архайай уазал зондæй, дæ масты фæдыл цæмæй ардыдау ма цæуай, науæд – фæсмон, науæд – дæхи сæфт дæр æмæ де 'ввахс адæмы трагеди дæр æнæмæнг расайдзынæ.

Дунейы аив литературæйы Шекспир разынд, адæймаджы удысконд рæзгæ-ивгæйæ чи равдыста, уыцы фыссæг. Лæджы миддуне, йæ монон ахастдзинæдтæ, фæлварæнтæ-фæлтæрæнтæ.

Алы бæстæты фысджытæ йын тынг бæрзонд систой йæ аивады ахадындзинад, æрмæст Лев Толстой мæстæймарæгау æмæ йæ арфдæр базонынмæ разæнгардгæнæгау, æгæр æппæлдæй æмæ нæ культ аразынæй хизæгау цæхгæр иннæрдæм скарста: «... Шекспир не может быть признаваем не только великим, гениальным, но даже самым посредственным сочинителем».

Йæ царды дзæвгар сыфы бæзджын мигъæмбæрзтæй кæй баззадысты, уый фыдæй йæ драматург-поэты ном æмæ кад дæр сдызæрддыггаг сты. Цынæ йæ схуыдтой, цынæ дзы дзырдæуыд, йæ бынаты йын кæй нæ афæлвæрдтой сбадын кæнын! Æмæ 'ппæты фыццаг гуырысхотæм чи фæрæвдз, уый – сылгоймаг, америкаг Делия Бэкон. Æмæ йын йæ бæсты номдзыд автор кæд æмæ схуыдта Шекспиры æмдугон философ Френсис Бэконы – ома йе 'рвады! Фæлæ уый дзæгъæл гæрах фæцис – Френсисы фыстыхъæд æмæ Уильямы æрмдзæф арв æмæ зæххау хицæн

кæнынц. Стæй ралæууыд иннæты рад уыцы бæрзонд къæлæтджыны фæстæдзæгæй бæстонæй бабадынмæ – графтæ Ретленд, Оксфорд, Дарби, лорд Стренджы, раст ма ус-къарол Елизаветæйы дæр. Чысылтæ фæстæдæр драматург Марлойы дæр, Шекспиры æмдугоны.

Нæй, æдзæстуарзонтæ нæ басастысты уæддæр – XX æнусы кæрон та фæзынд къорд уацы ахæм хатдзæгимæ: Шекспиры нæ, фæлæ лорд Саутгемптоны бынтæ сты иууылдæр! О, о, нæ зæрдыл ма æрлæууæд Михаил Шолоховы алыварс алы кæйттæ дæр, «Сабыр Дон», дам, уый нæ, фæлæ ‘ндæр кæйдæр сфæлдыст у, зæгъгæ.

Бар сæхи, фæлæ уартæ кæд æмæ кæд – Шекспир ма цардæгас куы уыд, уæд – 1598 азы литературон критик Френсис Мерес фыста: «Подобно тому, как Плавт и Сенека среди римских писателей считаются лучшими авторами комедий и трагедий, так среди английских Шекспир является замечательнейшим в обоих этих видах драматургии».

Уильям йæ царды фæстаг азтæ арвыста удæнцойæ, сабыр æмæ уæзданæй йæ бинонты астæу. 1616 азы уалдзæджы, æвæццæгæн, уæззау низæй æрсад æмæ 23 апрелы рухс дунейæ ахицæн.

1623 азы йын йæ уацмысты æмбырдгонд куы уагътой джиппы, уæд голландиаг нывгæнæг Друсхоуты фыст Шекспиры гравюрæйы бынмæ мыхуыр уыд Бен Джонсоны æмдзæвгæ:

*Здесь на гравюре видишь ты*
*Шекспира внешние черты.*
*Художник, сколько мог, старался,*
*С природою он состязался.*
*О, если бы удалось ему*
*Черты, присущие уму,*
*На меди вырезать, как лик,*
*Он стал бы истинно велик.*
*Но он не смог, и мой совет:*
*Смотрите книгу, не портрет.*

Ома фыссæгæн дæм уыйас нымад ма уæд йе ‘ддаг бакаст, йæ адæймагон бæрджытæ-миниуджытæ, йæ царды цаутæ-йедтæ, уымæн æмæ сæйраджы-сæйрагдæр у йе сфæлдыстад, сты йæ чингуытæ – йæ уд æмæ зонды фæллæйттæ. Æмæ уыцы зонд æрмæст Шекспирмæ нæ хауы, фæлæ алы курдиатмæ дæр. Фæлæ дзы куыд нæ вæййы хатгай

фыссæджы ном цæстыфтауæг цаутæ дæр – уый дæр адæймаг йеддæмæ зæд нæу. Дæ курдиат æмæ дæ лæджы кад хъуамæ иумæ фидауой, зæгъгæ, дзырдта Белинский…

Шекспиры дзæвгар афоризмтæй иуцасдæр нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм:

*Кæд уарзондзинадæн ныхæстæй сбарæн ис, уæд ахæм уарзт гæвзыкк у, мæгуыр.*

* * *

*Стыр зиан хуымæтæг хъыгæн йæ къаддæргæнæн хос у, йæ сабыргæнæг.*

* * *

*Цыбыр ныхас цæсты ахадгæдæр вæййы.*

* * *

*Æмбыд чысыл бандзæвдæн дæр нæ быхсы.*

* * *

*Фыдохæн фидар куынæ лæууай, уæд уый карздæр æмæ цъаммардæр кæны.*

* * *

*Хъуыдыйы гуырæн – фæнд.*

* * *

*Æнæмæнгæй бакæнинагæн æрдзæн дæр фæахъаз уæвын æмбæлы.*

* * *

*Мæ намыс – мæ цард. Мæ намыс мын байсафут, æмæ ууыл мæ царды кæрон æрцыд.*

* * *

*Дæ масты коммæ нæ, фæлæ дæ уазал зонды коммæгæс у.*

* * *

*Амондджын лæг ахæмы хонæм, æмæ йæ фыдгойæ дæр чи пайда кæны, хуыздæр суæвынмæ тырнгæйæ.*

* * *

*Æнæмæт зæрдæ бирæ цæры.*

* * *

*Иугæр дæ нысанмæ цæугæйæ фæдзæгъæл дæ, уæд, куыд уæздандæр ис, афтæ раст фæндаджы тыххæй фæрс йæ зонæджы.*

* * *

*Дæхи алкæимæ дæр æгъдауджын уæзданæй дар, æрмæст æгæр æмсæр кæнæ хионхуыз нæ.*

* * *

*Æддаг бакастæй рæсугъд уынд æмæ дзы кондæн æмбал уæд нæ уыдзæн, æмæ мидрæсугъд æуулæлтæн æвдисæн куы уой.*

* * *

*Хæцгæ низау сты хорз зонд æмæ зондцух, гъемæ уæдæ хæлар æвзарын зон.*

* * *

*Æцæг уарзондзинад дзыхджынæй бæхджын нæу, фæлæ хъуыддаджы фæрцы.*

* * *

*Сылкъи-мылкъи æмдзæвгæмæ хъусын цæлхыты хъинц-хъинцмæ хъусынæй зæрдæуынгæггæнæгдæр у.*

* * *

*Бæрц зонын хъæуы хатыртæ кургæйæ дæр æмæ искæй æфхæргæйæ дæр.*

* * *

*Зондмидæг æдылы хуыздæр у æдылы куырыхонæй.*

* * *

*Æнæкъæмдзæстыг зæрдæйæн фæтæрсынгæнæн нæй.*

* * *

*Уырдыджы тулæг цалхмæ ма лæбур: йæ хъæлæсы дæ ахæсдзæн,*

*æмæ бæрзæйдих фæуыдзынæ; кæд хæрды уæлæмæ тындзы, уæд ыл ныддæвдæг у – фæуæлбыл уыдзынæ.*

## ФРАНЦАГ ЛИТЕРАТУРÆ

…Кæд æцæгæйдæр æнæфенд хохаг нæ дæн, уæд, цымæ, дисы цы бацыдтæн англисаг стыр фысджыты нымæцыл, кæд æмæ ахæм лæгтæ Францы къаддæр нæй, уæд. Уæдæ Уæрæсейы æмæ советон литературæйы дæр фаг разындзæн номдзыд стыр поэттæ æмæ прозаиктæ.

Фæлæ ма бар-æнæбары цæуыл фæсагъæссаг вæййыс: куыд-иу фæрæзтой æмæ сын-иу куыд бантыст хъазы цыргъгонд сисæй уыйбæрц ныффыссын – раст æнæхъæн трилогитæ æмæ эпопеятæ?! Æмæ, уыдоны фыдæбæттæ зæрдыл нæ даргæйæ, фæстæдæры æмæ нырыккон автортæ дæр – кæуылты рæзт техникон фæрæзтимæ! – рæгъмæ хæссын не ʻфсæрмы кæнынц сæ тухитæ. О, се сфæлдыстадон хъизæмæрттыл, ай-гъайдæр, ныхас нæ цæуы.

Уæвгæ та æппæт уыдæттæ курдиаты æууæлтæм ницы бар дарынц…

Иу ахæм фæзилæн ма фæнысан кæнæм алы ногвæлыст быцæутæм ныхас æппарæгау: æнæмæнг та ралæудзæн уыцы сахат дæр, æмæ та дамгъæмæ æргомыздæхт адæмæн уарзон чиныг кæд уыдзæн сæ ахуыры азтæй фæстæмæ, æмæ, гъе уый къухтæм райсыны бæсты ницавæр Интернет басгуыхдзæн. О, макуыуал райгуырæд адæмтæн сæ чиныгхор сæгъ дæр!..

Кæмдæр зæрдæрæхойæг у ацы уавæр, чиныджы сæрыл дзурын кæд хъæуы, кæй нæу аллайаг хабар, фыдæлты цæстæй кæсгæйæ нын бынтон фидиссаг.

Францаг стыр, номдзыд, дæрдтыл – æнæхъæн дунейыл – хъуыстгонд фысджыты номхыгъд йæхæдæг дæр у цæсты ахадгæ, хуымæтæг хорзыты кой куы нал кæнæм, уæддæр. Æмæ дзы кæйдæрты тыххæй чысыл бæлвырддæрæй радзурдзыстæм, иннæты тыххæй та цæугæцæуыны, бæстон зонгæ нæ дæн сæ уацмыстимæ, фæлæ сын сæ хорзы кой фехъуыстон æрмæстдæр, зæгъгæ.

Францæгтæ сæхæдæг афтæ нымайынц, сæ литературæ рæзын райдыдта IX æнусæй фæстæмæ, æмæ сæм уæдæй фæстæмæ цы фысджытæ фæзынд, уыдоны ʻхсæнæй уæлдай дарддæр зынынц – куы никæй дзы фæуадзиккам фæскъуым! – адон: Бальзак, Золя, Гюго, Стендаль, Мопассан, Рабле, Расин, Мольер, Ронсар, Вийон, Вольтер, Флобер,

Дюматæ – фыд æмæ фырт; Лафонтен, Бодлер, Верлен, Рембо, Буало, Экзюпери, Камю, Барбюс, Жюль Верн, Аполлинер, Ромен Роллан, Арагон, Элюар, Жорж Санд (йæ райс-бавæрды ном Аврорæ Дюдеван), Пруст, Моруа, Сартр, Мориак, Дрюон, Эльзæ Триоле (Маяковскийы уарзон сылгоймаг Лиля Брикы хо, Арагоны бинойнаг); Ионеско, Саган, Натали Саррот…

Бирæтæ дзы аззайдзæн фæсдуар, фæлæ цыфæндыйæ дæр иннæты æмсæр æнæ зæгъгæ нæ уыдзæн Антуан де Сент-Экзюперийы тыххæй… Уый æрмæст номдзыд фыссæг нæ уыд, фæлæ ма мингай чиныгкæсджытæн уарзон адæймаг дæр.


Оноре де Бальзак

**Оноре де Бальзак** (1799–1850). Хуыцауы æгæрон диссæгтæй иу: дыууæ стыр бардуаджы – Аив Дзырды ома, – райгуырдысты иу мæй æмæ иу аз: Уæрæсейы Александр Пушкин, Францы та… Уынут æй уæхæдæг. Æрмæст сæ хъысмæт фæйнæхуызон рауад…

Бальзакы фыд, хуымæтæг зæхкусæджы фырт Бернар Франсуа Бальса, æрдзон æгъдауæй тынг сæрæнгуырд фæци – йæхи хъæппæрисæй ахуыр дæр скодта; цырен арт уыд удыскондæй, зондæй æххæст, гъемæ дзы йæ рæстæджы размæцыд лæг рауад. Суанг ма йын уый дæр бантыст, æмæ йæ мыггаг уæздæтты мыггæгтæм раивта – де Бальзак сси.

Йæ иннæ æмбисонды цау та уый уыд, æмæ иуæндæс æмæ дыууиссæдзаздзыдæй кæд æмæ ракуырдта, æстдæс азы йеддæмæ кæуыл нæма сæххæст, ахæм чызг Лорæ Саламбьейы, тæбынтæ уафынæй чи схъæздыг, ахæм хæдзайраджы. Уæдæ йæ цард дæр дæргъвæтин рауад, алы хабæрты тыххæй чиныггæндтæ дæр фыста, йæхæдæг фыдуагджын, фæлæ иннæтæн та зонд амыдта æгъдау æмæ æфсармы тыххæй.

Сæ бинонтæ Бальзакы райгуырæн горæт Турайæ 1814 азы Парижмæ алыгъдысты – раст уыцы дуджы баззад састы бынаты Наполеон, Уæрæсемæ бабырсгæйæ, стæй ралæууыдысты йе сгуыхт царды фыддæр бонтæ хæстон стыр фæтæгæн.

Оноре фæцис уагæвæрдты Скъола, æрмæст æй нæ бафæндыд юристы куыстæй цардамал кæнын – ахуыры азты ма хъуыста Сорбоннæйы литературон лекцитæм, гъемæ ныр йæ зæрды уыд аив дзырды фæрцы йæ царды фадæттæ нывыл кæнын.

Уырыссагау куыд бакæнынц, «первый блин комом», зæгъгæ, йæ райдианы уацмыстæ нæ фæрæстмæ сты, нæдæр ын ном скодтой, нæдæр æм исты æфтиаг æрхаудта, фæлæ нæ фæныфссаст: 1829 азы фæзынд йæ роман «Шуинтæ», æмæ уæд, куыд фыссæг у, афтæ йын йæ кой кæнын байдыдтой. Уалынджы йæ хъуыддаг хуыздæрæй-хуыздæрмæ æнхъызтис – йæхæдæг нырма абадгæ усгур, афтæмæй бинойнæгты царды тыххæй фыст очеркгæндтæй чиныг сарæзта – «Усджынæй царды физиологи». Æмæ фæномдзыд, æцæг кадджын та ссис йæ иннæ уацмысы руаджы – «Æмпылгæ царм».

Æнæдиссаг нæу йæ ахæм миниуæг: цас ын æнтыст сфæлдыстадон куыст-фæллой, уый! Раст цыма хæргæ дæр æмæ хуысгæ дæр нæ кодта уæд та ма чысылтæ афынæй кæныны охыл, уыйау фыста æмæ фыста, мыхуыры йын цыдысты амæй-ай ахъаззагдæр чингуытæ – иу къорд дзы æнæмæнгæй бакæсинаг, æцæг аивадон дзырды уæз æмæ ад базонын йæ хæсыл чи банымайа, уыдонæн: «Гобсек» (1830 аз); «Булкъон Шабер» (1832); «Евгения Гранде» (1833); «Фыд Горио» (1834); æмæ раст алы аз дæр хицæн чиныг, кæнæ та дыууæ азы дæргъы æрмæстдæр. О, æнæмæнгæй бакæсинæгтыл кæцыты нымайын, уыдон, æвæццæгæн, сты «Гобсек», «Фыд Горио», «Евгения Гранде», «Æмпылгæ царм» æмæ «Куртизанкæты æрттывд цард æмæ мæгуыргурты уавæр».

Цы уацмыстæ сфæлдыста 1841 азмæ, уыдон æй бафæндыд иу сæргонды бын ныммыхуыр кæнын – «Адæймагон комеди». А, æрмæст цæттæ уацмыстæ бахæссинаг æм нæ уыд – романтæ, уацаутæ æмæ новеллæтæ – фæлæ ма, йæ зæрды сфæлдисын цытæ уыд, æппæт уыдон дæр – æнæхъæн сæдæ цыппор романæй фылдæр; цы йын бантыст æцæгдзинадæй та, уыцы фæллæйттæ дæр чысыл нæ рауадысты – нæуæдз фондз. Уый дын дзы хъазуатонæй фыдæбонгæнæг, адæмæн истæмæй, йæ бон цас амоны, уыйас хæрзты бацæуынмæ тырнæг!

Дзæгъæлы, уæгъды нæ загъта йæхæдæг: «Дзыхъхъ къахгæйæ зæхх кæуыл ныккалд, уый куыд хъуамæ архайа сыджыты бынæй сирвæзыныл, фыссæгæн дæр йæ хæс у афтæ удуæлдайæ кусын». Романы

жанр та барста стыр айдæнимæ, фæндагыл, дам, кæй хæссынц æмæ йæ алыварс цард ирдæй кæм зыны. Æмæ йæхи аивадон айдæны та цас алыхуызон адæмы сурæттæ баззад æнустæм нывгондæй, цас: уый дын æмæ маркизтæ æмæ куртизанкæтæ, лæгты мойтæ æмæ хæдзарон чызджытæ, фыдгæнджытæ æмæ сæ ахсджытæ, нывгæнджытæ æмæ фысджытæ, æхцаджынтæ æмæ мамæлайы къæбæрæй бонæддæдæргæнджытæ, æнæфсис кæрæфтæ, зыдыкатæ æмæ мулкæй хынджылæггæнджытæ, кардиналтæ æмæ шарлатан-фæлитойтæ, æфсæддонтæ æмæ пайдайыл æфстаудæтджытæ, рæстад адæм æмæ алы цæстфæлдахджытæ…

Омæ лæг дæр, згæ кæуыл нæ хæцы, ахæм æфсæйнагæй конд нæу, нæу: фæндзай иу азы йыл рауад, афтæмæй 1850 азы уæззау низæй æрсады фæстæ ахицæн.

Цы ма йын бантыст скæнын Бальзакæн, уый – сæ фысджыты Æхсæнад саразын, æмæ йын абоны онгмæ цæрæццаг разынд Францы. Уæдæ авторы бартыл дæр фыццаг Оноре сдзырдта хъæрæй, науæд, дам, нæ ай чиныгуадзджытæ æнæфсармæй куы стигъынц, нæ сæрыл та сдзурæг нæй. Æмæ ахæм закъон дæр царды уагъд æрцыд.

Цымыдисаг хабарау фæдзырдæуы, фысджытæ-иу куыд куыстой, уыдæттæ: Золя, дам-иу йæ фæсдзæуинæн йæхи бандонмæ бабæттын кодта, цæмæй ма фæтылиф кæна удхор куыстæй æмæ фысса; Агата Кристи та, дам-иу фæткъуытæ хордта æмæ хордта фысгæ-фыссыны; Хемингуэй та лæугæ-лæууыны фыста – бадгæйæ, дам, йæ цæф астæу рисгæ кодта; чидæр та, дам сæ йæ фыссæн стъолы лагъзы æмбыддзæф фæткъуытæ дардта æмæ ‘рмæстдæр уыдонмæ смудгæйæ уыд фыссынхъом; уæдæ-иу Бальзак та бæгъæмвадæй дурастæрд зæххыл лæууыд æхсæвыгæтты, цæмæй йæ хуыссæг ма ахса æмæ йæ фыссын ма уадза; науæд та къофи цымдта æнæрæнцойæ…

Фæлæ уый сæйрагдæр куыд нæу, æмæ дæм курдиат куынæ уа, уæд, дæ сæрыл хъен слæугæйæ дæр, гæххæтт хъулæттæ кæн…

Нæлгоймаджы цардæй та куыд цардис, зæгъгæ, уæд ын уарзон чызг дæр уыд – Лорæ Берни, фæлæ бинонты хъуыддаг та йæ мæлæты хæд размæ бакодта – 15 азы кæй уарзта, уый – полякаг зæхджын чызг Эвелинæ Ганскаяйы æрхаста, йæ адзалы бонмæ ма нымад мæйтæ куы баззад, уæд. Сæ уарзондзинады цаутæ сæхæдæг сæрмагонд уацауы аккаг сты, æмæ Интернеты бæлвырд æмæ бæстонæй ма уой, уымæн гæнæн нæй.

Фælæ дзы æз дæр цалдæр ныхасы цыбырæй загъон. Оноре æмæ Эвелинæ базонгæ сты фæсауузонмæ 1832 азы, ноджы ма йын æрыгон сылгоймаг йæ ном дæр адæмæй сусæг кодта. Æмбæлгæ та фæкодтой Невшателы, ардæм Эвелинæ 'рбацыд йæ лæг Вацлавимæ, 1842 уый амард. Æрмæст, кæд къорд азты дæргъы зонгæ уыдысты, уæддæр идæдз ус Оноремæ смой кæнын нæ куымдта, цы хъæздыг бынтæ йын баззад, уыдонæн ныггаффутт кæнынæй лæгæй тæрсгæйæ. Æмæ куыннæ: Бальзак æрттивгæ царды уавæртæ уарзта, æмæ уый охыл стыр хæрдзтыл нæ ауæрста, уæдæ-иу банчы цы 'хцатæ сæвæрдта, уыдон дæр ын-иу фæкъуывитт сты – банк-иу йæ боны фыддæртæм æрцыд.

Куыд уыд, цы уыд, фælæ 1846 азы Эвелинæ банхъæлцау, Бальзак цин кодта, тынг æй фæндыд, фырт ын куы райгуырдаид, уый. Нæ фæрæстмæ йе 'нхъæлмæгаст: чызг… Стæй саби бирæ дæр нæ ахаста… Уæддæр баиу сты лæг æмæ усау 1850 азы 2 мартъийы. Ацыдысты Парижмæ цардæнхъæл. Ам Бальзак æрсади, Эвелинæйæ рынчынгæс рауад, æмæ йæ уыцы уавæр рагацау дæр зыдта, уый тыххæй фыста Онорейы хо Лорæмæ...

Бальзак цалдæр хатты æрбафтыд Украинæмæ, фæцис-иу чысыл горæтты – Бродыйы, Радзивиловы, Дубнойы, Вишневецы, Киевы, уæдæ Бердичевы та Эвелинæимæ сæ чындзæхсæв скодтой.

Бальзакы фæстæ Эвелинæ æртыккаг хатт цыма чындзы ацыд…

Хæрз æрыгон ма куы уыд Оноре, уæд йæ цæстыты раз æдзух дардта Наполеон Бонапарты статуэткæ, йе 'хсаргардыл ын гæххæтты гæбаз бабæтгæйæ ахæм ныхæстимæ «Ацы стыр лæгæн æхсаргарды фæрцы цы нæ бафтыд йæ къухы, уый мæнæн мæ хъазы сисы руаджы бантысдзæн».

Гъемæ ницы гæды загъта: йæ аивадон Дзырд æппæт дунейыл анхъæвзта, йæхи йæ бакодта.

О, йæ бирæ базырджын ныхæстæй йын цалдæр уæд та ма æрымысæм:

*Кад у мæрдты хур.*

* * *

*Æхца ма уый охыл дæр хъæуынц лæджы, цæмæй дæ… ма хъæуой!*

* * *

*Алы æхсæвæн дæр хъуамæ йæхи бæлвырд фæтк уа.*

* * *

*Бальзакмæ цырыхъгæнæг æрбацыд йæ куысты мызд дзы райсынмæ.*

*– Райсом-иу фæзын, – зæгъы йын, – абон мæм хуынкъ суари дæр нæй.*

*– Æрвылбон дæр дæм цæуын æмæ дæ мæнæ ныр фыццаг хатт æрбаййæфтон, фæлæ дæм æхца нæй.*

*– Уæ гормон! Мæнмæ 'хца куы уаид, уæд ам, мæ хæдзары, цы архайын?!*

* * *

*Иуахæмы дын Бальзакы цæрæнуатмæ 'мбисæхсæв къæрных æрбабырыд. Хæдзары хицау тарф фынæй кæй у, уый йæ куы бауырныдта, уæд ын йæ къуымтæ фæйлауын райдыдта. Æнæнхъæлæджы хъæрæй худын ссыд. Къæрных мæйы рухсмæ фыссæджы уыдта, фæлæ дзы нæ фæтарст – цыдæр хъæбатыр разынд – æмæ йæ фæрсы:*

*– Цæуыл худыс, худæгæй цы федтай?*

*– Артæнхæлдтæ кæнын, гормон, дæумæ кæсгæйæ: мæнæн хуры рухсмæ ссарын цы не 'нтысы, уый ды мæйы рухсмæ ссаринаг дæ!*

* * *

*Нацийы фидæн – мадæлты къухы.*

* * *

*Аивады æмæ царды домæнтæ иу сты: æвæллайгæ фæллой.*

* * *

*Рæстдзинад раст хъылмайы адгæнæг нозтау у: тынг æнад у нуазгæ-нуазыны, фæлæ уыйхыгъд та – æвдадзы хос.*

* * *

*Фыдзæрдæ æмæ тæппуд кæрæдзийы къухтæ арфæйагæй исынц.*

* * *

*Дам-думтæ æмæ хахуыртæ ницæйаг лæгты нæ уынынц, нымады дæр сæм не сты.*

* * *

*Уарзондзинады, кæд цы уыдис æмæ кæд цы уыдзæн, уый мæт нæй.*

* * *

*Кæд фыссæджы фидарæй ницы уырны, уæд йæ ном цæрæццаг нæу.*

* * *

*Цæмæй дæ нысанмæ бахæццæ уай, уый тыххæй уал ныфсæвæрдæй цæуын хъæуы, цæуын!*

* * *

*Хæдад, хиуарзон адæймаг хæларæн нæ бæззы.*

* * *

*Кад зынтæй бафты лæджы къухы, сæфгæ та æнцонæй кæны.*

* * *

*Алцы дæр йæ афоныл ахæмтæм æрбафты, æнхъæлмæ кæсын быхсгæйæ чи зоны.*

* * *

*Æдылыйæн дыууæ сурæты ис: иу дзы у дзæнгæда бæрбæра, иннæ – къуытты мадзура.*

* * *

*Дыууæ цæстмæми хуыцау-хуыцаугæнæджы бирæ фыддæр сты дæс бæллæхæмхиц фыдгæнæгæй.*

* * *

*Цыты нуазæн бындзарæй куы нынцъухай, уæд дзы бынæй сызгъæрины къæрттытæ нæ, фæлæ лыстæг дуртæ разындзæн.*

* * *

*Адæм халерæй удаистгæнæг сты, афтæмæй хъæбæр нозт та уымæй тæссагдæр разыны.*

* * *

*Сæрхъуагимæ иудадзыг дæр æмдзу кæны цæстфæлдахæг.*

* * *

*Мады зæрдæ у æнæбын къуырф, фæлæ йын йæ арфы кæддæриддæр ссардзынæ тæригъæд æмæ хатыр.*



**Франсуа Вийон**

**Франсуа Вийон** (1431 æмæ 1463 азæй фæстæдæр).

Бар-æнæбары дзы фыдгæнæг дæр рауад, стæй уыцы иу рæстæг стыр поэт дæр – ныр цал æнусы цæры кад æмæ радимæ йæ ном!

Тынг змæст рæстæг ралæууыд уыцы азты Францы, бæстæйыл мæгуыры бонтæ скодта: Англисимæ дæргъвæтин хæстæн йæ фæстиуæг – гæвзыкк цард. Адæм сыдæй мардысты, цы бахæрой, уый сын нал баззад. Æмæ сарæх сты къæрныхтæ æмæ стигъджытæ. Кæд сæ æнауæрдонæй тæрхоны лæгтæ ауындзын кодтой, уæддæр сæ нымæц нæ къаддæр кодта – алчи дæр дзы йæхицæн ныфс æвæрдта, æрмæст æгуыдзæгтæ бахауынц паддзахы сæркъуыртæм, зæгъгæ, фæлæ æз…

Æмæ Вийон дæр сдавæг, ноджы ма дзы, хылгæнгæйæ, лæгмар дæр рауад. Арæхдæр куыд вæййы суанг ма абон дæр, афтæ чызджы тыххæй: уæдæ дыууæ уарзон лæппуйæ кæй фæуа, уый – мæ богал. Æмæ ахæм хыл рауад суинаг поэтæн йæ иу æмгаримæ – уый йын кардæй йæ был фæдывæр кодта – «тæрхъусы был» кæй хуындæуы, ахæм дзы рауадаид байгасы фæстæ, æмæ уæд Вийон та карды хицауыл тыгуыл дур бахста, ноджы афтæ рæстдзæвинæй, æмæ йæ амардта. Гъемæ ма йын æнæ фæлидзгæ, йæхи æнæ бафæсвæдгæнгæ цы баззад – хорзæй баззай, Париж, зæгъгæ, раарфæ кодта йæ уарзон горæтæн æмæ баиу цыдæр бандæимæ.

Уæдмæ йæ ном дæр, куыд курдиатджын поэт, афтæ уæрæхæй айхъуыст. Æмæ 1456 азы хæтырагурæг фыстæг барвыста къарол Карл Æвдæммæ. Ныббарста йын уый йæ фыдракæндтæ. Вийон æрбаздæхт Парижмæ, Сорбоннæйы ахуырдзау сси, æцæг æй ахуыры мæт не ‘ндавта: цыдæр æгъдауæй ахуырдзаутæм не ‘внæлдта къаролы тæрхондон, поэт та йæ фыдгæнон нæ уагъта. Дæрдтыл хъуыстгонд уыд фыдвæнд-фыдгæнд стигъæг Монтиньи. Вийон йемæ балымæн.

Фæхæлар зындгонд дзыпкъахджытæ Лупа æмæ Шолляримæ, цæстфæлдахæг Гараимæ.

Сыдæй амæла? Нæ! Фæлтау дзы хъуамæ дæсны давæг рауайа. Æмæ йын уый дæр бантыст: йе 'мбæлттæ йæ кæд æмæ схуыдтой сæ дарæг фыд – уый цыфæндыйæ дæр рамырхтаид сæны боцкъагонд, науæд та фæздæгмæ хус фæхсынтæ. Нæй, нæ уадзы бирæгъ йæ кæнон зæнгсастæй дæр, æмæ та Вийон дæр иу цавæрдæр моладзан лæджы куы сбæгънæг кодта, уæд лыгъд радта Парижæй. Æрмæст дард нæ афтыд – рацъипп æй ластой æмæ йын карз тæрхон рахастой: сауындзинаг у! Бады цъысымы æмæ… Æмæ фыссы, æрцауындзинаг цы фыдгæнджытæ сты, уыдоны тыххæй балладæ, цæмæй сын адæм, фæтæригъæдгæнгæйæ, Хуыцауæй хатыр ракурой.

Иу ирон абырæджы, дам, æрцауындзынмæ куыд фæцæйкодтой, афтæ зарæг ныццæлхъ ласта. Æмæ ацы æгæнон поэт чи уыд, уый дæр мæлætæй нæ тæрсы, стæй ма худынхъом дæр у йæхиуыл:

> *Я – Франсуа, чему не рад,*
> *Увы, ждет смерть злодея:*
> *И сколько весит этот зад,*
> *Узнает скоро шея!*

О, фæлæ та-иу æй куы фæмидæгæй кодтой, уæд та-иу, йæ курдиатæн ын стыр аргъ чи кодта, ахæм дзырддзæугæ хæлæрттæм йæ хъаст-хъыллист бахаста, къæппæгæй та мæ фервæзын кæнут, зæгъгæ. Æмæ та йæм-иу фæзындысты æххуысмæ, уæлдайдæр та, йæхæдæг дæр номдзыд поэт чи уыд, уый – Карл Орлеанскæйаг.

Куыддæр йæ бæрзонд къæлæтджын æрцахста къарол Людовик Иуæндæсæм, афтæ бардзырд радта, цæмæй йын йæ уарзон поэты ссæрибар кæной. Вийон ын зæрдиагæй ахæм арфæ ракодта, ды дæхæдæг иуæндæсæм дæ, фæлæ дын фырттæ та дыууадæс райгуырæд, зæгъгæ. Уæвгæ та йæхæдæг никæуыл ауæрста поэт, тугдæппал æлхыскъ кодта йе 'мдзæвгæты куыд йæ фыдгултæ, афтæ йæ хæлæрттæ æмæ суанг сылгоймæгты дæр, се 'хсæн ын табуйаг æрмæст иу уыд – йæ зæронд мад.

Æрмæст фыдæхтауæг нæ, фæлæ адæймагуарзондзинадыл уыд йæ Аив Дзырд, йæ зæрдæмæхъарæг хъæлæс. Æмæ йæ уыйадыл схуындæуыд æппæтæй францагдæр поэт.

Советон заман тынг хъуыстгонд æхсæнадон архайæг æмæ фыссæг уыд Илья Эренбург, бирæ азты цард Парижы дæр, иттæг хорз зыдта францаг æвзаг æмæ културæ, гъемæ уый бындурон аргъ скодта Франсуа Вийонæн: «Он был первым поэтом Франции, который жил не в небесах, а на земле и который сумел поэтически осмыслить свое существование. Поэзия Вийона – первое изумительное проявление человека, который мыслит, страдает, любит, негодует, издевается. В ней уже слышна и та ирония, которая прельщала романтиков, и соединение поэтической приподнятости с прозаизмами, столь близкое современным поэтам – от Рембо до Маяковского».

Вийон поэзимæ бахаста удæгас царды улæфт, уынæр, йæ рæстдзинад æнæ кæркæ-мæркæ мыртæ æмæ ныхæстæй. Кæд цыфæнды зын уавæрты æрвыста йæ абухгæ бонтæ, уæддæр уыд уæззау зонды хицау, æнæбасæттон ныфсхаст, цардуарзон. Хъыгагæн, бæстон бæрæг нæу, йæ адзал кæд æмæ цы уавæрты ссардта, уый. Фæлæ йæ ном та у æнæмæлгæ кадджын, уымæн æмæ йæ кады æнхъизæн курдиат уыд, суанг згæ дæр кæуыл нæ хæцы, ахæм курдиат.

Мæлæтмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ дæр, – уартæ йын марыны тæрхон куы рахастой тæрхоны куырмзонд лæгтæ – йæ ныфс нæ саст æмæ сфæлдыста «Ауыгъдты балладæ»:

*Вот мы висим печальной чередой,*
*Над нами воронья глумится стая,*
*Плоть мертвую на части разрывая,*
*Рвут бороды, пьют гной из наших глаз...*
*Не смейтесь, на повешенных взирая,*
*А помолитесь Господу за нас!*

О, нæ йæ ‘рцауыгътой къаролы хатырæй, фæлæ абоны онг, йæ адзалы сахатыл куыдæй сæмбæлд, уый бæлвырд нæу – цыма, дам, йæхи мæлæтæй нæ амард…

**Франсуа Рабле** (1494–1553) – ахæм литературон фæлгонц скæнæг разынд, æмæ æнусты чи цæры – «Гаргантюа æмæ Пантагрюэль». Чиныг у цалдæр хайæ арæзт, æмæ нын кæд искæцы уацмыс цард уарзын кæны æмæ хъæлдзæг хабæрттæй дзаг у, уæд æппæты фыццаг ай. Фæлæ иу фыдзаман – къарол Франциск Фыццæгæмы дуджы – йæ



**Франсуа Рабле**

худын йæ фарсæй фæцæйкодта, куы йæ ‘рцахстаикккой æмæ йын йæ хæлар Этьен Долейы артыл куыд басыгътой, афтæ уый цард дæр фæуыдаид.

Разынд ын фарсласæг – епископ Жан дю Белле, æмæ уый фæрцы Рабле Францы арæнты фале фæцис. Стæй, 1547 азы, дю Белле кардинал куы ссис, уæд йемæ Италимæ ацыд æмæ дыууæ азы фæстæ фæстæмæ йæ райгуырæн бæстæмæ раздæхт – уæдмæ уавæр Францы фæфæлмæндæр. Æмæ цард йæ хæрзгæнæджы галуаны, дарддæр куыста йæ чиныгыл – фæцис ын йæ цыппæрæм хай.

Уæд æй кардинал снысан кодта сауджынæй Парижмæ хæстæг Медоны. Ам ыл дуне худинаггæнæг хабæрттæ фæмысыдысты, фæлæ æцæг кæй не сты, уый æрмæстдæр цалдæр æнусы фæстæ сбæлвырд.

Æгæр арæх свæййы Аив Дзырды аргъ цардЫ аргъ. Æмæ Парижы парламент дæр йæ ныхтæ куы ныссагъта Раблейы романы цыппæрæм чиныджы, уæд фыссæджы хъуыддаг комкоммæ ахæстонмæ цыд, уырдыгæй та йæ удæгасæй нал рауагътаикккой, æвæццæгæн. Йæ ирвæзынгæнæг йæ адзал басгуыхт…

Цымыдисаг æмæ аккаг цардæй фæцард Франсуа. Йæ фыд адæмы мæгуыртæй нæ уыд, уыдис æм зæххытæ, фæлæ, дам, æцæг сидзæр – мадæй сидзæр: лæппу æвзонджы бонты баззад æнæ мадæй. Æхсæрдæсаздзыдæй бафтыд моладзандонмæ, куыдфæстæмæ йæм æрхаудта сауджыны бынат дæр. Йæ туджы фæцис ахуырмæ тырнын, æмæ сахуыр кодта латинаг æмæ рагонбердзенаг æвзæгтæ, йе ‘ргом аздæхта æрдззонынад æмæ медицинæмæ. Уыйадыл æм сных сты дины уæлдæр кусджытæ, æмæ уæд уый дæр хæрзбон загъта моладзандонæн – Францы университеттæй иуæй иннæмæ цæуынил бацайдагъ, зонындзинæдтыл зыдгæнгæйæ.

«Мæ фырт, зæрдæбындæрæй зын зæгъæн у, афтæмæй дын ныстуан кæнын: де ‘рыгон азтæ снывонд кæн зонындзинæдтæ æмæ æфсармы æгъдæуттыл. Кадмæ фæндаг æрмæстдæр уый у», – фыста зæронд цардвæлтæрд Гаргантюа йæ фырт Пантагрюэльмæ, ома Франсуа Рабле рæзинаг фæлтæртæм æнусæй-æнустæм.

Нымад цыргъ ныхæстæ дзы æрлæууын кæнæм нæ зæрдыл:

*Зæронд къупритыл зæронд дохтыртæй арæхдæр сæмбæлын.*

* * *

*Кæд дæ æдылы лæджы уынын нæ фæнды, уæд дæ айдæн ныммур кæн!*

* * *

*Дæхæдæг дæхицæн цы аргъ кæныс, раст тæккæ ахæм дæ адæмы цæсты дæр.*

* * *

*Хæргæ-хæрыны фæзыны лæгмæ аппетит дæр.*

* * *

*Мæ бынтæ – айдагъ хæстæ. Иннæ исбон-иу мæгуыртæн байуарут.*



**Пьер де Ронсар**

**Пьер де Ронсар** (1524–1585) – францаг поэзийы ног жанртæн бындурæвæрæг, сгуыхтдæр ма уæдæ цы уа!..

Бакаст, конд, уындæй дæр, дам, фыдрæсугъд лæппу, ирон адæм, саджы фисынтыл амад, зæгъгæ, кæмæй фæзæгъынц, раст тæккæ ахæм. Нoджы ма йе стыр курдиат!

Дыууадæс азы йеддæмæ йыл нæма цыд, афтæмæй уыд къаролы кæрты нымад чидæр, чысыл фæстæдæр та – хæстæг æвæрд суинаг къарол Франциск Дыккæгæммæ. Уæдæ ‘взыгъдæй дæр иттæг сæрæн – спортивон ерысты-иу кæддæриддæр бацахста фыццаг бынæттæй иу, алы лæвæрттæ ‘мбылдта иудадзыг. Къаролы хо Мадленимæ æмæ дипломат Лазæр де Банфимæ æрзылд Европæйы æппæт бæстæтыл, сæрибарæй, æнæ фæкъуыхцыйæ зыдта Францы алыварс адæмтæй авды æвзæгтæ.

Цы бинонтæй рацыд, уыдон дæр уæздан æмæ ахуыргонд уыдисты, æмæ сæ хъæбулы фæндаг дæр уыцырдæм сарæзтой.

Литературон сфæлдыстадмæ йе ‘ргом зæрдиагæй куы аздæхта,

уæд йе ‘мзонд æмбæлттимæ кæд æмæ бавдæлдысты францаг æвзагыл ног поэзийыл тох кæнынмæ – æфтауын æм байдыдтой, нымронг дзы цы жанртæ нæ уыд, ахæмтæ: сонет, элеги, одæ, комеди, трагеди… Фæзмынгæ та кодтой италиаг æмæ антикон дзырды дæсныты. Сæ къорд та схуыдтой «Плеядæ».

Сæ сæйрагдæр мæтыл та Ронсар банымадта францаг литературон æвзаг царды рауадзын – уый хъуамæ суыдаид йæ бындур сæ нацийæн, нырма æрмæст йæ райрæзты къахыл лæууæгæн. Фæлæ…

Байхъусæм-ма æппæтуынæг æмæ зонæг Пушкинмæ: «Люди, одаренные талантом, будучи поражены ничтожностью… французского стихотворчества, вздумали, что скудость языка была тому виною, и стали стараться пересоздать его по образцу древнего греческого. Образовалась новая школа, коей мнения, цель и усилия напоминают школу наших славяноруссов, между коими тоже были люди с дарованиями. Но труды Ронсара, Жоделя и Белля остались тщетными. Язык отказался от направления, ему чуждого, и пошел опять своей дорогой».

Фæуæд та афтæ дæр, уыйхыгъд Ронсары поэзи у æцæг аивад, æцæг ахсджиаг бавæрæн æппæт поэзимæ дæр.

Йæ дзырд цæстмæ ми кæмæн вæййы, уæййаг, ахæм фысджытæ кæддæриддæр уыд æмæ уыдзæн, кæд цыфæнды худинаг æмæ фидиссаджы гакк у, уæддæр. Æмæ Ронсары дуджы дæр бæрæг дардтой, къаролы фынгæй æд дзидза стæг æнхъæл цъæлхъæр чи кодта, дымысдæр рæнхъытæ чи лæхурдта, ахæмтæ. Æмæ уæд Ронсар та йæхицæн хæсыл банымадта поэзи фæстæмæ йæ сыгъдæг, йе ‘нæкъæм ратæдзæнтæм раздахын – ногæй та йæ æцæг адæмон скæнын.

Йе ‘мдзæвгæты фыццаг æмбырдгонд дæр фæцыд поэзи æмбарджыты зæрдæмæ – джиппы уагъдæй фæзынд 1549 азы. Колледжы ахуыр куы фæцис, уæд дæр та йæ амонд ацыд: мæнæ, дам, æнахъом принцты хъомылгæнæгæй ныллæуу, æмæ стæй сфæлдыстадон куыст дæр кæндзынæ. Сразы. Къарол ын аббаты ном æмæ бæстыхай радта.

Йæ кад нæрыд. Йæ зарджытæ йын адæм æхсызгонæй зарыдысты, уæдæ йæ ном æппæт Европæйыл дæр айхъуыст. Суанг ма фыдгæнд ус-къарол Екатеринæ Медичийы æргом дæр аздæхта йæхимæ – æрыхъуыста йын йе сфæлдыстадмæ. Ронсар та йæ цыт æмæ кад нымадта Францы цыт æмæ кадыл, се ‘взаджы æнтыстыл.

Уæлдай ахадгæдæр æвæрæн поэт бахаста сонеты жанрмæ – кæд дзы 14 рæнхъы йеддæмæ не 'мбæлы, уæддæр-иу æй арф хъуыдыджын æмæ æнкъарæнджын скодта. Цы фондз чиныджы йын рацыд мыхуыргондæй, уыдон та æмткæй схуыдта одæтæ. Уæдæ æрыгон поэт йæ тæккæ уарзтмондагæй чызджы бауарзта, зæгъгæ, уæд йæ поэзи бынтон фемæхсы: ссæдзаздзыдæй Пьер иу хъазтизæры базонгæ бæстырæсугъд Сальвиати Кассандрæимæ, фæлæ йæ уый фæстæ та æрмæстдæр ма иунæг хатт федта. Йæ ном та йын афтæмæй ссардта цыппарсæдæ сонетæй фылдæры! Ома уыд, дам, алæмæты рæсугъд æмæ кæуылты æфсармджын æмæ æгъдауджын – цæттæ удыгага…

Йæ лæджы кары куы бацыд, уæд та судзгæ-дудгæ уарзтæй бауарзта Еленæ де Сюржеры, йæхицæй иу-дæс æмæ ссæдз азы кæстæр чызджы, къаролы бинонтæм хæстæглæуд фрейлинæйы. Æмæ та уый кадæн дæр сфæлдыста сонетты æргъом.

Ронсар йæ царды фæстаг азтæ арвыста тæхудиаг æууæлты – æрдзы хъæбысы йæхи бæстыхайы, хуымæтæг хъæуккаджы бонтæ æрвитгæйæ. Уæдæ æцæг поэттæй дæр амонддзын мачи уа, мачи…



**Жан-Батист Мольер**

**Жан-Батист Мольер** (1622–1673) – йæхæдæг актер дæр æмæ йæхи театрæн сæрмагондæй драмон уацмыстæ фысджытæй у Мольер дæр дунейы стырдæр драматургты æмсæр.

Генитæ айдагъ провинцийы нæ райгуырынц æмæ сæ сæ адзал та Парижы не ссары, фæлæ ма Парижæн йæхи мидæг дæр рантысынц дунемæ аив дзырды амондæн Жан Батистау.

Йæ фыдыфыд дæр æмæ йæ фыд Жан Поклен дæр (Мольеры æцæг мыггаг афтæ у) уыдысты хи фæллойæ нывыл цæрджытæ, фæлæ йæ мад та бынтон æрыгонæй ахицæн. Æрми куысты дæсныйадмæ йæ кæй цæттæ кодта йæ фыд – хæдзары мидæггаг къултыл гæххæтт æмæ хъуымацæй гауызтæ ныхасынмæ, уый фыдæй Жан-Батист æрмæстдæр цыппæрдæсаздзыдæй базыдта кæсын æмæ фыссын, уый дæр тыхамæлттæй.

Уыцы заман Парижы æппæтæй хуыздæр скъолайыл нымадтой Клермоны иезуитты колледж, æмæ уырдæм фыдыфыды руаджы бахауд. Хъæздыг уыд йæ программæ – ахуыр дзы кодтой рагон æвзæгтæ, æрдзонынады наукæтæ, философи, латинаг уацмыстæ, æмæ зæрдæргъæвд разынд ахуырмæ Мольер: рагон æвзæгтыл каст зындгонд фысджыты чингуытæ, суанг ма æмдзæвгæтæй ратæлмац кодта Лукрецийы дæрдтыл хъуыстгонд поэмæ «Нæ алыварсы дунейы æрдзон арæзт» дæр.

Фæсахуыр иучысыл акуыста тæрхондоны æвдакаты хуызы, æрмæст æй æндæр дæсныйад æлвæста йæхимæ: хъуамæ суа актер, ноджы трагикон. Гъемæ-иу армукъаты чи хъазыд, ахæм æнæхæдзар театралон къорды архайдта райдианты, стæй цалдæр актеримæ йæхи театр сарæзта, хонгæ та йæ скодта Æрттиваг, æмæ йæ мыггаг дæр Мольерæй баивта. Бæргæ, бæргæ, сæ хъуыддаг куы ацыдаид, фæлæ бирæ бонты йæ цæхæр нæ фæкалдта Æрттиваг театр – Парижы профессион театрты аууонæй нæ ракаст уæрæх дунемæ… Куыд трагик, афтæ дæр нæ фесгуыхт Жан-Батист.

Уæддæр йæ къамтæ не 'рæвæрдта, хорз ном скодта йæ театрæн Парижы æдде æмæ уæд йæ ныфс бахаста сæйраг горæты дæр йæ аивадон тыхтæ бавзарынмæ, уæлдайдæр ын ахæм фарсхæцæг фæзынд – къаролы æфсымæр Месье. Йæ къорд хонгæ дæр уый номыл скодта: «Труппа Месье» Уалынджы та ног уæлахиз – ссæдзаздзыд Людвиг Цыппæрдæсæмы йæ комикон пьесæгонд «Бауарзæг дохтыр»-мæ бакæсын кодта. Йæ хъазæн ныхæстæ къаролы зæрдæ фæцагайдтой, æмæ уыйадыл йæ труппæйæн уæрæх фæндаг байгом къаролы галуантæм. Йæ комеди «Худæджы хъазæнхъул чызджытæ» йын 1659 азы ноябры Парижы сценæйы сæвæрын куы бауагътой, уæд та бынтондæр фесгуыхт. Фесгуыхт, о, стæй фæбыцæуаг, фæхъаугъайаг – нал æй æвдыстой, æцæг æрмæстдæр дыууæ къуырийы – аивады дзырд ацыд, фæуæлбикъон.

Фæд-фæдыл зынын райдыдтой Мольеры уацмыстæ, сæ сæйрагдæр темæтæ – зондамонæнтæ, хъомыладон фарстатæ: «Усджынтæн урок», «Устытæн урок» – ардæм комкоммæ йæхи царды тæваг дæр бахæццæ, фыддзыхты амæттаг фæцис йæ бинонты уавæр, ома йæ ус йæхицæй дыууæ хатты кæстæр кæй уыд, уымæ гæсгæ сæ фыдгой кодтой. Æмæ та къарол йæ хæрзгæнæгæй равдыста йæхи, йæ пьесæты сæрыл рахæцыд, йæ фыццаг хъæбулæн æй йæ кæнгæ фыд схуыдта – ныр ыл бандзæвд дæр нал уыд!

Стыр драматург-комедиографы кад ын ӕрхастой ӕртӕ уацмысы, комедитӕ «Тартюф, кӕнӕ Гӕдылӕг», «Дон Жуан, йе та Дурын уазӕг» ӕмӕ «Мизантроп». О, ном ын скодтой, мыггагмӕ нымаинаг, фӕлӕ та йын масты хос дӕр фесты: иезуиттӕ сӕ ныхмӕ рацыдысты, автор, дам дзы аргъуаныл, диныл худы, цӕсты нӕ ‘фтауы. Цавӕрдӕр кюре, сауджын та суанг уый дӕр бадомдта, цӕмӕй Мольеры еретикау арты басыгъдӕуа.

Фӕлӕ Хуыцау дӕр фынӕй нӕ кӕны: ныр та йын Людовиг йӕ театр, «Къаролы актертӕ», зӕгъгӕ, хонын кодта.

Иу ахадгӕ миниуӕг ма ис Жан-Батисты фыстытӕм, ӕмӕ йӕ уый та ивддзаг кӕны бирӕ ӕндӕр драматургтӕй, уымӕн ӕмӕ драмон уацмыстӕ зын кӕсӕн вӕййынц, лӕг сӕ тагъд сфӕлмӕцы. Амӕн та сты зӕрдӕмӕдзӕугӕ кӕсгӕ-кӕсыны дӕр, нӕ сӕ стыхсдзынӕ, цӕуы сӕм цымыдисӕй кӕсын.

Ӕдӕппӕтӕй йе сфӕлдыстадон бынтӕ сты фараст ӕмӕ ссӕдз комедийы, фӕстагӕттӕн сӕ ахсджиагдӕр схонын ӕмбӕлы «Къуыдипп уӕздангуырд» ӕмӕ «Мӕнг рынчын»-ы. 1673 азы 17 февралы Мольер йӕхӕдӕг хъазыд Арганы – мӕнг рынчыны – ролы. Хъазгӕ-хъазыны йыл ризӕг бахӕцыд, театрдзаутӕ та йӕ хъазыны ӕууӕл фенхъӕлдтой, ӕмӕ йыл дис кодтой, куыд хорз, дам, хъазы, куыд!..

Фӕсспектакль Жан -Батист Мольер туг сомдта, систа йӕ уд…

Зондмидӕг ма куы уыд, уӕд загъта:

*Ӕрмӕстдӕр иунӕг хатт мӕлӕм, фӕлӕ – тъымы-тъымамӕ.*

* * *

*Ӕнусон цыдӕриддӕр у, уыдонӕй ӕппӕты къаддӕр цӕрӕццаг уарзондзинад у.*

* * *

*Грамматикӕйӕн суанг паддзӕхтӕ дӕр сты коммӕгӕс дӕлбартӕ.*

* * *

*Алкӕмӕн дӕр лымӕн чи уа, мӕн та уый хӕларӕн нӕ хъӕуы.*

* * *

*Уарзын циу, уый чи нӕ базыдта, уымӕй афтӕ зӕгъӕн ис, ӕмӕ уӕвгӕ дӕр кӕй нӕ цард.*

* * *

*Искæй зылын кæнынмæ чи хъавы, уый ма тагъд кæнæд.*

* * *

*Æппæтæй мын уæнгæлдæр уыцы уавæр у, æмæ сæрхъуаг чидæр ахуыргонды ном куы фæхæссы.*

* * *

*Адæймаджы мидæг цыдæр ахæм диссаг ис, æмæ йæ ницавæр ахуыргæндтæ раиртасдзысты.*

* * *

*Рæстæгыл ауæрдæг – æппæтыл уæлахизгæнæг.*

* * *

*Хæлæггæнæг амæлдзæн, фæлæ хæлæг йæхæдæг – никуы.*

* * *

*Зондхъуагæн чиныг пайда нæ, фæлæ зиан хæссы: ноджы ма æдылыдæр кæны, кæй дзы ницы 'мбары, уый мæстæй.*



**Вольтер**

**Вольтер (Мари Франсуа Аруэ)** (1694–1778) – историйы мидæг та куыд нæ уыд æмбисондæн хæссинаг хæдхуыз лæгтæ, алы миниуæгджынтæ, фæлæ уыдоны 'хсæн дæр бæрæг дары Мари Франсуа Аруэ – ахæм у йе 'цæг ном Вольтерæн. О, æмæ бæрæг та уымæй дæр дары, йе стыр курдиатæй фалæмæ, æмæ æндæр уæдæ кæй сæр æрцахстаид йæ цæхæрадоны цыртдзæвæн сæвæрын æмæ йыл ныффыссын: «Хуыцауæн Вольтерæй».

Стæй та афтæ зæгъын дæр Хуыцауы цæст къæцæлæй рæхойæгау: «Хуыцау куынæ уыдаид, уæд æй æмбæлд æрхъуыды кæнын!»

Йæ цардбаргæйæ ма йыл анекдот дæр æрымысыдысты: « – Дæ бæрзонддзинад Вольтер, Хуыцауимæ бафидыдтат? – Кæрæдзийæн нæ сæртæй акувæм, фæлæ дзыхæй нæ дзурæм – уайсадæм».

Ацы гений дæр райгуырд Парижы, ахуыр фæцис иезуитты колледж, фæлæ, Хуыцауимæ афтæ къæйных чи у, уымæй цæй дины кусæг ис, æмæ йæхи сбаста, уæздæттæй сæрибар хъуыдыгæнæг чи уыд, ахæмты æхсæнадимæ, раст уæд бавдæлд «рæузонд æмдзæвгæтæ» фыссынмæ дæр. Æрмæст нæ бафæрæзта уыцы кæрддзæмы бадын æмæ бавдæлдис, андзæвд кæуыл нæй, уыдоны рæхойынмæ – къаролы бынаты бадæг æмæ йæ алыварсы цардæйхъазджыты.

Уыдон та хатыр нæ зыдтой æмæ йæ Бастилийы фæмидæг кодтой. Æмæ дын диссæгтæ! – уымæн та уый авæрай: ам сфæлдыста йæ фыццаг рæгъмæ рахæссыны аккаг уацмыс – трагеди «Эдип». Æмæ йын æй уайтагъд сценæйы аккаг куы рахуындæуыд æмæ йын æй уæлдæронтæ дæр куы федтой, уæд æм сæ зæрдæ фæтасыд, ныббæрстой йын. Хъæздгуыты дуæрттæ байгом сты Вольтерæн, йæ ном айхъуыст, фæлæ та йæхи, уыцы цардæфсис адæмы астæу хи дарын куыд æмбæлы, афтæ нæ бафæрæзта, схыл сæ иу кæимæдæр, гъемæ та – Бастили, стæй йæ Францæй фæтардæуыд.

Æртæ азы фæцард Англисы 1726 азæй фæстæмæ. Бар ын рардæуыд æрбаздæхынмæ Парижмæ. Ныффыста философон уац «Англисаг адæмы тыххæй писмотæ», æмæ дзы дыууæ æхсæндзарды уагæвæрдтæ ныхмæвæрд скодта – сæрибар англисаг æмæ францаг бæндибæстыты уавæр. Æмæ мæстæймарæн худт кæны: «Раст куы зæгъон, уæд æй нæ зонын, паддзахадæн пайдахæссæгдæр чи у, уый – пудрæйæ амæст хъал лæгтæ, къарол кæд рабады æмæ йæ сынтæг кæд бацагуры, уый хорз зонджытæ æви сæудæджергæнджытæ, паддзахад кæй фæрцы схъæздыг вæййы, уыдон».

Агъа, афтæ, дам, зæгъыс? Парламент ын йæ Писмотæ еретикон схуыдта æмæ йын сæ басудзын хъæуы, зæгъгæ, уынаффæ рахаста. Уæдмæ Мари тынг бахæлар маркиза дю Шатлеимæ æмæ уый бæстыхайы йæхи бафæсвæд кодта æнæхъæн иуæндæс азы дæргъы. Ам къорд уацмысæн фенын кодта дунейы рухс – историон æмæ философонтæ, поэмæтæ æмæ трагедитæ. Æрмæст та йæ дзых нæ фæлæууыд: кæд æмæ хъазæн æмæ хынджылæгæмхасæнты ныхасыуагæй фæфыста Францы Англисимæ хæсты ирвæзынгæнæг Жаннæ д 'Аркы тыххæй. Ноджы ма дзы балæвæрдта Аргъуанмæ дæр – схуыдта йæ рухсады цыфыддæр знаг. Нæ та йын батайдзæн уыцы уайдзæф дæр…

Уæддæр æмæ уæддæр йæ ном дардæй-дарддæр æмæ уæлдæрæй-уæл-

дæрмæ хъуысы, йæ хъус æм æрдары Людовик Фынддæсæм – саккаг ын кодта камергеры титул, снысан æй кодта къаролы кæрты историографæй, Францы академи та йæ йæ уæнгтæм бахаста. Гъе фæлæ Вольтер йæ фыды фырт æгæнон Вольтер нæ уыдаид, æмæ йæхи æрмахуыр скæнын куы бауагътаид, къозбау фæсдзæуин дзы куыд руайа.

Нæ быхста йæ алыварс æдзæллæгтæ æмæ хæрæмттæн, карз æмæ цæхгæрæй сæ кой кодта, æмæ та йæ цæмæй ахæстоны ма фæкуыси кæной, уый охыл цæугæцард кæнынмæ фæцис Европæйы алы бæстæтыл. Суазæг æй кодта æртæ азы æмгъуыдмæ пруссаг къарол Фридрих Дыккæгæм, йæхицæй культурон æмæ ахуыргонд бæсты бикъ аразæг, æрмæст та уыимæ дæр фæсаджилфæндаг сты, фæхыл уæвгæйæ. Æмæ уæд бæстонæй æрцард Швейцарийы йæхи бæстыхайы Францы арæнтæм æввахс. Ардыгæй дунейы алы рæттæм æрвыста фыстæджытæ, памфлеттæ, трактаттæ йæ иугæндзон сидтимæ – «Ныцъцъæл кæнут æлгъаг хилæджы!», ома аргъуан.

Йæ фæллæйттæн се ‘ппæты зындгонддæр чиныг «Кандид, кæнæ Цардуарзон» дæр уыцы азты ныффыста. Дунескондæй фæсмойнаг кæй фæцис, уыцы мидуавæр равдыста ацы уацмысы æмæ дзы цыма йæ маст иста æнæхъæн арвы бын дунейæ дæр. Йæ жанрмæ гæсгæ та у, Вольтерæн тынгдæр æмæ хуыздæр цы æфтыд йæ къухы, ахæм – философон уацау. 1759 азы йæ Францы дæр куы ныммыхуыр кодтой Женевæйы фæстæ, уæд æй æвæстиатæй фæдзæхстыл банымадтой, табугондыл. Фæлæ йæ сусæгæй та раст фондз хатты ма рауагъдæуыд.

Уый фыст кæй у, ууыл Вольтер нæ саст, цавæр Кандид, дам, у мæ сисы бынæй рацæугæ, цыдæр æвæлтæрд фыссæджы тухитæ…

XVIII æнус цæмæй Вольтеры ном хæсса, уымæн уыд ахъаззаг бындур – «вольтерянский», зæгъгæ йыл уæгъды не сбадт ахæм гаккæвæрд. Уæдæ йæ фæстæ æгæрон бынтæ ныууагъта. Уæрæсейы дæр йæ ном уæрæх хъуыстгонд уыд, Екатеринæ Дыккæгæмимæ та кæрæдзимæ фыстæджытæ ‘рвыстой. О, Мари Франсуа Аруэ йæ фыцгææнхъызгæ цардæй куы ахицæн, уæд ын Екатеринæ стыр аргъæй йæ чиныгдон æгасæй дæр балхæдта – 6902 томы чингуытæ æмæ 20 томы та къухфыстытæ. Афтæмæй йын йæ сæйрагдæр хъуыдытимæ та разы нæ уыд…

Иу ахæм диссаг ма: йæ мæлæты размæ Вольтер фæдзæхста, цæмæй йæ аргъуаны фæткæвæрдмæ гæсгæ бафснайой. Фæлæ уыцы

ныстуан-фæдзæст æрмæстдæр тыхтæй-фыдтæй йæ хæрæфыртæн бантыст сæххæст кæнын, уымæн æмæ иу сауджын дæр нæ разы кодта æнæхуыцауыл саргъауын…

Къорд цыргъзонд ныхасбæстытæ ‘рхæццæ Вольтерæй абонмæ, иу цасдæр ын дзы æрымысæм:

*Рæсугъд сылгоймæгтæ мæ уд-мæ дзæцц сты, ноджы ма къæйных куынæ вæййынц, фæлæ коммæгæс, уæд.*

* * *

*Мæн æппындæр ницы хъæуы, æцæг уый мачи зонæд.*

* * *

*Райсомæй æз – зонды къуыбылой, сихорæй – сæрхъипп.*

* * *

*Мæгуыр кæй дæ, уымæн ма быхсæн ис, фæлæ дыл кæй ничи æрвæссы, зæрдæхалæн хъыг уый у.*

* * *

*Фырнымд дæ – кад æмæ дын рад, æцæг кæд уæдмæ кадджын æмæ радджын дæ, уæд.*

* * *

*Кæд уый æцæг амард, уæд уымæй нымаддæр лæг нæ уыд!*

* * *

*Дæ хъуыдытæ мæ зæрдæмæ мур дæр нæ цæуынц, фæлæ æз мæ цард рауæлдай кæндзынæн уый сæрвæлтау, цæмæй сæ дæуæн дзурыны бар уа.*

* * *

*Иу ахæм адæм дæр æз нæ зонын, æмæ хæсты йæ фæуæлахизы фæрцы фæстæдæр чи схъæздыг.*

* * *

*Хуыцау стыр æфсады фарс нæу, фæлæ – рæстдзæвинты.*

* * *

*Æз ӕдас нӕ дӕн иу хъуыддагӕй: ау, нӕ Зӕххы къори ӕппӕт Дун-Дунеты ӕррадон уа?!*

* * *

*Хуыцау нӕ уыд, зӕгъгӕ, уӕд ӕй, ӕнӕмӕнгӕй, ӕрхъуыды кӕнын ӕмбӕлд.*

* * *

*Бирӕ ‘взӕгтӕ зонӕгмӕ иу гуыдырмӕ дзӕвгар дӕгъӕлтӕ ис.*

* * *

*Кӕй фӕсӕрӕн уыдзынӕ, кӕд дӕ уый уырны, уӕд уал низыл фӕуалахизмӕ ӕрдӕгфӕндагыл дӕ.*

* * *

*Худӕг ныхасы мидис иугӕр ӕмбарынгӕнинаг фӕцис, уӕд уый худӕг нал у.*

* * *

*Зӕронд поэт, зӕронд хӕзгул, зӕронд зарӕггӕнӕг ӕмӕ зӕронд бӕх хъуыддаджы нал цӕуынц.*

* * *

*Æвзагӕн ма стыр ахадындзинад уымӕ гӕсгӕ дӕр ис, цӕмӕй уый руаджы нӕ хъуыдытӕ ӕмбӕхсӕм...*

* * *

*Адӕймагӕн йӕ дзуӕппыты сӕрмӕ нӕ, фӕлӕ йӕ фарстатӕм гӕсгӕ аргъ кӕн.*

* * *

*Йӕ адзалы къахыл лӕудӕй йын загътой Вольтерӕн, дӕ дӕлимоны хаимӕ, дам, бафидау. Уый сын афтӕ:*
*– Нӕ фидауын: ног знӕгтӕ хъуаг нӕ дӕн!*

* * *

*Ивгӕ чи нӕ кӕны, ӕцӕг сонтхела уый хонӕм.*

* * *

*Ацы хорз дунейы цыдæридæр цæуы, – хуыздæрмæ.*

* * *

*Ног бæллицы сæххæстмæ тырнын – ног зæрдæхъыджы райдиан.*

* * *

*Хуыздæр – хорзы фыдгул.*

* * *

*Худæг цы у, уый тæссаг нал у.*

* * *

*Цæмæй ацы дзæбæх дунейы æнтыстджын уай, уый охыл, æдылыдзæф кæй дæ, уый фаг нæу – хъуамæ ма дæхи нывыл дарын дæр зонай.*

*Уыдзæн ма*

# ЦАРДӔЙ ИСТ ӔЛВӔСТ ХЪУЫДЫТӔ

✓ Мæнгдзинад фæтæн фæндагыл цæуы, рæстдзинад та – нарæг къахвæндагыл. Мæнгдзинадæн бирæ æвзæгтæ ис, рæстдзинад та ныхас бирæ нæ кæны, йæ дзырд кадавар у. Мæнгдзинады ныхæстæ ихыл бырæгау сты, фæлæ кæцыфæнды æхгæд зæрдæмæ дæр бабырынц. Рæстдзинад та лыстæг хиталæгау зæрдæйы иннæрдæм ахизы.

✓ Мах зонæм уарзын, фæлæ нæ зонæм хатыр кæнын. Искæмæ цæстæнгас дарын зонæм, фæлæ искæй хъизæмар не 'мбарæм. Искæй йæ тæригъæдты тыхæй фауын уарзæм, нæхиуæттæ та нæ зæрдæйы арфы æмбæхсæм.

✓ Цард æнæ мидисæй ныфс нæ дæтты. Цард æнæ ныфсæй æнæуууæнк кæны. Кæд æмæ ссарай фадат дæ цард мидисджын скæнынæн, уæд ныфс æмæ æуууæнк ссардзынæ.

✓ Гадзрахатæй дыл куы рацæуой, уæд уый къухты састæй хъауджыдæр нæу. Уымæн ма ныххатыргæнæн ис, фæлæ æрбахъæбыс кæнын нæ рауайдзæн.

✓ Æууæнд ахæм адæмыл, кæцытæ уынынц де 'ртæ хорз миниуæджы: дæ мидбылхудты мидæг æмбæхст æнкъарддзинад, дæ масты æмбæхст уарзондзинад æмæ дæ æнæдзурыны аххосаг.

✓ Царды алцы дæр рæстæгмæ у, хорз уа, æвзæр уа. Æнусон ницы ис. Цæрын хъæуы абон, ныртæккæ.

✓ Ивгъуыд æмæ фидæны 'хсæн – цæсты фæныкъуылд. Уый хуыйны Цард.

✓ Цæмæй дын сомбон æнцон уа, уый тыххæй уал зындзинæдты сæрты ахизын хъæуы абон.

✓ Дæ ивгъуыдмæ фæстæмæ ма кæс фæсмонгæнгæ, уæддæр раздахæн ницыуал ис. Размæ кæс ныфсимæ, сомбоныл æууæнд.

✓ Царды æнæнхъæлæджы ницы вæййы. Алцæмæн дæр ис æфсон æмæ йæхи нысаниуæг. Суанг сæ кæцыдæр рæстæгмæ кæд мах кæронмæ нæ фембарæм, уæддæр.

✓ Цард дугъон бæхæй тагъддæр згъоры, уайтагъд аивгъуыйы. Æмæ дзы цæттæ куынæ уай нæдæр хатыр кæнынмæ, нæдæр уарзынмæ, уæд цард дæ иувæрсты ацыди.

*МАМИАТЫ Изетæ*

# ГЕРОИКОН СГУЫХТ ÆМÆ НАМЫС*

*Фыдыбæстæйы Стыр хæсты темæ 1956–1960-æм азты поэзийы*

*Уац*

## «МÆ ФЫДЫЗÆХХÆЙ ИУ ЦАРД ДАРДТОН…»

Зæрдæмæдзæугæ у Харебаты Леониды æмдзæвгæйы («Æрыхъуыст нæм») композици: поэт фæд-фæдыл нымайы, цал хатты фехъуыстой сæ фыдыфсымæр Илайæ, нал ис, зæгъгæ, фæлæ-иу ын йæ сæфтыл нæ бауæндыдысты:

*'Рыхъуыст нæм: Керчы, дам, иу нау фæдæлдон и,*
*Ууыл, нæ цæугæ хох, бадтæ.*
*Чидæртæ загътой: уæ дард бæлццон бабын и,*
*Мах та сæ рахуыдтам дамтæ.*

*'Рыхъуыст та: Одеры былыл, дам, иу ирон*
*Тохы фæзæрдæдзæф, амард.*
*Загътам та: 'нæмæнг, уыдаид æндæр чидæр,*
*Махæн нæ мæсыг нæ ракалд.*

*Хæст фæци, фæлæ ма иу хæстон, иу ирон*
*Знаджы фæстаг æхстæй бамыр.*
*«Махон нæу!» – зæрдæ та ноджы нæ басасти,*
*Сызнæт, фæлæ та æрсабыр.*

Уыйхыгъд, цины уац хъæуыл куы ахæлиу и, чидæр хæстæй уæлахизимæ ссæуы, зæгъгæ, уæд: «Махон у! – зæрдæ ыскафыд фыр цинæй». Афтæ аив æмæ уырнинагæй æвдыст цæуы хиуæтты тыхджын фæндиаг, цæмæй се 'нхъæлцау сæрæгасæй фæзына йæ къонамæ. Ацы эпизод у архайды рæзты кульминаци. Иугай фæцыдысты хæстонтæ сæ уæзæгтæм, æрмæст Ила се 'хсæн нæ разынди. Æмæ лирикон геройы зæрдæ ахсайдта раздæры койтæм. Фæлæ йын бирæ

* *Дарддæр. Райдайæн 2025 азы 7-æм номыры*

нæ ахаста – зонды æвдисæйнæгтыл та фæуæлахиз и æмæ куы хивæндæй домы, куы лæгъстæйæ куры: æрцу, ма нæ сай – ды нæ амардтæ. «Ма нæ фæиртас мыггагмæ, нæ дард бæлццон, / Де 'рттиваг цæстыты 'нгасæй!»

Харебаты Леониды къухы бафтыдис «æгæрон æнхъæлмæкасты» поэтикон фæлгонцмæ йæхи ахорæнтæ бахæссын. Æцæг, уацмысы дыккаг хай рауади бирæ лæмæгъдæр, нал дзы ис, райдианы строфатæ кæмæй фидауынц, уыцы хъуыды æмæ дзырдты экономи; раивтой йæ æнæхъуаджы фæлхат æмæ идейон хуымæтæгдзинад.

Йæ иннæ æмдзæвгæ «Æстдæс цæвæдджджыны» дæр сырæзти реалон цауы бындурыл. Хуссар Ирыстоны Дзауы районы хъæутæй иуы хæсты фыдуац æстдæс хосдзауы æрæййæфта раст хосгæрдæны; уис сæ чи куыд хаста, афтæ-иу уыгæрдæны кæрон йæ цæвæг æрсагъта, æмæ фæцыдысты тохы быдырмæ. Фæстæмæ сæ ничиуал æрыздæхтис.

Æмдзæвгæ, æмткæй, даргъвæтингомау у, афыстон, фæлæ дзы ис зæрдæбын интонаци, уый рæзы автор-лирикон геройы фæдзæхст-лæгъстæйæ:

*Мачи сæм бадзурæд: «Райдыдта хæст!»*
*Уадз æмæ 'рхæссой сæ уистæ...*
*æмæ æрхæндæг цауты разуындæй:*
*Ма сæ фæкъуыхцы кæн – Иры хæрзтæ*
*Уадз æмæ рог зарæг зарой.*
*Хæстæй сæ мæрдтæ куы фæуой хæсгæ,*
*Хæхтæ кæндзысты уæд марой...*

Салдат – райгуырæн бæстæйы сæрхъуызой. Йе сгуыхт, йæ удуæлдай тох фашизмимæ – адон сты Дарчиты Дауыты хæстон поэзийы сæйраг мотивтæ. Уæлдай зæрдæмæдзæугæ у йе 'мдзæвгæ «Уый федтон æз». Салдат йæ мæлæт ссардта хæсты быдыры, фæлæ дзы автор «мард у» нæ зæгъы. Уый нæ, фæлæ ма йын йæ цæстмæ цыма дары, дæ ныййарæг дæм æнхъæлмæ куы кæсы, дæ алыварс нæмгуытæ ихуарæгау куы кæнынц, уæд æнæмæтæй уæлгоммæ цы хуыссыс, зæгъгæ. Синтаксисон анафорæ – бæттæг *цыма* (фенхъæлыны нысанимæ) фыццаг дыууæ строфайы зæлы рог уайдзæфы хуызы:

*Уый федтон æз. Хæсты быдыры*
*Хуыссыд уæлгоммæ 'нцад,*

*Цыма йын йе ‘рцыдмæ нæ касти*
*Йæ ныййарæг, йæ мад.*

*Цыма йæ цуры зæхх нæ сыгъди,*
*Цыма нæ уарыд зынг.*
*Цыма дын карз хæсты йæ риуæй*
*Нæ ахызти нæмыг.*

Æртыккаг строфайы та райсы бæллиццаг фæндоны фæлгъуыз:

*Цыма та сыстдзæни фæстæмæ,*
*Хæстонтимæ цæудзæн*
*Æмæ фыдызнагæн йæ ныхмæ*
*Хъæбатырæй хæцдзæн.*

Фæстаг цыппæрæм строфайы фæлхатгонд цæуынц фыццаг рæнхъытæ, фæлæ сæ ныр кæсæм æндæр хъæлæсы уагæй: бæргæ балæууид салдат йæ хæстон æмбæлтты æмрæнхъ, бæргæ атындзид йæ ныййарæгмæ дæр, фæлæ йæ фезмæлæнтæ йæхи бар нал сты...

Æвæдæй сæфтыл нымад уыди хъæдгæройнаг лæппу, хистæр лейтенант Гагкайты Алихан дæр. Хæсты фæудæй ссæдз азы фæстæ сбæрæг сты йæ лæгдзинад æмæ сгуыхты хабæрттæ, æмæ йын уæд, 1965 азы, лæвæрд æрцыди Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

Алихан уыди артиллерион полчъы батарейы командир. Курскы хæсты заман 1943 азы сæрды йе ‘фсæддонтимæ лæууыди, Белгородæй Курскмæ цы соса фæндаг цыди, уый былгæрон хъæу Яковлевойы. Фашистты уæззаудæр цæфтæй иу æрæййæфта ацы ран. Алиханы батарейы артиллеристтæ, æгъатыр тохы бацæугæйæ, ныхкъуырд радтой немыцаг танкты фæд-фæдыл дыууæ æрбабырстæн, фынддæс æмæ ссæдз немыцаг танкæй фараст фæндагыл баззади хæлдæй, уыдонæй æртæ – Алиханы къухæй. Фæлæ знаджы нæмыгæй иугай ныппырх сты сæхи сармадзантæ дæр, цыппæрæм, фæстаг, фæркгай фæхауди æртыккаг атакæйы рæстæг. Дыууæрдыгæй дæр æрцыди бирæ зиантæ. Алиханы батарейы ма удæгасæй чи баззади, уыдон æрмхæсты бацыдысты знагимæ. Сæ фылдæр уæззау цæфтæй, таурæгъон æхсар равдисгæйæ, хъахъхъæдтой сæ хæстон позицитæ, цалынмæ сæм æххуыс фæзынди, уæдмæ. Уыцы хæсты мæлæтдзаг цæф фæци Гагкайты Алихан, полчъы командиры къухты йæ уд систа.

Ацы цаутæ Ирыстонмæ бирæ азты фæстæ куы сыхъуыстысты, уæд

Дзасохты Музаферы сразæнгард кодтой «Гагкайты Алиханы зарæг» (1965) ныффыссынмæ. Поэт не ‘мзæххоны æгъуыстаг сгуыхтыл ныхас историон-хъайтарон зарæджы фисынтыл кæй амайы, уым ис йе ‘нтысты рахæцæн.

Æмдзæвгæйы сюжетон-композицион сконды астæуцæджындз у аивадон параллелизм. Цыппаррæнхъон строфайы адæмон традицийы фæткыл фæрсæй-фæрстæм цæуынц æрдзы нывтæ æмæ хъайтары хъысмæты иумæйаггонд нывхахх. Æцæг, ам авторы фæндæй ивы аивадон параллелизмы структурæ: йæ фыццаг хай æрмæст ритм æмæ рифмæаразæг нал у, поэт ын ныббаста мидисаразæг функцитæ дæр, æмæ афтæмæй сæйраг хаимæ сси аивадон цауы «æмхайадисæг». Параллелизм цæуы дыууæ хаххыл:

1) контрасты хуызы:

*Æнусон цъититæ нæ уæндынц Хъæриумæ –*
*Дæрдтæй йæм фæлгæсынц.*
*Мæ уарзон æмгæрттæ, ныззарæм, цæй, иумæ*
*Хъæбатыр цæргæсыл!*

(Хъæриу – райгуырæн бæстæ, их-цъититæ – фыдызæххæй тард знаг, Алихан – хъæбатыр цæргæс хæхбæсты сæрмæ);

2) æнгæсдзинады фæткыл:

*Бехъаны къуырфауы цы суадætты цад и!*
*Йæ сатæг мæм хъары.*
*Хъайтары ингæныл цъæх кæрдæг æрзади,*
*Сыгкъæвда йыл уары.*

(Адæймаджы зæрдæйæн æхцонад хæссæг сатæг суадæтты цад – хъайтары ингæныл цъæх кæрдæджы сæрмæ цардхæссæг уарыны сыг).

Æмдзæвгæйы ахадгæ у лæмæгъ сæгуыт æмæ «фæйнæгфарс» хъайтары æрæмных, йæ хъомыс тыхджындæр кæны омоформæты руаджы (мивдисджытæ «фестын» æмæ «фæуын»):

*Къæхтысæр фæндагыл сæгуыт дæр фæллайы,*
*Æрхуыссы ‘мæ фесты.*
*Гагкайты фæйнæгфарс йæ цæфтæ нымайы,*
*Нымад ын нæ фесты.*

Арф хъуыды ис фæстаг строфайы параллелизмы дæр: æнæрцæф æфсургъæн нæ хъæуы ехс дарын – буарæй хаты йæ барæджы алы фезмæлд; æнæрцæф ирон лæппуйæн та ахæм «ехс» у йæ намыс, аразы йæ æхсар æмæ сгуыхты фæндагыл.

Дзасохы-фырт нæ фæрæдыди, йæ стихарæзтæн амфибрахийы дæстæг кæй равзæрста, уымæй; ноджы стырдæр æнтыст та у, строфайы мидæг дзы хæццæйæ кæй пайда кæны, уый (цыппардæстæгон – 1-аг æмæ 3-аг рæнхъытæ, дыууæдæстæгон – 2-аг æмæ 4-æм рæнхъытæ). Ацы уавæрæй æвзæры уацмысы вазыгджын интонаци: иуæрдыгæй, йæ эпикон уæрæхивылгæ, æнæферхæцгæ цыд – хъайтарон сгуыхтыл таурæгъы аккаг ритм, иннæрдыгæй та, хъайтары мæлæтыл хъыджы рæстæг чи сфидауид, ахæм хиуылхæцгæ, æлвæст ныхасы уаг.

Райгуырæн бæстæйы сæраппонд рауæлдай кодта йæ рæзгæ цард хъæдгæеройнаг сахъгуырд. Йæхæдæг нал и, фæлæ уæлæуыл цæры йæ кады ном. Уый у «Гагкайты Алиханы зарæг»-ы сæйраг идейæ. Лæгдзинад æмæ æхсары пафос нæры æмдзæвгæйы алы рæнхъы, фыдæлты идеалтæ дзы бæлвырдæй зынынц:

*Нæ рагон хæхбæсты куы скæны ыстыр хъызт,*
*Уад ниуы ахъаззаг.*
*Германы сау хæстæй йæ кады ном сыхъуыст,*
*Йæхæдæг уым баззад.*

Дзасохы-фырты уацмыс цух у йæ хъайтары цард æмæ тохы хабæртты уæрæх афыстæй. Адæмон зарæджы формæ нæ исы ахæм афыст, нæу æмдзу авторы сфæлдыстадон фæндимæ дæр. Æмдзæвгæйы зæллангæнæг рæнхъытæ дзурынц символты æвзагыл, фæлæ дзы ис ссарæн, не ‘ргом нын бæлвырд информацимæ чи здахы, ахæм хицæн «скойтæ». Зæгъæм, уацмысы автор ахызти адзалы сахат мадмæ бадзурыны традицийы иувæрсты. Цæмæн? Уымæн æмæ ам поэтикон фæрæз рацыдаид биографион фактты ныхмæ (Алихан фондзмæйдзыдæй баззади мадæй сидзæрæй, авд азы фæстæ та амарди йæ фыд). «Цæссыгтæ нæ уарзта, ныууадзут уæ кæуын, / Ныззарут ыл зарæг!» – финалон рæнхъытæн дæр сæ патриотон мидисы æдде ис реалон бындур. Алихан цы полчъы хæцыди, уый командир Иван Котенкойы мысинæгтæм гæсгæ, йæ фæстаг дзырдтæ уыдысты: «...цæссыг нæ хъæуы, ныхасгонд куы стæм, кæд мæлгæ – уæд заргæйæ!»

# ХÆСТ – ЦАРДХАЛÆГ,
# ÆГЪДАУ – ЦАРДАРАЗÆГ

1960-æм азты арф поэтикон сагъæсы æмрæнхъ ирон поэзийы ирдæй зыны рæхойæн сатирæ. Карз зæрдæхудты интонацийыл амад у Чехойты Сæрæбийы æмдзæвгæ «Æдзух мæ, гормон, де знаг хонис ды». Лирикон герой быцæу кæны кæимæдæр, æз дæ, дæхи дын фæзмгæйæ, ме знаг куы схонин, уæд, зæгъы, умæй мæхи фегад кæнин. Фыдызæххыл гадзрахатæйцæуæгæн æм фыдæхы æнкъарæн дæр æвгъау кæсы, поэты нымадæй, уый у æрмæст æлгъы аккаг:

*Куы уыди зын нæ Райгуырæн бæстæн, –*
*Мæнæн мæ туг калд, ды нымбæхстæ цъассы,*
*Æмæ мын ныр дæ бамбæхсты фæстæ*
*Лымæнæн дæр, ызнагæн дæр нæ бæззыс.*

Дзаболаты Хазби синтаксисон антитезæйы бындурыл нывæнды æмбæстаджы фæйнæхуызон фæлгонц-типы, уыдон ын сты патриотизм æмæ эгоизмы, хъайтарон сгуыхт æмæ тæппуд сæрхызтдзинады, ахадгæ ми æмæ тутт дзырднывæсты символтæ («Æнæном хæстонты ингæны уæлхъус»). Поэт сиды, йæ цард сæрибары сæраппонд чи суæлдай кодта, уыцы хæстонтæм:

*Сымах бырстат æргом. Æмæ уæ фæстæ*
*Кæйдæр удтæ нæмыгæй хызт уыдысты.*
*Сымах ныгæдта зæхх. Æмæ уæ бæсты*
*Кæйдæр риутæ хæрзиуæгхæссæн сысты.*

Æлгъгæнгæйæ дзуры, «сауджынтау сæ дæсныйад ныхасæй» кæмæн у, уыцы «æндæртыл». Мард сты æви æгас – царды ницы ахадынц. Уыйхыгъд, ингæнты æмырæй чи хуыссы, уыдоны фæрцы «Фыдæлты зæхх йæ риуы дзаг улæфы!»

Плиты Грис дæр фыссы, хæст æппын кæй нæ бахъыгдардта, фæлæ йæхи йæхæдæг чи фæсахъат кодта, уыцы фидиссаг адæмыл («Æнгуылдзтæ»). Сæхи патриоттæ чи хуыдта, ахæм дыууæ лæппуйы, хæцын куы бахъуыди, уæд сæ рахиз къухты амонæн æнгуылдзтæ атæхын кодтой. Хæстæй сæ удтæ бæргæ бахызтой, «Фæлæ

искæмæ сæ къухтæ / Нал фæуæндынц ныр дæттын». Афтæ «сахъ-гуырдтæ» се 'нгуылдзтимæ фæхицæн сты сæ намысæй дæр, адæм сыл – «дыууæ дезертирыл – / Худæгæй кæнынц кæл-кæл».

Амынд азты Грис снывæста ноджы йе 'мдзæвгæты цикл «Хохаг хъæуы». Лейтмотивон дзы у хæст-цардхалæг æмæ æгъдау-цард-аразæджы темæ. Этнографион æмæ историон уылæн цæуынц фæр-сæй-фæрстæм, афтæмæй нæ разы сысты национ дуне алывæрсыгæй – йæ цин æмæ йæ хъыджы, йæ ныфс æмæ йæ бæллицты. Архайды астæу – зæронд куырды хъысмæт комбæсты адæмы уавæримæ æмбастæй. Хохаг царды тызмæг фæтк æмæ хæсты карз æцæгдзи-нады равдыстæн бæзгæ у æхсæзрæнхъон стихы фидар строфикæ. Нæ зæрдыл куы æрлæууын кæнæм, ссæдзæм азты цы «ритмы равзæрды теори» рапарахат ис (уый тыххæй кæс немыцаг экономист Карл Бюхеры (1847–1930) чиныг «Куыст æмæ ритм»), уым дактиль æрмдзæфон кусæнгæрзты зæлтимæ кæй бастой, уæд бамбардзы-стæм, авторæн ацы бæрцбарæны равзæрст æнæнхъæлæджы кæй нæ уыдаид. Æмдзæвгæйы ритм куырды дзæбуджы цавдау у æлвæст æмæ рæстдзæвин. Йæ хъандзал мидызмæлд рæзы, рæнхъыты кæрæтты дактилы дæстæг æмхуызон цух кæй нæ хæссы, уыцы уавæрæй:

*Хохаг куырд авд фырты схаста йæ тугæй,*
*Авдæй дæр куырдадзы иу куыст кæнынц:*
*Барджыты бæхтæн цæфхæдтæ цæгъдынц,*
*Рогæй сырх æфсæйнаг хойынц дзæбугæй.*
*Хъал у йæ хъæбултæй урсбоцъо ныр –*
*Уал хуры хицау нæ вæййы мæгуыр.*

Фесты зæронды зынтæ, рахъомыл сты йæ фырттæ. Цины мæт ба-цыди зæрдæйы: æрлæууыд чындзæхсæвтæ кæныны рæстæг («Куырда-дзы»). Фæлæ ныггуыпп ласта хæст, æмæ æндæр сагъæстæ систы ахсджиаг. Поэт ирд нывты æвдисы адæмы иумæйаг хъыг æмæ маст, ирон æгъдауы уæз æмæ бæрн, куырыхон фæдзæхстыты нысан æмæ зарæджы ныфсдæттæг тых («Зарæг»).

Хохаг лæг фæдисонау уайы йæ бæхыл сыхаг хъæуы уынгты, фрон-тæй фыстæг ын чи бакæса, уый агурæг. Цыдæр тас ын йæ зæрдæ æлхъивы, уыйадыл æгъдау фехæлдта: не 'рлæууыди салам ын раттæг

йæхи æмкар адæмы раз. Фæлæ йæ сылгоймаджы – æвзонг чызджы – фарн уадидæгæн æрфистæг кодта («Æгъдау»):

*Цалынмæ дондзау нæ фæауон, – бæхыл*
*Не сбадти барæг, æндзыгæй лæууыд,*
*Стæй та йæ ехсы къæрцц ногæй фæцыд*
*Æмæ та раст уынджы фатау фæтæхы...*

Ацы æмдзæвгæты циклы дæр Грис йæ хъус дары адæймаджы миддунемæ, æнкъарæнты райхæлдмæ. Дæсны ныв кæны постхæссæджы («Куырд») æмæ чысыл лæппуйы («Саби») психологион уавæр. Сæ иу куырдæй йæ цæстытæ æмбæхсы, йæ бон ын не сси сау хабар радзурын. Иннæ, «цинæнхъæл», æвзыгъдæй райдайы фыстæг кæсын, фæлæ:

*Уалынмæ сабийы цæсгом фæсау,*
*Уадултыл йе 'хсызгон райдыдта тайын...*

Базыдта æнамонд фыд йæ Хуыцауы цæф («авд фыртæй фенæфырт»), æмæ та ам дæр адæймаджы стырдзинад æвдыст цæуы æнæнхъæлæджы æрхаххæй: саби уый тæригъæдæй ныккуыдта – зæронд æй «сабыр кæны». Куырыхон хистæры сурæтыл иу уавæрæй иннæмæ æфты ног æууæлтæ: куы цæстыл уайы, йæ лæппынтæ уадимæ ерыс кæнынхъом кæмæн систы, уыцы циндзаст «зæронд цæргæсы» хуызы, куы – мифты дунейæ æрцæугæ урсбоцъо «кадджын зæдау». Цæстуынгæ детальтæй хохаг этикеты фæлгæты зыны æвæстаг лæджы хиуылхæцгæ дудгæ рис: бæхы идадзæй ласы йæ фæдыл, «Зæхмæ кæсгæйæ, сæркъулæй цæуы», «Цæстытæ хус, фæлæ зæрдæ дзыназы». Уыйхыгъд æм поэт не 'мбæхсы йæхи эмоцион ахаст («Уый ма цы цард фена, науæд цы бон!..»).

Трагикон уавæры æгъдау свæййы адæймаджы гуманизм æмæ лæджыхъæд бæрæггæнæг. Хæст федзæрæг кодта хохаг хъæутæ. Зæрдæдзæф бæлццонмæ иу зæронд ус æрхатыди: лæппуйы райгуырды номыл æгъдаумæ гæсгæ хъæуы топпæй фехсын («Æхст»).

*Зæронд лæг зæхмæ фæкастис æнкъардæй,*
*Хъæргæнæг райста 'мæ систа йæ худ.*
*Загъта: – Уæ ноггуырдæй амондджын ут!*
*Ме 'дзард хъæбултæн цы нæ бантыст царды,*

*Уыдон ын уарзы хæларæй мæ цæст!*
*Уынджы, цæхæркалгæ, анæрыд æхст.*

Æмдзæвгæты циклы, æмткæй, зыны адæмы оптимистон дунеуынынад: цардæн цыфæнды уæззау рæстæджыты дæр нæй бамынæггæнæн, лæууы мæлæты ныхмæ æмæ рыст удты æвзæрын кæны ныфс. Ацы хъуыды фæлхатгонд цæуы, æгъдауæн гимнау чи у, циклы уыцы кæронбæттæн уацмысы («Чындзæрвыст») дæр:

*Раст цыма хъæуы чындзæхсæв и, – скодтой*
*Стырæй, чысылæй сæ хуыздæр фæлыст,*
*Афтæмæй алкæй цæсгомыл дæр фыст*
*Судзаггаг маст æмæ сагъæссаг додой:*
*Баззад идæдзæй сæ кадджындæр чындз,*
*Хъæу æй йæ цæгатмæ ʻрвитынц, кæуынц.*

Æрвитынц, уымæн æмæ «зæххон цард тыхуромгæ нæу». Урсбоцъо зæронд «тыхстæй», фæлæ зæрдиагæй куvы сæ чындзы амондæн, арфæтæ йын кæны, стæй «Ниугæ, дзыназгæ ныззары «Фæндараст!»

Этнографизм æмдзæвгæты циклы нæу эффектон хуызджын нывтæй сæ сфæлындыны фæрæз; æгъдауы равдыст ам райсы аивадон æууæлтæ, свæййы поэтикон цауы æмхæст хай.

*Уыдзæн ма*

*ЧЕДЖЕМТЫ Геор*

## ГОРÆТАГ БÆЛАС

Фæззæджы тæгæр бæласæн алыг кодтой йæ бæрзонд рæхснæг къалиутæ.

«Ныр нал атæхдзæн немæ хъарм бæстæм», – æнкъардæй хъуыды кодтой сауцъиутæ.

## СВЕТОФОР

Уынджы тигъыл фæндагамонæг рухсдзæстытæ æхсæв-бонмæ ныхæстæ фæкодтой. Чи загъта – цъæх! Чи – сырх! Чи та – бур! Æмæ се 'ппæт дæр уыдысты раст: боны ЦЪÆХЫЛ скасти СЫРХ хур æмæ йæ хъарм БУР тынтæй батавта æргъæвст дунейы.

## СТЪАЛЫГÆС

Иу дзæгъæлдзуаг куыдз, уынгты разгъор-базгъор кæнгæйæ, хъуыдытæ кодта: «Ныр кæй хъахъхъæнон? Ныр цы хъахъхъæнон?»

Фæсæмбисæхсæв арвмæ скасти æмæ загъта йæхинымæр: «Стъалыты хъахъхъæндзынæн...»

## СÆРДЖЫН САГ

Кæддæр, зæгъынц, Ирыстоны тар хъæдты царди æмбисонды нæртон саг. Хуыдтой йæ сæрджын саг. Раджы-иу афтæ дзырдтой: «Йæ хъуын, дам, хурмæ сыгъзæринау æрттывта». Афтæ дæр ма-иу загътой: «Йæ алы æрдуйыл дæр, дам, хъуытаз ис. Æмæ-иу тар хъæды куы згъордта, уæд-иу йæ хъуытæзтæ алы æвзæгтæй уасыдысты уадындзæй цæгъдæгау».

Фæлæ, зæгъынц, Иры хæхты фæзынди фыдбоны цуанон æмæ сæрджын сагтæн сæ бынæй рухс суагъта: æрттигъ фаттæй сæ бындзагъд фæкодта.

Уæдæй фæстæмæ, дам, сæрджын саджы хъуытæзты зарæг никуыуал райхъуысти Иры тар хъæдты, Иры сатæг хæхты.

Фæлæ ма афтæ дæр фæзæгъынц: сæрджын саджы авдзæлон зарæг, дам, фестади авдхуызон арвæрдын æмæ фæскъæвда йæхи ныллæг æруадзы тар хъæды бæлæстæм, Иры сатæг хæхтæм.



# ДЫУУÆ СЫХАДЖЫ, КÆНÆ ФЫДБЫЛЫЗЫ БУР ДИДИНÆГ

*Аргъау*

Цардысты æмæ уыдысты дыууæ мыдыбындзы – дыууæ сыхаджы. Кусæгон æмæ Цæрдæгон. Уыгæрдæнмæ дæр иумæ тахтысты, фæстæ-

мæ дæр иумæ здæхтысты. Сæ къæхты фæтасæнтыл-иу цас æрхастой дидинджыты адджын рыгамæст. Ах-ах-ах! Цы хорз замантæ уыди.

Фæлæ фæстаг рæстæг Цæрдæгон цыдæрхуызон зыд æмæ хивæнд кæнын байдыдта. Дардмæ дæр-иу дидинæг куы федтой Кусæгонимæ, уæд-иу Цæрдæгоны сау гага цæстытæ ферттывтой (æвæццæгæн, фыр зыдæй). Æмæ та-иу тæхгæ-тæхын Кусæгонмæ бадзырдта: «Хъусыс, Кусæгон, уыцы дидинæг фыццагдæр æз федтон, æмæ йæм ды ма батæх».

Цы ма-иу загътаид Кусæгон дæр? Уарзта йæ сыхаджы æмæ йын йæ лæмæгъдзинад барста. Фæлæ-иу йæхинымæр загъта: «Хæлоф кæй кæныс, Цæрдæгон, уый дæ хорзмæ не 'ркæндзæн».

Тынг раст загъта Кусæгон. Зыд æмæ хæлоф кæй кодта Цæрдæгон, йæ мæлæт дæр æрцыди уымæй.

Хабар та уыди афтæ. Иу райсом та хурыскастыл иумæ ратахтысты Кусæгон æмæ Цæрдæгон. Сæ ных сарæзтой Уæлвæзы зад уыгæрдæнмæ. Сæ фæндаг уыди зæрæстон дыргъцæхæрадоныл. Бал бæласы хус къалиуыл дыууæ мыдыбындзы ауыдтой... бур-бурид дидинæг. Хуры сæууон тынтæм цæхæртæ калдта.

Цæрдæгон та сонтæй фæкасти Кусæгоны 'рдæм æмæ афтæ зæгъы: «Кусæгон, дæлæ уыцы бур дидинæг æз дæуæй раздæр федтон, æмæ йæм ды ма батæх».

Ницы загъта Кусæгон, фæлæ дарддæр тахти Уæлвæзы уыгæрдæнмæ. Цæрдæгон та комкоммæ йæхи сарæзта бур-бурид рæсугъд дидинæгмæ. Фæлæ, оххай, бал бæласы хус къалиуыл уый бур дидинæг нæ уыди. Хус къалиуы кæрон мыдыбындзыты размæ бадти даргъбырынкъ цуанон Æхсыргур æмæ йæ бур-бурид дæллагхъуыр хуры цæстау цæхæртæ калдта. Æхсыргур Цæрдæгоны хæстæг-хæстæг æрбауагъ-та йæхимæ, стæй йыл йæхи фехста фаты хуызæн, ацахста йæ æмæ, зилахаргæнгæ, фæстæмæ æрбадти балбæласы хус къалиуыл. Хуры тынтæм та цæхæртæ калдта йæ бур-бурид дæллагхъуыр.

Изæры мыдыбындзыты стыр бинонтæ æрæмбырд сты сæ хъарм чыргъæдмæ. Се 'ппæт дæр. Суанг къуылых Бындзи æмæ ихсыдбазыр Бындзыго дæр хурныгуылдыл фæзындысты чыргъæдмæ. Се 'хсæн нæ уыди æрмæстдæр иунæг мыдыбындз – Цæрдæгон. Фæлæ уый ничи бафиппайыдта Кусæгонæй дарддæр. Йæ сыхаджы афтид бынатмæ кæс-гæйæ, Кусæгон æхсæв-бонмæ нæ бафынæй: хъуыдытæ кодта æнамонд Цæрдæгоныл æмæ фыдбылызы бур дидинæгыл.

# «МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ



*Куыд тынг мæ хъæуы ме стыр дуджы заман*
*Мæ рагбонты æртытæй уæд та иу чысыл арт!*

*Чеджемты Геор*


Карсанты Агуыбе æмæ Георы фыд
Чеджемты Зæкæриа. 1933 аз


Георы мад Верычкæ


Геор сабийæ



Чеджемты сывæллæттæ: Æхсар, Юрик, Геор, Тинæ æмæ Астемыр



Æхсар, Астемыр, Верычкæ, Тинæ æмæ Геор



Тинæ, Геор æмæ сæ мад Верычкæ



Геор лæууы галиуæрдыгæй кæронæй, йæ фарсмæ – йæ хо Тинæ.
Сæ сыхæгтимæ Заманхъулы



Разæй Æхсар, Чеджемты Светæ, Цорæты Солæман,
сæ фæстæ Юрик æмæ Геор. Заманхъул, 25 июнь, 1957 аз



Йæ мад Верычкæимæ



Æрыгонæй





Æфсымæртæ Геор, Æхсар æмæ Астемыр

Чæджемты хæдзар Заманхъулы



Фысджытимæ



Æхсаримæ демонстрацийы



Геор, Юрик, Тинæ, Æхсар, Астемыр



Рауагъдад «Ир»-ы



Геор, Тинæ æмæ Æхсар

# ЧЕДЖЕМТЫ ГЕОРЫ КОНД НЫВТÆ




















Ирон диссæртæ æмæ æмбисæндтæ
Чеджемты Геор
Фыдæлты хæзна
Чеджемты Геор
Дзегуындæ
Чеджемты Геор
Чичи зарджытæ куыд фыста
Æхсар
Уадындз
Чеджемты Геор
Зæххы зарæг
Нæ Фæндаг 4/2013
Нæ Фæндаг 2/2013
Æхсар
Ирон зарæг
Чеджемты Георги
Тæнæгбазыр авдхуызон
Чеджемты Геор
Цола

# УÆРТДЖЫНХÆФС ÆМÆ ТАСМАКЪА

*Аргъау*

Иу раууат фæндагыл сæмбæлдысты дыууæ хæфсы: Уæртджынхæфс æмæ Тасмакъа. Базонгæ сты.

– Кæцæй цæуыс, Тасмакъа? – фæрсы йæ Уæртджынхæфс.

– Асыйы бæстæй, растдæр Чегемы комæй. Фæлæ дæхæдæг та чердыгон дæ?

– Æз та цæуын Уæлладжыры комæй, растдæр Иры бæстæй.

– Цæй æмæ æфсымæртæ скæнæм! – загъта Тасмакъа.

– Тынг хорз загътай, Тасмакъа! Æз ныр дыууиссæдз азы бæрц иунæгæй хилын хъæбæр фæндæгтыл, пыхсбынты, æмæ мын нæдæр æрдхорд и, нæдæр æфсымæр.

– Æз дæр тынг æнкъардæй цæрын зыбыты иунæгæй, æмæ æрдхорд æфсымæртæ скæнæм, – бахъæлдзæг Тасмакъа.

– Скæнæм, скæнæм! – цины хъæртæ кæны Уæртджынхæфс. – Гъе ‘рмæст мæ дæ ном куынæ ферох уаид, Тасмачъи!

– Тасмачъи нæ, фæлæ Тасмакъа! – тæргæйхуызæй загъта асыйаг хæфс.

Уæртджынхæфс дын йæхицæн буцтæгæнæгау афтæ:

– Цæй-ма, цы уæлдай у? Фæнды Тасмачъи зæгъ, фæнды – Тасмакъа!

– Ау, уый цавæр ныхас у?! Асыйаг æвзагыл ТАС дур амоны, МАКЪА та – хæфс. Ома, дурхæфс! Фæлæ Тасмачъи та циу? Иннæ ахæм – Уæдæртджын хæфс! – мæстæй марынмæ раздæхти Тасмакъа.

Æмæ æцæгæйдæр смæсты Уæртджынхæфс:

– Гъеныр мæ Уæдæртджын хæфс куыд рахуыдтой, кæд æцæгæй дæр Тасмачъийы гæбаз нæ дæ, уæд?!

– Дæхæдæг Тасмачъийы гæбаз дæр, Дæрдджын хæфс дæр! – мæсты кæнын байдыдта Тасмакъа дæр.

– Ныр та мæ Дæрдджын хæфс рахуыдтай, асыйаг Тасмачъи. Мæ ном æгасæй дæр дæ мыггаджы аргъ куы у!

– Уæд цæмæй афтæ кадджын у дæ ном, Уæртджынхæфс? Мæнау дын дурвидар куынæ басгуыхти!

– Дурвидар та цы хоныс? Уарт рагон хæцæнгарз у, мæн чи хъахъхъæны, ахæм хæцæнгарз: уартджын хæфс! Бамбæрстай, Тасмачъийы зæронд?



Тасмакъа бынтондæр фæтæргай.

– Дæуимæ чи дзуры, уый дæр – дæхи хуызæн. Гуымиры! – загъта ма Тасмакъа æмæ сындæггай фæсвæндагмæ ахылди.

Тасмакъа цалынмæ адард, уæдмæ Уæртджынхæфс йæ фæстæ джихæй касти. Фæстагмæ æрæнкъард и, йæ ныхæстыл æрфæсмон кодта æмæ Тасмакъайы фæстæ адзырдта:

– Фæлæуу-ма, Тасмакъа! Æрдхорд-æфсымæртæ кæнинаг куы уыдыстæм!

Дардæй рог уддзæф æрбахаста Тасмакъайы дзуапп:

– Дæу хуызæн гуымиры хæфсимæ æфсымæр уæвыны бæсты фæлтау иунæгæй цæрдзынæн!..

Уæртджынхæфс йæ рæдыд бамбæрста, фæлæ ма уæддæр Тасмакъайы ‘рдæм адзырдта:

– Æз та дæу хуызæн тæргайгæнаг хæфсимæ æрдхорд уæвыны бæсты иунæгæй фæцæрдзынæн иу-æртиссæдз азы! Кæнæ та – фондзыссæдз азы!

Æмæ сындæггай араст и Уæртджынхæфс йæ зæронд фæндагыл – зæрæстон ееуы хуымтæм...

# АРЫХЪХЪЫ РАГЪЫЛ

Ацы хабар раджы уыди, мæ сабибонты заман. Иу фæззыгон бон мын мæ мадыхо балæвар кодта хуызджын ахорæнтæ, стæй урс-урсид гæххæттытæ  тынг бирæ! Æмæ мын загъта:

– Арыхъхъы рæгътæ ныр сæ тæккæ рæсугъдæй сты. Цу, мæ нывгæнæг  хæрæфырт, æмæ сын сæ нывтæ скæн.

Æз цингæнгæ Арыхъхъы рæгътыл балæууыдтæн. Цымыдисæй кæсын æрдзы рæсугъд нывтæм: сырх тæгæр бæлæстæм, сыгъзæрин къуыбыртæм, бурбын къахвæндæгтæм.

Уайтагъд ныв кæнын райдыдтон. Тæгæр бæлæстæ, къуыбыртæ, къахвæндæгтæ разындысты урс гæххæттыл. «Тагъддæр, тагъддæр ныв кæн! –  дзурын мæхицæн. – Уымæн æмæ тæссаг у уарынæй!»

Æцæгæйдæр: арв æрбахгæдта тар мигътæй. Æмæ дзурын арвмæ: «Арв! Ма рауар. Ныв кæнын мæ бауадз». Фæлæ нæй! Нæ мæм хъусы. Нæры. Уынæргъы. Стæй уарын райдыдта. Æмæ мын мæ ныв æрæхсадта...

«Æвæццæгæн, Арвы зæрдæмæ нæ фæцыд мæ ныв», – ахъуыды кодтон мæхинымæр, æмæ цæмæдæр гæсгæ мæ зæрдæ суынгæг.

** Чеджемты Георы конд нывтæ*

# ИРÆД

Раджы æрцыд ацы хабар... Æниу афтæ раджы дæр нæ уыд, йæ архайджытæй, дам ма чидæртæ ægас сты.

Уарзтой нæ хъæуы чызг æмæ лæппу кæрæдзийы. Нæдæр сæ иу, нæдæр сæ иннæ зыдта, кæд баирвæзт фыццаг хатт йæ риумæ уарзондзинады фат. Чи зоны, искуы мæнæргъыдзуаны фембæлд сæ цæстæнгас рагъыл – дзыгуыртæй-иу цыдисты уырдæм. Йе та Стыр дзуары бæрæгбоны фæзы...

Цас ныхæстæ ис лæппуйы удæнцой цæстæнгасы! Цас хъуыдытæ ис чызджы фæлмæн мидбылхудты! Уыцы æвзаг æрмæстдæр уарзæгой зæрдæтæ фæзонынц. Дæрзæг къухæй дидинæг тонæн нæй.

Тæккæ дысонизæр суадоны раз хæрхæмбæлд фесты. Хъуыдинæ æрбацæйхаста дон. Хуысинæ уыгæрдæнæй æрыздæхт. Цы хъуамæ загътаиккой кæрæдзийæн: сæ цуры – хосдзаутæ, сæ уæлхъус – дондзаутæ.

Фæлæ чызг æмæ лæппу иунæг фемдзастæй кæрæдзийæн сæ зæгъинæгтæ загътой. Нал бахуыссыд уыцы æхсæв æнафонтæм чызг, зæрдæйы фæндтæ ныллæг фæндыры цагъдæй нывæста. Нал бафынæй уыцы æхсæв лæппу, риуы æхсызгон сагъæстæ æвзæрд, фидæныл фæндтæ кодта. Æниу æм цæй фидæн æнхъæлмæ каст?! Æрцæуинаг бонтæ йæ размæ тар æхсæвтау лæууыдысты. Нæ сæ уыд йæ зæрдæ рухс... Ирæдыл хъуыды кодта. Кæм хъуамæ ссардтаид фос, чындзы дзаума, æхца?!

«Куыд ратдзæн номдзыд Тасолтан æнæ ирæд йæ чызджы?!», «Нæ, Тасолтан ахæм худинаг йæ сæрмæ не 'рхæсдзæн», «Æниу Хъуыдинæ йæхæдæг та?! Цæмæн ын бафидис чындæуа искуы?!»

Лæппуйæн ацы æнæмадзал хъуыдытæй йæ сæрыл куырой разылд... Иуцъусдуг йæ цæсгом фæрухс. Йе схъомылгæнæг, йæ мадыфсымæрмæ – дыууæ галы, бæх æмæ дæс фысы, уæдæ йæм иу чысыл æхца дæр уыдзæн. Хуысинæ зыдта: йæ мадыфсымæр ын ницы бавгъау кæндзæн... Йæ мадыфсымæр æй схаста, мад, фыды рæвдыд дзы зоны...

«О, фæлæ, – фæтарст уыцы хъуыдыйæ лæппу. Цæсгом фæстæмæ фæтар, – гъа, хъомыл мæ скодта Илас, ирæды зындзинад та ма йын цæмæн æвзарын кæнон?! Цы уыдзысты йе 'нахъом сабитæ æнæ гал æмæ бæх?! Скъæфгæ, – фæзынд лæппумæ фæнд. – Кæд мын æй ныббарид Хъуыдинæ. Кæд мын ныххатыр кæниккой хистæртæ... Амарæнт

мæ уæд та йе ‘фсымæртæ... Уарзоны скъæфын хорз бæргæ нæу, фæлæ цы ‘рхъуыды чындæуа, цы сарæзтæуа æнæхайыры ирæдæн?! Цæй, цы уа, уый уæд! Арв куыд нæры, афтæ нæ цæвы», – ныллæууыд фæстагмæ скъæфты фæндагыл Хуысинæ.

Хъазты чегъре æваст Хуысинæйы раз февзæрд, æмæ лæппуйы хъуыдытæ гандзайы хай баисты. Раст ын цыма йæ зæрдæмæ ныккаст, чызджытæм æй симынмæ фæкæны. Хъуыдинæйы рад æрхауд. Чегъре йæ разы æрлæууыд.

Лæппуйы цонг ссыгъд, чызджы цæсгом фæсырх. Фыццаг хатт асимдтой иумæ. Дунейы фарн, рæстмæ санчъех сын æй фæкæн. Фæндыры цагъд дардмæ хъуысы, къæрццæмдзæгъд ыл нæ тых кæны. Уарзæттæ кафынц, зæххыл æндзæвы æрмæстдæр къахфындз, зæрдæтæ уæлæрвты тæхынц. Æмцыд, æмист кæнынц къæхтæ. Зæрдæтæ риуты рауагътой дугъ. Сæ гуыпп-гуыпп – тарст бæхты гыбар-гыбурау раст. Фæлæ мæнæ дугъæттæ æрсабыр сты. Фæндыры цагъд сæм тынгдæр сыхъуыст.

Æрзылдысты симды фæзилæнты. Иу хатт, дыккаг. Мадыфсымæр Илас фынджы уæлхъусæй лæппумæ сæрыстырæй кæсы. Хъазты астæуæй чызгмæ йе ‘фсымæртæ сæ цæстытæ ныццавтой... Сæ иуæй иннæ налатдæр...

Фæндтæ кæны Хуысинæ: скъæфты тыххæй йæ фæндон чызгæн бамбарын кæна æви нæ?! Куы йын фæхъыг уа! Стæй симгæ-симын чызгимæ дзурын аив нæу... Фæхъыг уыдзæн уый йе ‘фсымæртæн дæр. Кæс, уæртæ æртæйæ симынц, кæстæр сын æмдзæгъд кæны. Йæ бакаст – худæндзаст, æнæуи та – се ‘ппæтæй æвирхъаудæр. Цы йын фæхъыг уыдзæн, уый ацу æмæ базон.

Хуысинæ ныртæккæ уырдæм нæ кæсы... Уый хъуамæ йæ зынаргъæн йæ фæндон ацы ран зæгъа... Фæлæ цы?!

Чызг нæ бауæндыд йæ хъустыл. Ау, æндæр аргъ ын не скодта?! Лæппу сфæрæзта ныхас. Нæ, Хуысинæ дзæгъæл ныхас нæ зæгъдзæн... Чызджы зæрдæ риссы, лæппуйы зæрдæ судзы. Нæдæр «нæ» фехъуыста, нæдæр «о» Хуысинæ. Æрмæст æм æмбаргæ чызг цæмæндæр дисгæнгæ æрбакаст... Тасдзинад æмæ сагъæс хуры айдæнтау цæсгомыл кæрæдзийы ивтой.

Хуыздæр уавæры нæ уыд лæппу йæхæдæг дæр. Хуыцау хорз, æмæ симд кæронмæ ахæццæ.

* * *

Мæйдæр æхсæв нæ вæййы рæствæндаг амонæг, фæлæ йыл уæддæр цæуынц къæрных дæр æмæ хæрзгæнæг дæр.

... Скъæфджыты бæхтæ куырмæджы дугъ кæнынц, кæрæдзийы сынæгæй къуырынц. Хъæугæронæй ахызтысты, сыхъуыст куыйты рæйын сæ фæстæ. Хъæубæстæй чидæртæ æрыхъал: «Цы хабар у, циу?!» Ссыгъд дзы кæйдæр цырагъ дæр. Чидæр рудзынгæй ракаст. Барджытæ Тасолтанты ‘рдыгæй дугъ кодтой... Фæфæдис сты æфсымæртæ. Сæ хойы сын аскъæфтой. Æрбамбырд сты æрвадæлты лæппутæ топпæлвæстæй. Фæцагайдтой уыдон дæр. Фыд Тасолтан уæгъд хæдоны сæ фæдыл кæсы. Рагон фондзæхстон къухы лæдзæгау дары. Нæ йæ ауагътой кæстæртæ семæ.

Срæйдтой та куыйтæ, фæлæ ацы хатт хъæуæн йæ иннæ кæрон, скъæфджытæ фæдфæливæн акодтой, æмæ фæдисæттæ нæ бафтыдысты сæ фæдыл. Æндæрæрдæм фесты. Хуысинæитæ фæзæй ахызтысты. Нæй сурæг. Фæцыд гæрах хъæуæн йæ иннæ фарсæй, æмæ скъæфджытæй иу ныххудт. Æрлæууыдысты. Хъуыдинæ хæкъуырццæй кæуы. Хуысинæ йæ сабыр кæны.

– Цы бакодтай?! Ахæм амонд мæн нæ хъæуы, – зæгъы чызг. – Акæн мæ фæстæмæ.

– Йæхи чи амардта, уый æз, – хатыр куры Хуысинæ.

– Ныртæккæ уыдæттыл ныхас дзæгъæлы у, – зæгъы Хуысинæйы æмгар Хъантемыр. – Фæстæмæ нæ фæндаг лыг у.

Згъорынц дугъæттæ. Дард хъæумæ сæ балц, Хъантемыры хомæ.

Хъуыдинæ нал тоны йæхи, хъысмæтимæ сразы... Хуысинæ чызджы бæхы æфцæгæй саргъмæ æриста, йæхæдæг фæстæдæр абадт.

Боны рухсмæ бирæ нал ис... Гормæттæ, искуыдæр ма боны рухсæй афтæ тарстæуыд! Ногæй та дугъ, тагъд кæнынц.

Сæ размæ къардиугонд фæци. Багæппытæ кодтой æртæ барæджы йæ сæрты. Хуысинæ æмæ Хъуыдинæйы бæх фæкалд, асæрбихъуырæйттæ кодтой æмæ... Дæ балгъитæг, афтæ: фыдгулы фæндиаг фесты...

Хуысинæ æрчъицыдта... Йе ‘мбæлттæ чызджы уæлхъус худаистæй лæууынц. Лæппуйы риу æваст цыдæр срæхуыста. Хъуыдинæйы размæ сызгъордта, йæ зонгуытыл æрхауд. Зырзыргæнгæ къух чызджы цæсгомыл æруагъта:

– О Хуыцау! Кæд фыдфынтæ уынын... Æрыхъал мæ кæн тагъддæр!

Нæ, нæ уыд уый фын!.. Хъуыдинæ йæ цæстытæ байгом кодта, фæстаг хатт ма скаст Хуысинæмæ. Йæ цæстæнгас дзырдта: «Цы уыдзынæ?!.»

Æрбарухс... Хъуыдинæйыл дуне талынгæй баззад.

Тасолтанты кæрты судзаггаг зиан. Йæ ныгæнæн – райсом. Дзыллæтæ йыл риссынц. Нæй ам Хуысинæ æрмæст. Не сты чызджы æфсымæртæ уым. Хуысинæйы агурæг зилынц. Сомы бакодтой, хъуамæ сæ хойы баныгæды агъоммæ уæлæуыл мауал уа Хуысинæ.

Хур æрныгуылд. Бацыд хæдзармæ Тасолтан. Æрхæндæгæй тъахтиныл æрбадт. Зæронд зæрдæ – хæлддзаг мæсыг. Бады, цæссыгтæ æнцъылд рустыл уырдыгмæ згъорынц. Йæ кæуынмондæгтæ æнæ сдзургæйæ уадзы. Æдде хъæуы хистæрты цур афтæтæ гæнæн нæй. Чызджы æвзонг бонтæ раст йæ рахъомылы онг цæстытыл уайынц.

Æрталынг. Фырттæ зынæг дæр нæма ис. Зæронды сæр иуцасдæр хъуыдыты хай баци. Нæ базыдта, куыд байгом дуар. Къæсæрыл лæууы Хуысинæ...

Фыд фæкаст, йæ зæронд уæнгтæ æрызгъæлдысты, фæлæ уый æрмæст рæстæгмæ. Тугдадзинты схъазыд туг, йæ цæстытæ æрцагуырдтой фондзæхстон къулыл. Лæппу уый уыдта, нæ лыгъд. Хæдзары астæумæ бацыд, æрæвæрдта йæ хæцæнгæрзтæ иуварс. Фыды раз зонгуытыл æрлæууыд.

– Иунæг курдиат æрмæст, – сдзырдта зæххы бынæй дзурæгау Хуысинæ... – Хъуыдинæйы фарсмæ-иу мæ бавæрæнт.

Тасолтан бацыд къулмæ, райста топп – дысонæй нырмæ ифтыгъд у. Тасолтан лæппуйы раз æрлæууыд æхстæввонг. Хуысинæйы цæсгомыл рухсы цъыртт фæзынд – феййафы йæ зынаргъы. О, о, феййафы. Мæнæ топпы хæтæл йæ разы...

– Мæ амæлæты размæ æз хъуамæ зæгъон, – фыд æрæгмæ куы æхста, уæд загъта Хуысинæ. – Хистæр дæ æмæ мын ныббар... Уарзондзинады охыл бакодтон афтæ. Ма дын фæхъыг уæд – йæхицæн мæ снывв кодта чызг дæр. Фæлæ афтæ рауад хъуыддаг...

Фыд ницы сдзырдта, æмæ ма лæппу йæхи æфхæрæгау бафтыдта:

– Аскъæфтон æй уымæн, æмæ мæм ирæдæн ницы уыд!

– Мæ чызг уый зыдта?!

Æдде сыхъуыст уынæр, змæлд. Фыдæн йæ цыппар фырты гом дуарыл æхстæввонг алæууыдысты. Фенхъæлдтой, Хуысинæ йæхи

ирон ӕгъдаумӕ гӕсгӕ фыдыл ныффӕдзӕхста. Кӕстӕр ӕм топп фӕдардта, фӕлӕ фыды тызмӕг цӕстӕнгас топпӕхсӕгыл фӕуӕлахиз.

– Лӕппу! – сдзырдта йӕм тызмӕгӕй фыд. Стӕй иннӕтӕм бакаст. – Ӕз уӕм куынӕ арвыстон.

Кӕстӕр мӕстыйӕ ӕруагъта хӕцӕнгарз, ӕррайау федде. Ӕфсымӕртӕ сӕ фыдыл ахгӕдтой дуар. Тасолтан зонгуытыл бадӕджы тӕрттыл схӕцыд.

– Ам уал у, стӕй уӕд бӕрӕг уыдзӕн, цы дӕм ӕнхъӕлмӕ кӕсы, уый, – загъта йын ӕмӕ йыл дуӕрттӕ сӕхгӕдта.

Тасолтан рацыд ӕмӕ мыггаджы хистӕртӕн бамбарын кодта хабар.

Райсомӕй, чызгӕн йӕ ныгӕнӕн бон, Хуысинӕйы мыггаг хъӕугӕрон чыртӕ-чыртӕй ӕнкъардӕй лӕууыдысты. Ӕнхъӕлмӕ кастысты, куырдтой, цӕмӕй сын мардмӕ ӕрбацӕуыны бар радтой.

Фесты уынаффӕгонд зианджынтӕ. Сӕ хистӕр Тасолтанимӕ мыггаджы минӕвары размӕ рацыд.

– Ӕрбацӕуӕнт мӕрддзыгой, – зӕгъы хистӕр, – ӕмӕ нӕ зиан иумӕ бавӕрӕм...

Хистӕр дзуры. Иры хуыздӕр ӕгъдӕуттӕ зӕрдыл лӕууын кӕны. Тасолтан йӕ фарсмӕ ӕрвдзавд бӕласау лӕууы...

* * *

Хъӕуы та хъӕлдзӕгдзинад фӕзынд, чындзӕхсӕвтӕ сарӕх сты... Мӕнг нӕ фӕзӕгъынц: зиан ӕмӕ цин ӕфсымӕртӕ сты...

Иуизӕр Тасолтан Хуысинӕмӕ арвыста. Зӕронд лӕг бадт тъахтиныл, кӕддӕр лӕппу йӕ разы зонгуытыл цы уаты астӕу лӕууыд, уым. Хуысинӕ къӕсӕрыл бахызт. Тасолтан бандонмӕ ацамыдта, фӕлӕ лӕппу не сбадт.

Уыцы аз хъӕубӕстӕ ӕвдисӕн уыдысты, Иры дзыхъхъы чи нӕма ӕрцыд, ахӕм хъуыддагӕн: Тасолтан йӕ дыккаг чызг Мӕдинӕйы Хуысинӕйӕн радта.

Хъӕубӕсты хъус-хъус дзырдтой, зӕгъгӕ, дам, кӕддӕр Тасолтан дӕр чызг скъӕфгӕ ракодта: ирӕд цӕмӕй бафыстаид, уый йӕм нӕ уыд.

## ГЪЕ ЙӔ БОН НЫККАЛА УЫГЪАЛЫХЪ!

Гиго ӕмӕ Уыгъалыхъ къардиумӕ куы ӕрлыгъдысты, уӕд ӕрцардысты стыр уынджы, цыбыр ныхасӕй, баисты сыхӕгтӕ. Уынгӕн

сæ иу æрцард иуæрдыгæй, иннæ та – иннæрдыгæй. Хохы дæрддзæф цардысты кæрæдзимæ æмæ-иу арæх кæрæдзийы нæ уыдтой, ам та – æндæр хабар: рудзынгæй ракæсай кæнæ кауы сæрты, – æнæмæнг фендзысты кæрæдзийы, сæ цин, сæ зындзинад – иумæ.

Гъе афтæ цардысты Гиго æмæ Уыгъалыхъ, фæлæ, мæнæ афтæ куыд бакæнынц, мæгуыры, дам, тулгæ дур хæрдмæ суры, уыйау Уыгъалыхъ дæр. Хохы ма куы царди, уæд йæ фыццаг цардæмбалы уым баныгæдта. Ныр ардæм куы æрлыгъди, уæд та – йæ дыккаг цардæмбалы; цыбыр ныхасæй, сылгоймаг ын нæ царди.

Уыгъалыхъ ус курынмæ дæр нал хъавыд, исчи-иу куы ской кодта, уæд-иу афтæ:

– Æнæрай фæут, цæрæнбонты усгур уын уыдзынæн.

Рацыди афæдз, дыууæ азы æмæ та йын ус æнæ ‘рхæсгæ нал уыди, ныххатыдысты йæм фырттæ, чызджытæ, хæстæджытæ, уæлдайдæр та йæ сыхаг Гиго. Сразы, æндæр гæнæн нал уыди, æмæ йын уæд æрхастой Хасионы, абадгæ чызджы.

Ацардысты иуцалдæр азы, уæдæ цы уыдаид, фæлæ та мæнæ бæллæх, Хасион рынчынтæ хæссын байдыдта. Цыбыр ныхасæй, бонæй-бон фыддæр кодта, стæй дæ фыдгул дæр афтæ. Ахицæн, уæдæ цы уыдаид, æмæ та Уыгъалыхъы фыццаг хъæр Гигомæ фæци. Барвыста йæм йæ хистæр фырты, кæд æнафон уыди, уæддæр – зианы уæлхъус хъуамæ исчи уа. Гиго уыцы заман йæ тæккæ тарф фынæйæ уыди, йæ ус Тотион æй райхъал кодта, Хасион кæй ахицæн, уый йын бамбарын кодта.

Иукъорд рæстæг Гиго ницы загъта, æвæццæгæн, тарф фынæйæ кæй райхъал, уый тыххæй, фæлæ фæстагмæ афтæ:

– Гъе йæ бон ныккала Уыгъалыхъ, цæрæнбонты йæ устыты ногæй-ногмæ чи ивы. Мæнæн та иу хохæй быдырмæ, æхсæвæй-бонæй, афæдзæй-афæдзмæ къуыххы-къуыххы кæны æмæ йын нæ цæрын æнтысы, нæ мæлын.

## МÆН НÆУ, БЕТЪРЕЙЫ У

Дуллæ (æвæццæгæн, Садуллæ) хъомгæс уыд. Хъом ын йæ бар бакодтой, æмæ сæ хызта, æхсæвиуат та хæдзари-хæдзар кодта, хæринаг дæр ын лæвæрдтой радæй. Цыбыр ныхасæй, Дуллæ уыди тынг хорз, æнæмаст лæг, æмæ йæ алчи дæр уарзта, Бетъре та ма йын иуæхстон

берданкæ радта. Цы нæ, дам, вæййы – кæм бирæгъ, кæм маргъ, кæм дæхи аирхæфсдзынæ.

Иурайсом раджы та Дуллæ рацыди хъæугæронмæ æмæ æнхъæлмæ касти, хъом кæд ратæрдзысты, уымæ. Иуæй-иутæ сæ раскъæрдтой, æмæ Дуллæ сæ разы лæууыди, йæ хъыримаг йе уæхскыл, афтæмæй. Уæд иурæстæг Дуллæ фæкаст цæхæрадæтты ʻрдæм æмæ федта диссаг...

Стыр бур арс богътæгæнгæ рахызт Бериты цæхæрадонæй æмæ йæ ных сарæзта Дуллæмæ, мæнæ йын цыма йæ хъæстытæ кæнынмæ хъавыд, афтæ. Дуллæйæн ахæм хъуыддаг йæ зæрдæмæ нæ фæцыди, йæ хъыримаг уæхскæй æриста æмæ хъуццыты къордмæ хæстæгдæр йæхи байста. Арс цæуы, богъ кæны æмæ йæ ных Дуллæмæ сарæзта. Дуллæ йæ бамбæрста, арс æмраст уымæ кæй кæсы, уый æмæ йæм дзуры:

– Айс дæхи ардыгæй, дæ цæстытæ мæм цы ныйирд кодтай, исты хæс дæ дарын?

Арс цæуы дарддæр, æмæ Дуллæ уый куы базыдта, ам æнæ фыдбылызæй нал аирвæздзæни, уæд ныхъхъавыд æмæ иу гæрах фæкодта. Арс дын уый фехъуыста – йæхи йыл ныццавта, Дуллæйы къухæй хъыримаг сыскъуыдта æмæ йæ фехста, иу-дыууæ хатты Дуллæйы ныммарзта. Уый фæстæ арс, мæнæ цыма йæ маст райста, афтæ фæраст хъæды ʻрдæм.

Дуллæ йе ʻмуд куы ʻрцыд, уæд ма иуцалдæр касты арсы ʻрдæм фæкодта æмæ йæ ных хъæумæ сарæзта.

Нал бакуымдта хъомгæсæй, чидæр та ма йыл афтæ æрымысыд: арс, дам, Дуллæйы хъыримаг куы иста, уæд, дам æм Дуллæ афтæ дзырдта: «Мæн нæу, Бетърейы у!»

*ХЪАЙТТАТЫ Сергейы чиныг*
*«Ирон хабæрттæ»-йæ ист*

# ЦАРДÆЙ ИСТ ÆЛВÆСТ ХЪУЫДЫТÆ

- ✓ Амондджын уæвын дæ фæнды, уæд дæ ивгъуыд мауал къах.
- ✓ Искæмæн хорздзинад ракæнын дæ бон куы уа, уæд æй ма бахæлæг кæн. Куы йæ ракæнай, уæд та йæ цæстмæ ма бадар.
- ✓ Иу бон исты хорздзинад куы скæнай иу адæймагæн, уæд дæ бон у зæрдæхъæлдзæгæй бахуыссын æмæ дæхицæн зæгъын: «Ацы бон мыл дзæгъæлы нæ аивгъуыдта».
- ✓ Сæумæрайсом хурыскаст адæймагæн æхсызгон вæййы, уæлдайдæр та фæскъæвда. Фыдæлтæ-иу уымæн дзырдтой: «Адæймаг йæ сыхаджы хурыскастæй раздæр фены». Гъемæ фæскъæвда хурыскаст куыд æхсызгон вæййы, дæ сыхаджы фенд дæр дын афтæ æхсызгон уæд.
- ✓ Царды сæйраг домæн – цыфæнды зын уавæрты дæр адæймагæй баззайын.
- ✓ Адæймаг æнæниз куы вæййы, уæд хъæздыгдзинадмæ тырны. Йе 'нæниздзинад куы фæцуды, уæд та цардæн фылдæр аргъ кæнын райдайы. Рох кæнын нæ хъæуы, æппæтæй ахсджиагдæр æмæ зынаргъдæр цард кæй у. Алыхуызон хъæздыгдзинæдтæ йæ разы ницы сты, рыг дæр нæ калынц.
- ✓ Хæрам дойнаг дурæй уæлдай нæу. Дæ зæрдæйы йæ ма æмбырд кæн, кæннод йæ уæзы бын фæкæлдзынæ.
- ✓ Хъуыддаг куынæ зонай, уæд дæхи тæрхонгæнæг, уынаффæгæнæг ма скæн.
- ✓ Абон уа, райсом уа, адæймаг бамбары хорз, æвваxс æрдхæрдтимæ дæр бынтон æргом ныхас кæй нæ хъæуы. Зæрдæйы сусæгдзинæдтæ се 'ппæт дзургæ нæ вæййынц.
- ✓ Фыццаг дис фæкæнæм, бон куыд тагъд агæпп кодта, фæлæ йæ фæстæдæр бамбарæм, уый бон нæ уыди, фæлæ цард…
- ✓ Цас карджындæр кæнæм, уыйас нæ рæстæгæн фылдæр аргъ кæнын райдайæм, царды тыгъдад бамбарæм æмæ æнæхъæугæ хъуыддæгтæ аппарын базонæм.
- ✓ Царды дыл цыфæнды куы 'рцæуа, уæддæр дæ зæрдыл дар: уый æвзæр цард нæ уыди, фæлæ æвзæр рæстæджы цыбыр фæзынд.
- ✓ Хуыцауæн цы зæгъын хъæуы, уый куынæ зонай, уæд ын зæгъ æрмæстдæр бузныг!

# ХÆЙРÆДЖЫТЫ ХАБÆРТТÆ

* * *

Раздæр хæйрæджытæ æргом цыдысты. Æцæгдæр афтæ кæй уыд, уый канд æз нæ зæгъын. Зæрæдтæй йæ алчи дæр зоны. Радзурдзынæн, мæхи дыууæ цæстæй кæй федтон, ахæм хабар.

Цалдæр азы размæ куыстон заводы. Æхсæвы мæ сменæ куы фæци, уæд иунæгæй талынджы нæхимæ фæцæйцыдтæн. Кæсын, æмæ дын Саламты дуармæ къанауы чидæртæ сæхи найынц. Хъуыстон сын сæ цъыбар-цъыбур дæр. Хæстæг сæм куы бацыдтæн, уæд фæцыдæр сты. Саламты гом кулдуар æмæ рудзгуытæ чидæр æваст ахгæдта.

Нæхи уынгмæ куы бахæццæ дæн, уæд та дын кæсын, æмæ нæ сыхæгты кулдуар æмæ рудзгуытæ – гом. Ай цы хабар у, зæгъгæ, хæстæгдæр бацыдтæн. Бауырнæд дæ, мидæгæй дæр, æдде дæр змæлæг нæ уыд, фæлæ та æваст кулдуар æмæ рудзгуытæ чидæр ахгæдта.

Фыр тæссæй цы фæуыдаин, уый нал зыдтон. Мæ уд мæ къухты хæсгæйæ ма тыххæйты нæхимæ бахæццæ дæн. Бонмæ хуыссæджы цъыртт нал федтон. Мæ цæстытыл уадысты æвирхъау нывтæ.

Цы федтон, уыдæттæ никæмæн схъæр кодтон, исчи мæ æрра куы схона, зæгъгæ. Фæлæ, дыууæ-æртæ мæйы рацыдаид, афтæ сæ мæ мадымадæн радзырдтон. Уый бахудт æмæ мын афтæ: «Ферох сæ кæн, сæ фыдбылыз сæхи уæд! Уыдон хæйрæджытæ уыдысты!»

*Радзырдта йæ Мерденты Ленæ, 76-аздзыд.*
*Ныффыста йæ Касаты Аллæ, Æрыдон, июль, 2006 аз*

* * *

Мæ фыдыфыд хохы царди. Иурайсом ацыд хъæдмæ хæрæгыл суг ласынмæ. Цыдис нарæг къахвæндагыл. Уыд фæззыгон уазал бон. Комы тарбын мигъ пъæззыйау ныббадти. Хъæдмæ куы бахæццæ, уæд сугтæ æрцæттæ кодта æмæ сæ цыбыр лыгтæй хæрæгыл сæвæрон, зæгъгæ, кæсы, æмæ хæрæг йæ бынаты нал ис. Аракæс-бакæс кодта, фæлæ никуы æмæ ницы, цыма хæрæг зæххы скъуыды ныххаудта. Агурын æй райдыдта. Кæсы, æмæ, суг кæм ракодта, уыцы ран арт судзы. Сæхи йæм тавынц цыдæр æнахуыр адæм: сæ сæртыл цы дыгай сыкъатæ зынд, уыдонæй рухс кæлы. Йæ

хæрæг дæр – уым. Цæуы сæм хæстæгæй-хæстæгдæр, фæлæ сæм нæ хæццæ кæны. Куы сæм æрбаввахс вæййы, уæд та адард вæййынц. Бамбæрста, нæ сæ баййафдзæн уый æмæ фæстæмæ раздæхт. Цæуы хъæумæ нарæг къахвæндагыл. Фæстæмæ фæкаст æмæ ауыдта, чидæр йæ фæдыл кæй цæуы. Куы æрбайсæфы, куы фæзыны. Фæтарст, фæлæ йæ цыды кой кæны. Тыххæйты сæхимæ бахæццæ æмæ хабар бинонтæн радзырдта.

Дыккаг бон йæ хистæр лæппуимæ ацыд, хъæды суг кæм ракодта, уырдæм. Кæсынц, æмæ сæ хæрæг сугты раз мардæй кæрдæгыл фæлдæхт, йæ цæстытæ – гом. Цы базонын ма хъуыд зæронд лæгæн, ацы «куыст» ын хæйрæджытæ кæй бакодтой, уый. Хъæдмæ-иу иунæгæй чи ацыд, уымæн исты фыдбылыз æнæ ракæнгæ нæ уыдысты.

*Радзырдта йæ Салæгаты Тазе, 77-аздзыд.*
*Ныффыста йæ Дзуццаты Амыран,*
*Дыгургом, сентябрь, 1995 аз*

* * *

Раздæр мах Хъобаны цардыстæм. Фæлæ, быдыры хæхты цæрджытæн зæххытæ дæттын куы райдыдтой, уæд Фарныхъæумæ ралыгъдыстæм. Ацардыстæм дзы цалдæр азы. Фæлæ ам æз æмæ мæ кæстæртæ рынчынтæ кодтам, тæфсæг-иу ныл бахæцыд æмæ нæ бинонтæ фæстæмæ Хъобанмæ алыгъдысты. Уый уыд 1932 азы.

Мæнмæ Хъобан Фарныхъæуæй хуыздæр каст. Райсомæй-иу тыргъæй хæхтæм куы акастæн, уæд сæ уындæй зæрдæ рухс кодта. Иу сæумæрайсом дын кæсын, æмæ уæртæ Фыййæутты лæгæтмæ хæстæг иу къæдзæхы бын судзы арт. Йæ алыварс чидæртæ рауай-бауай кæнынц. Бауадтæн уатмæ æмæ мæ фыдыфсымæры усмæ фæдзырдтон, дæлæ уый къæдзæхы бын цавæр арт у, зæгъгæ. Уый мын загъта: «Уыдон æнæзæгъинæгтæ сты, ма сæм кæс. Сæ фыдбылыз сæхирдыгæй фæуæд!»

Уыцы хабарыл къуыри рацыдаид, афтæ нæ родтæ хизæнæй не ʻрцыдысты, æмæ сæ мæ фыдыфсымæры чызг Заретæимæ агурæг ацыдыстæм. Хуыцауы Дзуары кувæндон кæм ис, уыцы къуыбырмæ куы бахæццæ стæм, уæд кæсæм, æмæ арт судзы. Йæ алыварс симынц чызджытæ æмæ лæппутæ. Уый цы у, зæгъгæ, Заретæйы куы афарстон

(уый мæнæй бирæ хистæр уыд), уæд мын афтæ: «Мæ фæдыл фæстæмæ тъæбæртт кæн, уыдон хæйрæджытæ сты».

Мæ мадæй та ахæм хабар фехъуыстон. Биджелты Ахболат уыд хъæуы рæгъаугæс. Фос хызта Къæйты æрдузы, æмæ, дам æй изæрыгон хæйрæг фæсайдта. Бацыдис æм галы хуызы æмæ йын фæстæрдыгæй йе уæхсчытыл йæ дыууæ хъулон къахы авæрдта. Лæг æм цуанон топпимæ куы фæзылд, уæд хæйрæг æрбадæлдзæх.

Уыйадыл лæг хъæумæ нал æрцыд. Кæд искуы къæдзæхæй рахауд гъе та йæ исчи кæд амардта (уæд абырджытæ арæх уыдысты), зæгъгæ, адæм рæгъаугæсы агурæг ацыдысты. Бирæ фæрацагур-бацагур кодтой, стæй йæ фæстагмæ ссардтой, йæ зонд фæцыди, афтæмæй. Уый фæстæ ма цалдæр мæйы ацард æмæ амард. Хæйрæджытæ, дам ын ахæм тæрхон рахастой.

*Радзырдта йæ Хъаныхъуаты Евгеня, 72-аздзыд.*
*Ныффыста йæ Дзуццаты Амыран,*
*Хъобан, август, 1994 аз*



# МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► ***12 июлы*** Дзæуджыхъæуы Уалдзыгон уынджы клиникæ «Здоровье»-йы кæрты байгом кодтой дохтыр-хирург, профессор, æфсæддон-быдырон хирургийы æмæ анестезийы уæрæсейаг скъолаты бындурæвæрæг Николай Пироговы бюст. 1847 азы зындгонд хирург ссыд Кавказмæ. Фæндыдис æй, цы ног операцион методтыл бакуыста, уыдон быдырон уавæрты сбæлвырд кæнын. Хирургæй куыста Дзæуджыхъæуы фидары. Цыртдзæвæны автор – скульптор Хайты Ибрагим.

► ***15 июлы*** йæ цардæй ахицæн зындгонд паддзахадон архайæг, РЦИ-Аланийы æмæ Хуссар Ирыстоны сгуыхт юрист, Цæгат Ирыстоны дыккаг, æртыккаг, цыппæрæм æмæ фæндзæм равзæрст Парламенты депутат, Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Конституцийы автортæй иу, Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты юридикон факультеты паддзахады æмæ барады историйы кафедрæйы сæргълæууæг профессор Къесаты Мæхæмæты фырт Станислав. 16 июлы йыл сæххæст уыдаид 75 азы.

► ***22 июлы*** Национ наукон чиныгдоны уыд зындгонд театралон архайæг, актер, режиссер, драматург, тæлмацгæнæг, Уæрæсейы сгуыхт æмæ Цæгат Ирыстоны адæмон артист Цæлыккаты Мæирбеджы мысæн изæр. Курдиатджын режиссер стыр æвæрæн бахаста Цæгат Ирыстоны театралон аивадмæ. Театры сценæйы снывæста 150 фæлгонцæй фылдæр. Мадзал баст уыд Тæбæхсæуты Балойы номыл ирон академион театры 90 азы юбилеимæ.

► Сырх-Дыгур æртыккаг хатт хаст æрцыд Уæрæсейы рекордты чиныгмæ – ам ныртæккæ цæры, 90 азæй фылдæр кæуыл цæуы, 17 ахæм адæймаджы. Сырх-Дыгур у, æнтыстдзинæдты хыгъды æртæ хатты фыст чи æрцыд, Уæрæсейы иунæг ахæм хъæу. Фыццаг хатт Рекордты чиныгмæ бахауд 2020 азы.

*Переводчик* А. В. ЗОЛОЕВ
*Корректор* А. К. КАРГАЕВА
*Дизайн, верстка* А. А. ГАБИСОВ

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ «МАХ ДУГ»

Главный редактор: ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Северная Осетия-Алания.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций Республики Северная Осетия-Алания
Адрес учредителя: 362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2, офис 202

Порядковый номер выпуска: № 8. 2025 г.
Подписано в печать 07.08.2025 г. Выход в свет: 15.08.2025 г.
Индекс: 732447. Тираж 1000 экз. Заказ № 337. Цена свободная

Формат 60х90 1/16. Бум. офсет. № 80 г./м$^2$. Вклейка 1 печ. л. мелованная

Гарнитура шрифта Times New Iron
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14, 88

Адрес редакции и издателя: 362008, г. Владикавказ, пр. Коста, 11
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47

Адрес типографии: ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

Равдысты къамтæ ист æрцыдысты Геджемты бинонты æвæрæнтæй

## Дунеон литературон преми
## «БУЛÆМÆРГЪ»
## гом кæны йæ 9-æм афон!




Республикæ Хуссар Ирыстоны минæварад Уæрæсейы Федерацийы æмæ Дунеон литературон преми «Булæмæргъ»-ы совет хъусын кæнынц, 2025 азы 9-æм афоны кандидатты æвзарын кæй райдыдтой.

Премимæ бадæттæн ис романтæ, уацаутæ æмæ/кæнæ радзырдты æмбырдгæндтæ, æмдзæвгæты æмбырдгæндтæ, документалон прозæ, мысинæгтæ æмæ тæлмацтæ ирон кæнæ уырыссаг æвзагыл.

Сæйраг æргом здæхт цæудзæн Уæрæсейы æмæ Ирыстоны зындгонд адæмыл, историон цаутыл, абоны цардыл фыст уацмыстæм.

Конкурсы архайæн ис, 14 – 41 азы кæуыл цæуы, уыцы автортæн.

Бæлвырддæр æрмæг – премийы сайтыл:
https://bulaemaerg.ru/#news

Премимæ уацмыстæ бадæттæн ис 30 октябрьмæ ахæм электронон адрисыл: minavarad@mail.ru (фæнысан кæнын: «Литературная премия»).

Уæ фарстытæн уын дзуапп ратдзысты ахæм телефонæй: +7 (495) 644-27-57 кæнæ амынд электронон адрисæй




Индекс 73247
12+